kemudian Panembahan agung
sudah naik perahu.

Didampingi para punggawa
di Madura semua
sudah mengembangkan layar-
nya
gemuruh prajuritnya
berlayar semua
lebih menarik bila dilihat
terbentang di tengah samudera.

7. Sakeber memberi surat kepada
Gubernur Semarang, karena
perintah bab permintaan
Pangeran Patih, akhirnya
Gubernur tidak mau memberi
pertolongan.

Begitu sang Raja
Sakeber berjalan
dipercepat jalannya
tidak diceritakan jalannya
lama kalau diceritakan
diceritakan setelah tiba
negara Surapringga.

wang
tumunten nusula age
kandhega ing Prabalingga
panggiha Pasedhahan
pan anganti dutaningsun
kawula ngaturi priksa.

Sigra bubar sri Bupati
pan sami nitih turangga
bupati angiring kabeh
kang sami alampah dharat
sadaya nitih kuda
nulya Panembahan agung
pan sampun nitih baita.

Tanapi punggawa mantri
ing Madura pan sadaya
wus sami babar layare
gumuruh kang wadya bala
samyak layar sadaya
langkung asri yen dinulu
gelas satengah samodra.

7. Sakeber ngaturi serta dhateng
Guprenur Semarang, ngatas
dhawuhing bab panuwunipun
Pangeran Patih, wus na
Guprenur boten karsa paring
pitulungan.

Mangkana sri narapati
Sakeber ing lampahira
sasanderan ing lampahira
tan kocapa lampahira
dangu lamun winarna
kocapa pan sampun rawuh
pan nagari Surapringga.

Sifat dan watak Kumpeni
kalau mempunyai kehendak
kalau ada pekerjaan penting
sesungguhnya tidak lama
segera mengutus
memberi surat kepada sang Raja
Gubernur Jenderal Semarang.

Segera cepat berjalan
tadi yang diutus
seraya membawa suratnya
tidak diceritakan di jalan
jalannya utusan
diceritakan sang Prabu
sang Raja di Semarang.

Sebutan sang Bupati
yang berdiri di Semarang
yaitu Pembesar Semberek
pemimpin permusuhan
tanah Jawa semua
dipercaya sang Prabu
Gubernur di Batavia.

Yang menguasai Kumpeni
juga sudah diberi
semua barangnya
yang berwenang membunuh
punggawa yang berdosa
berwenang mengganti Tumeng-
gung
berwenang menjadi bupati.

Menjadi patihnya sang Raja
yang menjadi sekat Jawa
yang menjadi pemimpin
Ki Dipati di Semarang
sudah berhasil

*Watek wantuning Kumpeni
lamun adarbe ing karsa
yen ana karya gagatos
sayektine tan antara
sigra wau putusan
atur surat mring sang Prabu
Guprenur Jendral Semarang.*

*Sigra lumampah tan aris
wau kang punang utusan
sarta mundhi nawalane
tan kocapa aneng marga
lampahireng utusan
kocapa wau sang
sri narendra ing Semarang.*

*Jujuluke sri Bupati
kang jumeneng ing Semarang
anenggih Deler Semberek
wadanane parangmuka
tanah Jawa sadaya
den pracayani sang Prabu
durnadur ing Batawiyah.*

*Amisesa mring Kumpeni
iya wus sinungan muwah
dening sakalir barange
pan wenang amatenana
punggawa kang dodosan
awenang nghungsur Tumeng-
gung
wenang akarya bupati.*

*Papatihe sri Bupati
kang dados warana Jawa
pan kinarya wadanane
Ki Dipati ing Semarang
yata sampun abuwah*

dengan sebutan
Ki Suta Adimenggala.

Lebih berguna sebagai alat
Ki Dipati di Semarang
lebih tebal dari pada sang Raja
sekehendak sang Raja
Adipati yang diterima
yang bisa menjadi hamba ratu
Ki Sura Adimenggala.

Tetapi sewaktu nanti
Gubernur sedang menghadap
punggawa Kumpeni semua
Kapten dan Komandan
itu prajurit asing
Jaksa Piskal namanya
menghadap bersama kepada
sang Raja.

Yaitu gedung Kumpeni
yang memerintah mengumpul-
kan kekayaan
semua yang bernama petor
semua datang bersama
diberi mantra lebaiu
dukun yang berdukun besar
tinggi harganya para pendeta.

Sekretaris juru tulis
Letnan yang juga demang
semua sudah berjajar
berada di depan sang Raja
lengkap para mentri
yang suka minum
ada anggur dan arak.

Ramai bersuka ria semua

*anenggih jujulukipun
Ki Suta Adimenggala.*

*Kalangkung guna miranti
Ki Dipati ing Semarang
langkung kandel mring sang
katong
sakarsane sri narendra
Dipati kang atempa
waged angawula ratu
Ki Sura Adimenggala.*

*Aning kalanira mangkin
Guprenur lagya sineba
punggawa Kumpeni kabeh
Kapitan lawan kumendhan
iku prajurit sabrang
Jaksa Piskal aranipun
samyak sema mring sang nata.*

*Anenggih gedhong Kumpeni
kang parentah raja brana
sagunge kang nama petor
sadaya samya aseba
dumeni modinira
mestri kang dhudhukun agung
sak riba para pandhita.*

*Sekretaris juru tulis
litnane kang para demang
sadaya pan sampun andher
munggeng ngarsane sang nata
pepak para nayaka
pan sami suka anginum
weneh anggur lawan arak.*

Arame kasukan sami

banyak pembesar Kumpeni
orang seribu satu hati
rukun dalam berteman
dilihat rupanya
perkasa dan tampan-tampan
semua masih muda belia.

Tidak lama bersuka ria
mendadak datang utusan
yang dari Surapringga
serta membawa surat
dua pesuruh
semua maju menyembah
kembali diutus tuan
gusti kepada abdi
tetapi Sakeber yang jaga di
Surapringga

Ini suratnya
diserahkan kepada sang
segera diterima
seraya berkata manis
apa berita di luar
kecuali suratnya
berita di Surabaya
saya kira lebih penting
berkata tidak ada di luar surat.

Sang Raja tadi
selalu memandang dan me-
ngerling
kepada yang diutus
Ki Pesuruh sangat takut
sang Raja sudah duduk
segera dibuka suratnya

wong agung Kumpeni kathah
wong sewu tunggal manahé
atut denny akakancan
dinulu warnanira
prakosa abagus-bagus
sadayá maksih nom-noman.

SINOM

Tan adangu akasukan
kasaru utusan prapti
kang saking ing Surapringga
sarwi amundhi kang tulis
yata upas kakalih
sami majeng awot santun
ambali ngutus tuan
gusti dhateng ingkang abdi
pun Sakeber kang jagi ing
Surapringga.

Punika kang punang surat
katura padanira ji
sigra wau tinampunan
sarya angandika manis
apa wartanng jawi
kang kajaba suratipun
wartos ing Surabaya
sun duga langkung agati
yata matur tan wonten jawining
surat.

Yata wau sri narendra
tansah amandeng angliring
dhateng kang punang utusan
Ki Upas kalangkung ajrih
sang nata wus alinggih
dyan binuka suratipun

dirasakan dalam hati
diduga isi suratnya
begini bunyi suratnya.

Ini surat saya
serahkan kepada sang Bupati
sang Prabu Deler Semarang
isinya surat
saya beri tahu
kepada sang Prabu
yaitu ada kesatria
musuh lebih kuat
pokonya sang Prabu Belam-
bangan.

Ibu kota kerajaan dihancurkan
oleh Raja Bali
yang mempunyai perangkap
yaitu saudaranya pribadi
bernama Wong Agung Wilis
yaitu yang merebut
yang akhirnya pergi
yang bernama Pangeran Patih
mengungsi minta pertolongan
tuan.

Tamat isinya surat
sang Prabu kemudian menulis
agaknyanya seperti terlalu
tidak bisa terucap di bibir
kalau berkata dalam hati
menjadi marahnya Gubernur
ucapannya orang Jawa
memburu yang kecil kehilangan
yang besar
tanah Jawa belum rata semua.

*sinuksma ing wardaya
kaduga semuning tulis
sapunika ungele kang punang
surat.*

*Punika surat kawula
katura ing sri Bupati
sang Prabu Deler Semarang
wiyosipun ingkang tulis
amba atur udani
dhateng gusti sang aprabu
nenggih wonten satriya
parangmuka adiluwih
Wiyosipun sang aprabu Balam-
bangan.*

*Dhapur kithane binedhah
dhateng sang prabu ing Bali
ingkang adarbe wisaya
nenggih kadange pribadi
nama Wong Agung Wilis
pan punika ingkang ngrebut
wusanane ajengkar
kang nama Pangeran Patih
pan angungsi anuhun pitulung
tuan.*

*Tamat sasmitaning surat
sang Prabu nulya nunulis
semune duk kalintang
datan kawedal ing lathi
yen ngucapa ing ati
mendah dukane Gurnadur
pocapane wong Jawa
buru ceng kelangan tagih
tanah Jawa pan durung rata
sadayu.*

Yang menjadi isi surat
segera cepat serahkan
kepada utusan Surapringga
sudah diusir segera
kemudian segera berjalan
bersama
siang malam berjalan
tidak diceritakan di jalan
lamanya di lautan
sudah sampai di loji Sura-
pringga.

Sakeber sudah melihat
utusannya yang baru datang
Sakeber suka hatinya
berkata dalam hati
pantas mendapat pekerjaan
padahal cepat jalannya
diambilnya suratnya
dibuka surat sang Raja
ketika dibaca dimasukkan
dalam hati.

Sudah selesai surat dibaca
topinya cepat-cepat dibanting
seraya dengan terbahak-bahak
ludahnya tiada henti
kemudian utusan cepat
lapor kepada Panembahan
Agung
sesampainya di Madura
diserahkan suratnya
Panembahan sangat kecewa.

Setibanya utusan
yang dari Madura tadi
Sakeber kemudian menulis

*Wus dadi kang punang surat
yata pinaringken aglis
mring duta ing Surapringga
yata wus tinundhung aglis
nulya samya lumaris
rahinten dalu lumaku
tan kocapa ing marga
lamine dhateng jaladri
sampun prapta ing loji Sura-
pringga.*

*Sakeber sampun tuminggal
dutane kang lagya prapti
Sakeber suka kang manah
amicareng jroning ati
patut angsala kardi
dene enggal lakunipun
pinundhut kang nawala
binuka layang narpati
duk winaca simuksmeng sajro-
ning nala.*

*Wus tamat surat wacana
topine binanting aglis
pan sarwi ariyak-riyak
idune boya lereni
nulya utusan aglis
matur Panembahan Agung
sapraptane Madura
katur wiraosing tulis
Panembahan gegetunira kalin-
tang.*

*Sapraptaning dutanira
kang saking Madura nguni
Sakeber nulya nunurat*

sudah jadi suratnya
sudah diberikan segera
kepada pesuruh yang berjalan
cepat kamu jalan
berikan surat saya
kepada Komandan Kobis di
Pasuruhan.

Kemudian sudah berjalan
suratnya selalu dibawa
jalannya cepat sekali
tidak diceritakan di jalan
lamanya berjalan
diceritakan sudah tiba
Negara Pasuruhan
utusan masuk loji
segera surat diberikan kepada
Komandan.

Sudah dibuka suratnya
oleh Komandan Kobis
sudah selesai surat dibaca
tidak dekat Komandan Kobis
dasar pertapa
seperti Cina kemasukan pencuri
kemudian dia menghadap
Tumenggung Nitinagara
yang memangku Negara
Surabaya.

Tidak lama utusan
Ki Tumenggung sudah datang
kemudian sudah duduk
berjajar Komandan Kobis
dia berkata pelan
Komandan berkata manis
Tumenggung Nitipraja
makanya saya beri tahu

*wus dados kang punang tulis
wus pinaringken aglis
maring upas kang lumaku
lah sira lumakuwa
paringena surat mami
mring Kumendan Kobis aneng
Pasuruan.*

*Yata wau wus lumampah
surate tansah cinangking
lampahira sasanderan
tan kocapasireng margi
dangunira lumaris
kocapa pan sampun rawuh
nagari Pasuruhan
sang duta manjing ing loji
siga katur nawala dhateng
Kumendhan.*

*Wus binuka kang nawala
mring sira Kumendhan Kobis
wus tamat surat wacana
tan celak Kumendhan Kobis
wus dhasare areci
lir cina kalebon pandung
nulya sira ngatunran
Tumenggung Nitinagari
kang amengku nagari ing
Surabaya.*

*Tan adangu kang utusan
Ki Tumenggung sampun prapti
yata wau wus alenggah
ajajar Kumendhan Kobis
yata ngandika aris
Kumendhan wacana arum
Tumenggung Nitipraja
marmane kula aturi*

ini ada surat dari raja.

Isi dari surat
janji Pangeran Patih
tidak juga diterima
janjinya kepada Kumpeni
dia Kumpeni
dikatakan mengusir
dari tanah Jawa
kemauannya dia mengungsi
ini bunyi surat sang Raja.

Perintah sang Raja
saya disuruh berjalan
jalan ke Prabalingga
mengusir Pangeran Patih
saudara pantas
kamu ikut berjalan
saya kemudian berjalan
mengusir Pangeran Patih
yang mondok di Negara Praba-
lingga.

Tumenggung Nitinagara
katanya manis
terserah kehendak tuan
saya ikut berjalan
segera berdandan semua
semua prajurit
hanya mantri Pasuruhan
sudah disuruh berdandan semua
segera bubar sang Raja Koman-
dan Kobis.

Tumenggung Nitinagara
sudah bubar berjalan
tujuannya ke Prabalingga

*pan punika wonten surating
narendra.*

*Wiraose ingkang serat
setyane Pangeran Patih
boten uga katarima
setyane dhateng Kumpeni
andikane Kumpeni
dipun dikakaken mundhung
saking ing tanah Jawa
sakarsane dennya ngungsi
sapunika ungele serat narendra.*

*Timbalane sri narendra
kawula kinen lumaris
lumampah mring Prabalingga
anundhung Pangeran Patih
sudara lah suwawi
andika tumut lumaku
kula nunten lumampah
anundhung mondhoek pa Nagari
Prabalingga.*

*Tumenggung Nitinagara
ature wacana manis
sumangga karsane tuan
kawula tumut humaris
sigra adandan sami
sabalane saradhadhu
mung mantri Pasuruhan
wus kinen dandana sami
sigra bubar sang nata Kobis
Kumendhan.*

*Tumenggung Nitinagara
yata wus bubar lumaris
sedyane mring Prabalingga*

diiringi prajurit dan mantri
juga semua prajurit Kumpeni
prajuritnya berada di depan
tidak bisa diceritakan
jalannya Komandan Kobis
sudah sampai di Prabalingga.

Diceritakan orang Prabalingga
ribut rakyat kecil
Ngabei Jayalalana
menjemput di luar pintu
yaitu Komandan Kobis
dengan Ki Tumenggung
kemudian masuk kerajaan
duduk bersama
pada pertemuan berjajar pra-
jurit.

Komandan berkata pelan
katanya halus dan manis
Ngabei Jayalalana
yang bernama Pangeran Patih
cepat beri tahu
datang ke hadapan saya
kemudian berjalan
memberi tahu Pangeran Patih
sang Raja yang memangku Be-
lambangan.

Tidak lama sudah datang
di hadapan Pangeran Patih
punggawa di Prabalingga
kemudian berkata halus
saya mendekati Gusti
saya hanya diutus
memberi tahu paduka
kehendak Komandan Kobis

*ingiring kang bala mantri
muwah wadya Kumpeni
sura dhadhu aneng ngayun
yata datan kawarna
lampahe Kumendhan Kobis
pan kacatur wus prapta ing
Prabalingga.*

*Kocapa wong Prabalingga
busekan kang wedya alit
Ngabehe Jayalalana
amethuk jawining kori
yata Kumendhan Kobis
muwah wau Ki Tumenggung
lajeng malebeng pura
pra samya tata alinggih
ing pasowan andher bala
pasowanan.*

*Kumendhan aris amojar
uwuse arum amanis
Ngabehe Jayalalana
kang aran Pangeran Patih
aturana den aglis
tumeka angarsaningsun
yata sampun lumampah
ngaturi Pangeran Patih
sri narendra kang amangku Ba-
lambangan.*

*Tan adangu sampun prapta
ngarsane Pangeran Patih
punggawa ing Prabalingga
tumulya umatur aris
amba marek ing gusti
dhapur kawula ingutus
angaturi paduka
karsane Kumendhan Kobis*

dengan Tumenggung
Nitinagara.

Tidak lama sudah berjalan
Sang Prabu Pangeran Patih
diiringi prajuritnya
didampingi putra patih
tulupnya tidak ketinggalan
yang bernama Kyai Panglipur
azimat Belambangan
maunya tidak boleh ketinggalan
tidak diceritakan sudah datang
di hadapan Komandan.

Komandan segera berkata
saudara Pangeran Patih
kalau jalan saya
disuruh oleh Kumpeni
disuruh memberikan surat
kepada saudara tuan
kemudian diterima
surat dari Kumpeni
ketika dibaca dirasakan dalam
hati.

Sudah selesai suratnya
Komandan kemudian berkata
saudara saya Pangeran
jangan marah pada saya
saya hanya sekedar
mengemban perintah raja
karena hati saya
melihat Pangeran Patih
seperti ditarik rasanya hati
saya.

Perintah sang Raja
yang memerintah saya

*akaliyan Tumenggung
Nitinagara.*

*Tan adangu wus lumampah
Sang Prabu Pangeran Patih
ingiring kang wadyabala
tanapi kang putra patih
tulupe datan kari
kang aran Kyahi Panglipur
wasiat Balambangan
marmane tan kena kari
tan kawarna wus prapteng
ngarsa Kumendhan.*

*Kumendhan sigra angucap
sudara Pangeran Patih
ten dening lampah kawula
ingutus dening Kumpeni
kinen ngaturi tulis
dhateng sudara pukulan
tumulya tinampanan
nawala saking Kumpeni
duk winaca sinuksmeng sajro-
ning nala.*

*Sampun tamat ingkang surat
Kumendhan tumulya angling
sudaraningsun Pangeran
sampun duka maring mami
kawula mapan darmi
angemban timbalan prabu
witning manah kawula
ningali Pangeran Patih
lir sinendhal raosing manah
kawula.*

*Timbalane sri narendra
kang dhawuh mring awak mami*

perkara jalan saya
mengungsi Prabu Kumpeni
tidak mau menerima
rahasianya kamu diusir
tidak mau di tempati
pangeran tuan mengungsi
kalau mampu kemudian tuan
pergi.

Sesuka hati tuan
yang mana tuan mengungsi
mengungsilah ke tanah seberang
sungguh diizinkan
bubarlah hari ini
tidak boleh janji besuk
dan lagi sang Raja
menginginkan budak perempuan
kepada saudara di Belambangan.

Pangeran di Belambangan
katanya belas kasihan
terserah perintah tuan
saya tinggal menjalankan
saya sekedar
bangkai seumpamanya
buanglah di hutan
saya sanggup menjalani
segera mundur sang Prabu
Belambangan.

Sudah sampai di pesanggrahan
yaitu Pangeran Patih
tadi berkata
Sutajiwa anak saya
datanglah kepada Kumpeni
berikan anak saya
perempuan semua

*prakawis lampah andika
angungsi Prabu Kumpeni
datan purun atampi
wadining dika tinundhung
datan purun kanggenan
pangeran andika ngungsi
yen sembada tumulya andika
kesah.*

*Sasenenge manah tuan
kan pundi andika ungsi
ngungsiya ing tanah sabrang
sayekti dipun lilani
bubara dina mangkin
tan kena semaya besuk
lawan malih sang nata
amundhut budhak pawestri
maring dika sudara ing
Balambangan.*

*Pangeran ing Balambangan
ature amelas asih
sumangga parentah tuan
kawula dhateng nglampahi
raga kula sadremi
babathang upaminipun
kabucala ing wana
kawula dhateng nglampahi
sigra mundur sang Prabu
Balambangan.*

*Wus prapta ing pasanggrahan
anenggih Pangeran Patih
yata wau angandika
Sutajiwa anak mami
sebaa mring Kumpeni
aturena bocah ing sun
padha wadon sadaya*

tujuh tidak ada yang ketinggalan dan lagi anakmu serahkan.

Sudah berdandan semua
semua anak perempuan
yang sudah diserahkan kepada
Komandan
sepuluh anak perempuan
menjadi suka hatinya
Komandan segera mundur
pulang ke Pasuruhan
Tumenggung Nitinagara
sudah bubar pulang ke Pasu-
ruhan.

Tidak diceritakan dia di jalan
jalannya Komandan Kobis
Pangeran Belambangan
lebih belas kasihan
tadi memanggil
semua punggawanya
juga prajuritnya sudah
lengkap di depan
kemudian dibaca surat dari
raja.

Ini bunyi suratnya
surat raja Kumpeni
datanglah saudara
yang bernama Pangeran Patih
isi suratnya
anda minta pertolongan
mengungsi kepada saya
sang Raja sangat menyetujui
sesungguhnya janjimu tidak
diterima.

Sudah coba menolong

*pitu tan ana kang kari
lawan malih bocahira aturena.*

*Yata wus sami adandan
sabaya bocah pawestri
pan sampun katur Kumendhan*

*sadasa bocah pawestri
yata suka kang galih
Kumendhan sigra amundur
kondur mring Pasuruhan
Tumenggung Nitinagari
sampun bubar kondur dhateng
Pasuruhan.*

*Tan kocapa sireng marga
lampahé Kumendhan Kobis
Pangeran ing Balambangan
kalangkung amelas asih
yata wau nimbali
sagunge sentananipun
muwah kang wadyabala
wus pepak mungging ing ngarsi
dyan winaca nawala saking na-
rendra.*

*Punika ungeling surat
layange raja Kumpeni
dhuh dhatenga kang sudara
kang sama Pangeran Patih
wiyose ingkang tulis
andika nedha pitulung
angungsi mring kawula
sang nata dhahat jurungi
sayektie setyandika tan
katampan.*

Sampun cacak anulunga

kalau mau menolong
walaupun ditempati
yang bernama bumi Kumpeni
saya tidak berani
ditempati badannya
sungguh tuan pergi
sesuka anda pribadi
asal jangan mengingat bumi
saya.

Sudah tamat suratnya
seperti ditarik hatinya
seperti ditarik nyawanya
merasa tidak punya gairah hi-
dup
terjungkal di tanah
menyembah pulang pusing
Pangeran Belambangan
menangis dalam hati
aduh Dewa takdir badan saya.

Dewa berilah jalan
sebab saya berusaha
mengungsilah ke Mataram
diperintah oleh Kumpeni
lebih baik mati
kalau tidak mendapat per-
tolongan
hidup menanggung malu
duh Dewa lenyapkan
saya menangislah sang Raja
sambil berkata.

Anak saya Sutajiwa
marilah mengungsi bersama
marilah berlari
kalau ada yang mau

*yen puruna anulungi
sanadyan tan kanggenana
kang nama bumi Kumpeni
kawula datan wani
kanggenana raganipun
yekti andika kasih
sasuka dika pribadi
asal aja angambah bumi
kawula.*

*Dupi tamat ingkang surat
lir sinendhal ingkang galih
lir sinendhal suksmanira
angraos tan darbe uritp
anjungkel aneng siti
sumungkem apulang ngelu
Pangeran Balambangan
amularsa jroning ati
adhuh dewa pasthene raga
kawula.*

*Lah Dewa asunga marga
paraningsun gening ngudi
angungsiya mring Mataram
kaparentah mring Kumpeni
luhung tumekeng pati
yen tan angkala pitulung
urip dadawa wirang
dhuh Dewa larutan mami
yata mular sang nata sarya
ngandika.*

*Anakingsun Sutajiwa
lah payo padha angungsi
lah payo maring kumajar
manawa ana kang sudi*

segera bubar kemudian
menangis sambil berjalan
sepanjang jalan menangis
para istri menangis
Sutajiwa sepanjang jalan me-
nangis.

Istrinya ada di depan
dengan putranya putri
yang mengasuh tidak jauh
mengemban perintah raja
sambil menangis
aduh Gusti Dewa saya
lebih baik mati perang
tidak menanggung malu
mati meringkus siapa yang rela.

Permaisuri semua menangis
bernama Dewi Nawangsasi
sangat kasihan
dilihat seperti orang me-
nyeruling
sangat terlalu
dianiaya ratu agung
prajurit tanah Jawa
tidak mau menolong saya
kalau menolong saya ikuti tiga
bulan.

Siapa yang mau menolong
besuk kepada suami saya
saya belajar menjadi orang
memang saya mampu menolong
mampu menanam nasi dan
menenun
apalagi pernah mengantih kapas
menganyam renda juga bisa

*sigra bubar tumuli
anangis sarya lumaku
sadalan-dalan mular
para garwa padha nangis
Sutajiwa sadalan-dalan
amular.*

*Inggang garwa aneng ngarsa
kalawan kang putra estri
among esthi tan atebah
angemban kang raja peni
yata sarwi anangis
adhuh Gusti Dewaningsun
angur matiya aprang
nora andadawa isin
mati ngringkesa pa baya kang
narima.*

*Prameswari samya mular
aran Dewi Nawangsasi
langkung dening amlas arsa
pinirsa kadya wong nyuling
dening kalimat luwih
kaniaya ratu agung
prajurit tanah Jawa
tan arsa tulung wak mami
yen tulunga sun ngengeri
tigang wulan.*

*Sapa baya kang tulunga
bejang maring laki mami
sun sinahu amawongan
mapan ingsun sarya bangkit
adang lan nenun bangkit
ngantih kapas mapan tau
nyongket bisa awak mami*

mungkin ada yang sanggup menolongnya.

Kalau dikatakan tingkahnya hati Pangeran Patih lebih lesu hatinya tidak ada tinggal semenir seperti apa sang Prabu seperti ikan masuk bubu maju jatuh pada piring yang sudah ada lauknya mundur mati kena jeruji janjinya sudah dipasang janji kepada dewa.

Tidak diceritakan di jalan jalannya Pangeran Patih sudah sampai kota Lumajang menuju pertemuan di luar duduk di bawah pohon beringin para perempuan berada di depan juga para prajurit berjajar di bawah beringin tidak lama disambut gagak putih.

8. Pangeran Patih mengungsi ke Lumajang, akhirnya setelah dipanggil ke Manguwi kemudian dibunuh.

Diceritakan tadi gagak putih sudah hinggap di dahan di atas beringin besar bunyinya seperti melonglong

sok anaa kang sanggup apitlunga.

Yen ucapen tingkahira galihe Pangeran Patih kalangkung anglesa sing manah tan ana kari samenir sayokaning narpati mina yuka lebeg wuwu maju tibeng rampadan

mundur mati keneng ruji wus janjine pinasang janjining dewa.

Tan kawarna ing marga lampahe Pangeran Patih wus prapta kitha Lumajang anjujug pasowan jawi linggih ngandhap waringin para wadon mungging ngayun muwah kang wadya bala aglar neng ngisor waringin tan antara sunambrama dhandhan pethak.

8. Pangeran Patih ngungsi dhateng Lumajang, wusana sasampunipun katimbalan dhateng Manguwi lajeng dipun pejahi.

DHANDHANGGULA

Kawarnaa wau dhandhang putih sampun mencok sira mungging epang ing luhur waringin gedhe ungele kadya ngalup

agaknye sang Gagak Putih
kalau berkata seperti manusia
berkata kepada sang Raja
aduh Gusti Pangeran
sudah pulang karena menemui
halangan
mundur lagi sengsara.

Sesungguhnya Gusti sudah
takdir
kalau mendapat kesengsaraan
salahlah kekuasaannya
malah sampai mati
dengan saudara sang Raja
tidak bisa disembunyikan
perintah Hyang Agung
tidak bisa diberi syarat
sudah takdir yang Maha Kuasa
kepada Paduka Raja.

Tetapi Gusti sekedar menjalani
menjadi awal mula penyebab
sakit
kalau ada yang menemui nanti
besuk sepeninggalnya
Gusti Pangeran Patih
pasti di Belambangan
menjadi hutan lebat
tumpasnya orang Belambangan
ketika dulu ganti raja
bukan bangsa paduka.

Sudah hilang gagak putih
segera Tumenggung berlari

*semunira sang Dhandhang
Putih
yen angucapa jalma
matur sang aprabu
aduh Gustiku Pengeran
sampun kondur satemah
manggih bilahi
mundur malih cintraka.*

*Sayaktine Gusti wus pinasthi
yen tinagih ing papa cintraka
sisipa turanggane
malah tumekeng lampus
lawan kadang warga narpati
tan kena singgahana
parentah Hyang Agung
tan kena sinaratana
wus pinasthi adiling suksma
linuwih
dhateng paduka nata.*

*Nanging Gusti darma
anglampahi
dados purwa jalaraning lara
pan wonten pinanggih tembe
benjang sapungkuripun
gustinipun Pangeran Patih
pasthi ing Balambangan
dadi alas agung
tumpesing wong Balambangan
duk samana malah asalin narpati
dede jinis paduka.*

*Sampun sirna ingkang dhan-
dhang putih
sigra wau tumenggung lumajar*

Raden Kartanagara gerakannya
sibuk
kedatangan Pangeran Patih
kemudian disuruh
masuk keraton
semua diberi tempat
puaslah hati Pangeran Patih
lebih dihormati.

Hentikan sang Bupati
yang bertempat di kota Luma-
jang
lebih berbelas kasihan
ganti yang diceritakan
sang Raja Manguwi
Gusti Agung Cokordha
keturunan bupati
sehari-hari bersuka ria
sang Raja Manguwi
raja yang lebih hebat.

Kalau siang mengadu taji
ayam jantan
kalau malam sering menonton
wayang
wayang purwa kesukaannya
meskipun banyak raja
tidak ada yang mau bertanding
kepada Gusti Cokordha
termasyhur keluhurannya
sangat mengasihi orang Islam
kalau ada orang Islam diberi
hidup dengan segalanya.

Keturunan Patih Majapahit
cicitnya Patih Gajah Mada

*Raden Kartanagara
polahipun abikut
kadhatengan Pangeran Patih
anulya ingaturan
malebeng kadhatun
sadaya sinungan prenah
yata marem galihe Pangeran
Patih
langkung sinuba-nuba.*

*Enengena wau sri Bupati
kang andunung kitha ing Lu-
majang
kalangkung melas asihe
ganti ingkang winuwus
sri narendra prabu Manguwi
Gusti Agung Cokordha
bupati piturun
sadina-dina kasukan
sri narendra sang nata prabu
Manguwi
langkung ratu birawa.*

*Lamun siang ngaben sawung
taji
lamun dalu asring riringgitan*

*ringgit purwa karemane
nadyan kathah aratu
datan ana purun atandhing
dhateng Gusti Cokordha
kasusra linuhung
kalangkung asih wong Selam
lamun ana wong Selam dipun
uripin dipun kathik sadaya.*

*Pan turune Patih Majapahit
buyutira Patih Gajah Mada*

yang akan memegang Manguwi
diturunkan Gusti Agung
makanya mengasihi orang Jawa
ingat kalau bangsanya
tadi Gusti Agung
termasyhur kuat pemberani
tanah Bali tidak ada yang
berani
kepada Gusti Cokordha.

Diceritakan baru menghadap
Gusti Agung pada pertemuan
yang dihadiri punggawa semua
kerabat kerajaan semua
di hadapan sang Raja
bupati Kaba-kaba
Gusti Murah Ketut
itu yang menjadi cikal bakal
yang berdiri di Negeri Lingga-
manik
dengan Ki Kutha Bedhah.

Dia masih saudara sang Raja
yang akan menduduki Belam-
bangan
Kutha Bedhah yang dikasihi
sudah ada di depan
di hadapan sang
sudah lengkap semua
mantri besar-besar
sang Raja kemudian berkata
saudara mantri jadikanlah
saya mantri
yang dari Belambangan.

Kutha Bedhah berkata sambil
menyembah

*kang bakal Manguwi reke
tumurun Gusti Agung
marmanira asih wong Jawi
emut kalamun bongsa
wau Gusti Agung
kasusra teguh prawira
tanah Bali ratune tan ana wani
dhateng Gusti Cokordha.*

*Kawarnaa apan lagya tinangkil
Gusti Agung munggend page-
laran
sineba punggawa kabeh
mantri santana agung
munggend ngarsanira narpati
bupati Kaba-kaba
Gusti Murah Ketut
punika binakal bakal
kang jumeneng nagari ing
Linggamanik
lawan Ki Kutha Bedha.*

*Pan kaprenah santana narpati
kang binadhe linggih Balam-
bangan
Kutha Bedhah kakasihe
yata wus aneng ngayun
ngarsanira narpati
sampun pepak sadaya
kang mantri gung agung
sang nata mulya ngandika
sanak mantri manira sungan
mantri
kang saking Balambangan.*

Kutha Bedhah matur awot sari

kalau saya mendengar berita
Pangeran Patih maksudnya
jalannya sudah cepat
akan mengungsi kepada
Kumpeni minta pertolongan
kepada Kumpeni Agung
abdi raja yang menjadi penunjuk
jalan
sudah datang memberi kabar
lebih waspada.

Kata si abdi tadi
tempat Raja Belambangan
di Prabalingga tujuannya
maka minta bantuan
yang diminta prajurit Kumpeni
dengan prajurit Madura
yang akan berjalan
menuju Negara Belambangan
diserahkan semua kepada Kum-
peni
maka Kumpeni tanggap.

Sang Bupati berkata
kepada Gusti Murah Kaba-kaba
adik Murah disuruh cepat
adik saya minta
mantri empat yang baik
yang dapat berbicara
yang patut saya utus
memanggil kepada Pangeran
Belambangan kalau nyata me-
ngungsi kepada Kumpeni
mesti menjadi pertengkaran.

Sampai di mana besuk ikutilah

*pan kawula amiarsa warta
Pangeran Patih wiyose
lampahipun wus laju
pan angungsi dhateng
Kumpeni anedha pitulungan
mring Kumpeni agung
abdi dalem kang macalang
sampun prapta punika asung
pawarti
langkung denny waspada.*

*Aturipun wahu ingkang abdi
enggenipun nateng Balambangan
ing Prabalinga jujuge
mila anendha bantu
kang sinedha wadya Kumpeni
lawan wadya Madura
kang arsa lumaku
pa Nagari Balambangan
sinrihaken sadaya dhateng
Kumpeni
mila Kumpeni tanggap.*

*Angandika wau sri Bupati
dhateng Gusti Murah Kaba-
kaba
yayi Murah dipun age
yayi ingsun amundhut
mantri papat ingkang abecik
ingkang waged micara
kang yogya ngong utus
animbali mring Pangeran
Balambangan yen nyata
ngungsi Kumpeni
pasthi dadi wisuna.*

Saparane benjang tuten wuri

dari belakang
 meskipun ganti mengungsi ke-
 pada Raja Jawa
 minta buruan saya sendiri
 di mana tempatnya saya minta
 apalagi mengungsi kepada
 Kumpeni
 saya tidak akan takut
 bertanding perang
 segera bubarkan
 biar cepat bubarkan sehari saja
 berkata Ki Kutha Bedhah.

Sesudahnya Kakak Suratani
 didampingi Kakak Perangalas
 serahkan kepada sang Raja
 ketiga Tambak Bayu
 yang baik menjadi pengiring
 dan bisa berbicara
 mengenal Wong Agung
 prajurit empat puluh
 yang akan berperang semua
 sudah siap
 menjadi delapan puluh orang.

Sang Bupati berkata
 bubarkan semua seandainya
 bisa cepat
 yang kedua supaya berhasil
 minta izin Ki Tambakbayu
 Perangalas Ki Suratani
 mengiring delapan puluh orang
 yang sudah berjalan
 prajurit dengan cekatan dan
 terampil berperang
 itu semua yang berani mati

*nadyan silih ngungsi ratu Jawa
 wong jaluk buronku dhewe
 saenggone ngong jaluk
 apadene ngungsi Kumpeni
 ing ngong mongsa wediya
 angaben prang pupuh
 nuli sira bubarena
 den agancang bubara sadina
 mungkin
 matur Ki Kutha Bedhah.*

*Sasampune Kakang Suratani
 atanapi Kakang Perangalas
 katura dhateng sang katong
 katiga Tambak Bayu
 kang prayoga dados pangirid
 lawan waged micara
 nepangi Wong Agung
 gulang-gulang kawandasa
 perang tandang sadaya sampun
 cumawis
 dados wong wolungdasa.*

*Angandika wau sri Bupati
 bubarena poma den agancang*

*kapindho den angsal gawe
 pamit Ki Tambakbayu
 Perangalas Ki Suratani
 ngiring wong wolungdasa
 pan sampun lumaku
 gulang-gulang perang tandang*

*pan sadaya punika kang wani
 mati*

sudah bubar semua.

Diceritakan yang datang
diceritakan jalannya yang di-
utus Ki Tambakbayu jalannya
dipercepat jalannya
sudah menyeberang laut kecil
perahu meluncur
penunjuk jalan yang tampan
tidak lama kemudian datang
di Lopangpang kemudian ke
negara
ke Kota Belambangan.

Sesampainya di negara
sudah datang kepada Ki Mas
Putra

Wong Agung Wilis tujuannya
kemudian masuk bersama
diceritakan Wong Agung Wilis
ada di dalam pura
bertemu duduk
kelihatan ada utusan
kemudian mendekat Ki Putra
Wong Agung Wilis
seraya menyuruh duduk.

Minta duduk bersama
jangan sampai Paman khawatir
seperti rumahnya sendiri
berkata Ki Tambakbayu
dengan Ni Suratani
dibawa di atas kepala
tanda kasih Wong Agung
gusti jalan saya
karena diutus kakak raja
Manguwi

sampun bubar sadaya.

*Tan kocapa wau kang tinangkal
kawarna alampahe kang duta
Ki Tambakbayu lampahe
sineru lampahipun
sampun nabrang sagara alit
baita lalancaran
pacalang abagus
tan adangu nulya prapta
ing Lopangpang wus lajeng
dhateng nagari
mring kitha Balambangan.*

*Sapraptane wau ing nagari
pan aseba dhateng Ki Mas
Putra*

*Wong Agung Wilis jujuge
yata sareng malebu
kawarnaa Wong Agung Wilis
wonten ing dalem pura
kapanggih alungguh.
tumingal wonten utusan
dyan tumedhak Ki Putra
Wong Agung Wilis
sarwi ngaturi lenggah.*

*Alah nedha pan sami alinggih
sampun ngangge Paman
walang driya
prasasat daleme dhewe
matur Ki Tambakbayu
akalihan Ni Suratani
kapundhi ing mastaka
pasihan Wong Agung
gusti ing lampah kawula
pan ingutus kang raka prabu
Manguwi*

memberi tahu Pangeran.

Setibanya disuruh ikut di
belakang
walaupun mengungsi ratu tanah
Jawa
mengungsilah kepada Kumpeni
besar
sungguh disuruh mendesak
tetapi diminta dengan jalan
yang baik
perintah sang Raja
kata yang memerintah
dan lagi katanya
dan tuan di sini disuruh mem-
beri
senjata delapan puluh.

Berkata manis kedengarannya
Ki Mas Putra kepada utusan
terserah kehendak raja
kemudian Wong Agung
sudah mengumpulkan prajurit
siap perang
kira-kira delapan puluh
kemudian sudah diserahkan
kemudian sudah kumpul semua
prajurit yang sudah siap perang
dengan senjata *tulup*. (Terbuat
dari bambu untuk melepas
panah atau batu kecil).

Sudah diserahkan oleh prajurit
bersama prajurit delapan puluh
yang membawa berita utusannya
Ki Tambakbayu

angaturi Pangeran.

*Saenggene kinen atut wuri
nadyan ngungsi ratu tanah
Jawa
ngungsia Kumpene gedhe
yekti kinen angesuk
pan tinedha sangkaning becik
timbalane narendra
nguni ingkang dhawuh
lan malih kang pangandikan
pan paduka ing ngriki kinen
ngantheni
gagaman wolungdasa.*

*Angandika delinge amanis
Ki Mas Putra dhateng punang
duta
sumongga karsane katong
yata sira Wong Agung
wus angerig kang sikep jurit
watara wolungdasa
tumulya wus katur
yata wus kumpul sadaya
gulang-gulang kang samya si-
kep ajurit
wau tulup sanjata.*

*Sampun katur ingkang wadya
alit
kang kinanthi wadya wolungdasa
dhateng sriwara dutane
yata Ki Tambakbayu*

kemudian pamit Wong Agung Wilis
gusti mohon izin saya
berebut jalan
kemudian bubar semua
berjejal-jejal tingkah prajurit
bersama orang yang pernah di
lakukan.

Sudah meninggalkan negaranya
dia sudah menginjak di pedesa-
an
tidak mengharap singgah jalan-
nya semakin cepat
sudah jauh dari negara
kira-kira tiga hari
olehnya berjalan
semua pedesaan
semua diterjang mereka pergi
mengungsi
dasar punya wewenang.

Dahulukan yang sedang ber-
jalan
ada lagi yang diceritakan
ada utusan disuruh
yaitu tujuh orang
utusannya sang Adipati
Tumenggung di Lumajang
yang menyuruh adalah
Tumenggung Kartanagara
utusan datang kepada Raja
Manguwi
akan memberi tahu.

Sudah keluar dari negara
berjalan sudah tiga hari

*dyan apamit Wong Agung Wilis
gusti pamit kawula
arebut ing laku
tumulya bubar sadaya
pan sumahab tingkahe kang
wadya alit
samya wong tahu tatal.*

*Wus kapungkur wau kang nagari
wus angancik sireng padedesan
tan sedya kampir lampahe
wau sangsaya darung
sampun tebah saking nagari
watara tigang dina
denira lumaku
sagunge kang padedesan
tinarajeng sadaya sami angili
dhasar kawenang-wenang.*

*Enengena kang sami lumaris
wonten malih mangke kocapa
wonten caraka kinengken
nenggih tiyang pipitu
utusane sang Adipati
Tumenggung ing Lumajang
nenggih ingkang ngutus
Tumenggung Kartanagara
aputusan dhateng sang Prabu
Manguwi
asra atur uninga.*

*Sampun lepas saking ing nagari
lalampahan sampun tigang dina*

tidak berhenti tadi jalannya
 dipercepat jalannya
 maksudnya lekas sampai
 segera melihat
 ada prajurit berjaga
 maksudnya hendak menyimpang
 kemudian dipanggil oleh Suratani jangan kamu menyimpang.

Sambil memanggil-manggil
 Suratani
 saudara siapa dan dari mana
 mari istirahat di sini
 bersama-sama menjawab
 saya ini utusan Kiai
 Tumenggung di Lumajang
 yaitu yang mengutus
 jangan sampai menemui bahaya
 saya disuruh menghadap Gusti
 Gusti Agung Cokrodha.

Tambakbayu segera maju
 bertanya kepada utusan
 saya akan bertanya
 kalau kamu diutus
 ada kepentingan apa
 yang diutus menjawab
 pentingnya saya diutus
 berkata utusan Lumajang
 sesungguhnya perkara Pangeran
 Patih
 ini ada di Lumajang.

Belum selesai dia berbicara
 Tambakbayu terkejut
 sudah jelas pendengarannya
 berkatalah Ki Tambakbayu

*tan kandheg wau lampahe
 sineru lampahipun
 sedyanira gelisa prapti
 yata sigra amulat
 wonten sikep agung
 sedyane arsa anim pang
 dyan ingawe mring sira Suratani
 aja sira anim pang.*

*Sarya celuk-celuk Suratani
 wau sira sanak ngendi baya
 ing ngriki padha areren
 yata sareng sumahur
 pan kawula duta Kiyai
 Tumenggung ing Lumajang
 nenggih ingkang ngutus
 pan aja teka sikara
 pan kawula ingutus marek ing
 Gusti
 Gusti Agung Cokordha.*

*Tambakbayu sigra majeng aglis
 apitanya dhateng ing utusan
 kawula arsa pitaken
 lamun dika ingutus
 pan punapa karya kang gati
 pakenira tutura
 gatine kang laku
 umatur duta Lumajang
 sajatone prakawis Pangeran
 Patih
 mangke wonten Lumajang.*

*Dereng kendel dennya mituturi
 yata kaget Tambakbayu sira
 sampun atas pangrungune
 mojar Ki Tambakbayu*

kalau begitu minta kembali
sudah tahu saya
kehendak Wong Agung
Ki Tumenggung di Lumajang
kalau marah saya sanggup me-
nyahut
marahnya kepada sang Kakak.

Perintah sang Raja
sudah saya ketahui
seisi hatinya
semua patuh
orang Lumajang kembali
berkata mantri Lumajang
sudah saya pasrah
semua kehendakmu
asal kamu sanggup menerima
marah prajurit kami.

Segera bubar yang berjalan
Tambakbayu tadi ada di depan
Suratani di belakangnya
diceritakan tingginya
Tambakbayu tinggi besar
dasar gagah perkasa
bulunya halus
kumisnya lebat panjang
kelihatannya pantas berani mati
matanya merah.

Suratani tingginya menarik hati
muda badannya gagah perkasa
setiap orang bilang ketampan-
annya
seperti berani mati saja

*yen mangkono nedha abadi
wus kawrat ing manira
karsane Wong Agung
Ki Tumenggung ing Lumajang
bilih duka manira sanggup
nahuti
dukane mring Ki raka.*

*Timbalane wau sri Bupati
mapan sampun kawrat ing
manira
sawiraosing galihe
yata samya mituhu
wong Lumajang samya abali
mojar mantri Lumajang
kawula pan anut
lumiring karsa andika
asal silih andika sanggup
nanggapi
dukaning mring kawula.*

*Sigra bubar pan samya lumaris
Tambakbayu wau aneng ngarsa
Suratani ing wingkinge
kacatur dedegipun
Tambakbayu ageng ahinggil
dhasar gagah prakosa
pamulune alus
brengose ketel apanjang
watarane tur pantes wani
ngemasi
netra ngatirah abang.*

*Suratani dedege respati
babang awak sarira pideksa
wong kawilang ing baguse
kaya wania lampus*

dasar berani agak lengkap
pandai mengira bagaimana
baiknya
tajam agaknya
tidak diceritakan jalannya
sudah sampai di Negara
Lumajang
masuk dalam kota.

Dan diceritakan yang mem-
punyai negara
Raden Tumenggung Bupati Lu-
majang
Raden Kartanagara
didatangi punggawa besar
patih dua dan berada di depan

bernama Mas Ekalaya
itu patihnya
yang menjadi patih kiri
yang bernama Natakusuma
tampan
itu putra Lumajang.

Sudah lengkap yang datang
mendadak sang Raja
Pangeran Patih sudah keluar
semua turun
para punggawa dan mantri
dan sang Raja
sudah duduk
tidak lama dia duduk
mendadak datang utusan Raja
Manguwi
datang langsung menuju per-
temuan.

Agak terkejut sang Bupati

*dhasar kendel semu miranti
bisa duga mrayoga
lungid semunipun
tan kawarna lampahira
sampun prapta aneng
Lumajang nagari
manjing jroning kitha.*

*Dan warnanen kang darbe
nagari
dyan Tumenggung bupatia
Lumajang
Raden Kartanagara
sineba punggawa gung
patih kalih kang munggend
ngarsi
nama Mas Ekalaya
iku patihipun
kang dados papatih kiwa
kang anama Natakusuma asigit
iku putra Lumajang.*

*Sampun pepak wau kang
anangkil
pan kasaru wau sri narendra
Pangeran Patih wus miyos
yata samya tumurun
kang punggawa lan para mantri
yata wau sang nata
pan sampun alungguh
tan adangu dennya lenggah
pan kasaru dutane prabu
Manguwi
prapta jujuk paseban.*

Semu kagyat wau sri Bupati

dipersilakan yang datang
dipersilakan segera
mari duduk
segera naik Ki Suratani
Tambakbayu duduk
di atas alas tangga
berkata yang diutus
dengan menghormat saya
diutus Gusti
kepada Dewa Cokroda.

Disuruh memboyong Gusti
disuruh pulang ke Belambangan
mari pulang ke keraton
serta permintaannya
adik tuan Wong Agung Wilis
sangat mengharapkan
kepada Gusti Agung
dan lagi Dewa Cokorda
lebih kasihan melihat Pangeran
Patih
maka akhirnya diharapkan.

Dinanti Gusti mari
pulang ke Lumajang
pulang ke negaranya
kemudian sang Raja
menjawab dengan kata halus
kalau boleh tidak mau
nanti badan saya
sebab saya sudah tua
sebaiknya adinda Wong Agung
Wilis
berdiri di Belambangan.

Tambakbayu berkata pelan

*pan angawe wau ingkang prapta
lah nedha katuran age
ngriki samya alungguh
sigra minggah Ki Suratani
Tambakbayu alenggah
luhuring babatur
umatur punang utusan
pasang tabe kawula ingutus
Gusti
dhateng Dewa Cokordha.*

*Pan ingutus mondhong i mring
Gusti
kinen mantuk dhateng Balam-
bangan
sumongga kondur ngadhaton
sarta panedhanipun
rayi tuan Wong Agung Wilis
sanget panedhanira
dhateng Gusti Agung
lan malih Dewa Cokordha
langkung welas ningali
Pangeran patih
mila temah ingaturan.*

*Karantene Gusti lah suwawi
akondura saking ing Lumajang
mantuk dhateng nagarane
yata wau sang Prabu
amangsuli wacana manis
yen kenging ngalenggana
mangeke raganingsun
pan manira sampun tuwa
prayogane yayi Mas Wong
Agung Wilis
jumeneng Balambangan.*

Tambakbayu sira matur aris

kalau mampu jangan sekarang
 ini pesan sang Raja
 perintah Wong Agung
 semua disuruh memboyong
 para istri semua
 putranya jangan ketinggalan
 Tepasana Sutajiwa
 ini Pangeran tidak boleh ke-
 tinggalan
 diiringkan oleh kami.

Berkata tadi sang Bupati
 kalau masalah Tepasana
 sudah berpisah sejak dulu
 tidak tahu di mana tempatnya
 Sutajiwa sudah mendahului
 pisah dari saya
 sebab semua mengurus
 Tambakbayu katanya
 itu mudah urusan belakang
 pendapat Tepasana.

Segera berdandan sang Bupati
 sudah selesai utusan berkata
 permaisuri berdandan semua
 prajurit tidak ketinggalan
 semua punggawa mengiring
 sang Raja
 sudah bubar berjalan
 dilihat seperti berbondong-
 bondong
 dikatakan jalannya Pangeran
 Patih
 yang melihat jatuh cinta.

*yen sambada sampun sapunika
 pan sanget welinging katong
 timbalane Wong Agung
 pan sadaya kinen boyongi
 para garwa sadaya
 putra aja kantun
 Tepasana Sutajiwa
 pan punika Pangeran tan kena
 kari
 keringa mring kawula.*

*Angandika wau sri Bupati
 yen prakawis besan Tepasana
 wus pisah kala purwane
 tambuh ing purugipun
 Sutajiwa sampun rumiyin
 pisah maring manira
 pan sami angurus
 Tembakbayu aturira
 pan agampil punika pinanggih
 wingking
 menggahpun Tepasana.*

*Sigra dandan wau sri Bupati
 pan lumingsir aturing utusan
 prameswari dandan kabeh
 wadyabala tan kantun
 kang santana sadaya ngiring
 yata sri nara nata
 wus bubar lumaku
 dinulu lir boyongan
 yen cinatur lampaha Pangeran
 Patih
 sing tumingal kasmaran.*

ASMARADANA

Diceritakan setengah bulan

Kacatur samadya sasi

sang Raja ada di jalan
sangat repot
karena istri banyak
semua berceceran
tidak diceritakan jalannya
sudah tiba di Belambangan.

Diceritakan Wong Agung Wilis
melihat kakaknya datang
sabar dan cepat-cepat
menjemput kepada kakaknya
sambil menangis
aduh kakak saudaraku
yang saya ikuti sejak kecil.

Sebagai orang tuaku
ditinggal oleh kakak
pikiran saya agak goncang
tidak bisa ditinggal
saya kakak Pangeran
tidak urung saya mati
selamanya pisah dengan kakak.

Kemudian sang Bupati
kemudian dia berkata
kepada adiknya sang Anom
sang Raja sudah diiring
seperti ditarik hatinya
berlinang air mata
bingungnyanya hati suci.

Sudah terbenam sang matahari
berganti sinar rembulan
raja sudah istirahat
dengan utusan Tambakbayu
sudah menempatkan diri
sampai semalam Pangeran

*sang nata wonten ing marga
kalangkung dening repote
saking pawestri akathah
pan samya kaceceran
tan kocapa lampahipun
wus prapta ing Balambangan.*

*Kocapa Wong Agung Wilis
amirsa kang raka prapta
yata dharakalan age
amethuk dhateng kang raka
yata sarwi amular
aduh kakang sadulurku
ngengeranku alit mila.*

*Katuwone awak mami
tinilar ing kakang emas
kang manah langkung
anglamong
tan waged dadi katilar
kula kakang Pangeran
tan wande kawula lumpus
aweta pisah kang emas.*

*Yata wau sri Bupati
tumulya sireng ngaturan
dhateng kang rayi sang Anom
wus kering sri nara nata
lis sinendhal kang manah
esmu kumembeng kang eluh
kepyaning driya nirmala.*

*Wus sumurup sang hyang rawi
kagantyan padhanging condra
sampun masanggrahan katong
lawan Tambakbayu duta
sadaya wus aprenah
Pangeran nutug sadalu*

dalam percakapannya.

Berkata Wong Agung Wilis kepada kakak Pangeran sebab kakak sang Raja pulang ke Belambangan seperti orang kena mantra sampai mau pulang tidak mengira menemukan apa.

Pucat raut muka sang Raja bercampur malu dan sedih akhirnya berkata pelan sebab adik saya pulang ke negara katanya Ki Tambakbayu kamu yang menyuruh pulang.

Sudah jangan diperpanjang dinda

namun kamu tidak merasa sudah takdir Tuhan Yang Mahaesa

Tidak urung saya mati adinda mau diapakan sudah pasrah kepada Dewa yang Agung kalau sampai mati.

Adiknya berkata sebab kata saya yang sangat khawatir hamba kepada paduka saya sangat kasihan dosa sang Raja sebab sudah ada paduka.

Besok sebaiknya saya menemani utusan

genira apaguneman.

Umatut Wong Agung Wilis dhateng kang raka Pangeran marmapun kakang katong kondur dhateng Balambangan kadya wong keneng guna dening kongsi purun kondur den nyana manggih punapa.

Kucem netyaning narpati pan awor lingsem sungkawa wekasan alon delinge marmane yayi manira mulih marang nagara ature Ki Tambakbayu sira kang akon muliha.

Wus aja pinanjang yayi lamun sira tan angrasa wus janjine ing hyang Manon tan wande manira pejah yayi kinapakena wus pasrah Dewa kang Agung nadyan tumeka ing pejah.

Yata matur ingkang rayi karanten atur kawula kang langkung sanget marase kawula dhateng paduka sanget marma kawula dosanipun katong prabu pan sampun wonten paduka.

Prayogine kula benjing anganthenana utusan

memberi tahu sang Raja
sudah buruk dilihat
karena saya takut
mengabdikan ratu agung
kelihatan menutupi saudaranya.

Diceritakan sudah pagi
Tambakbayu kemudian datang
akan minta maaf kepada Sang
Anom
semua duduk
dia minta izin
Pangeran paduka tinggal
saya lapor kepada sang Raja.

Wong Agung Wilis berkata
kepada Tambakbayu
ini demi baiknya Paman
saya ikut utusan
ini Paman bawa
Ki Tambakbayu sanggup
tidak lama kemudian bubar.

Semua sudah berjalan
jalannya yang diutus
semakin cepat jalannya
sedang menyeberangi selat
tidak diceritakan
jalannya sudah sampai
di hadapan Gusti Cokorda.

Terkejut sang Bupati
kelihatan utusan datang
kemudian cepat-cepat dipanggil
di sini Murah duduknya
apakah kiranya berhasil
berkatalah Tambakbayu
raut mukanya agak sunyi.

*tur uninga sang akatong
sampun awon tiningalan
saking ajrih kawula
angawula ratu agung
katingal ngalingi sanak.*

*Kawarnaa sampun enjing
Tambakbayu nulya seba
arsa amit mring sang anom
yata prasamya alenggah
yata apamit sira
Pangeran paduka kantung
kawula matur sang nata.*

*Wong Agung Wilis pan angling
dhateng Tambakbayu sira
punika paman pedene
kawula tumut putusan
punika paman beкта
Ki Tambakbayu sumanggap
tan antara samya bubar.*

*Sadaya samya lumaris
lampahe kang punang duta
kang saya asru lampahe
wus nabrang sagara rupak
yata datan kocapa
lampahira sampun rawuh
ngarsane Gusti Cokordha.*

*Kaget wau sri Bupati
tumungal utusan prapta
agepah nulya den awe
ing kene Murah linggihe
baya tan angsal karya
lah matura Tambakbayu
ulatira semu sonya.*

Tambakbayu berkata pelan
sang Raja jalan saya
menyembah kaki Raja
memberi tahu kakak paduka
Pangeran Belambangan
yang sudah bertemu
bertempat di Lumajang.

Sesungguhnya waktu itu
sudah berada di Belambangan
apa kehendak sang Raja
yang sudah berada
di Belambangan
Adik Wilis yang ikut
menemani lima utusan.

Maksudnya ingin memberi tahu
kepada Paduka Raja
masalah kakaknya
datangnya di Belambangan
sudah terlanjur hina
dihambakan kepada Raja
takut tidak utusan.

Berkata raja Manguwi
saya terima kedatanganmu
ternyata kamu berhasil
tetapi ada kehendak saya
Tambakbayu kepadamu
kembalilah nanti malam
ke Negara Belambangan.

Suruhlah cepat
Kakak di Belambangan
seumpama disuruh cepat-cepat
sudah terserahlah kamu
sebab kamu sudah tua
perkara istrinya

*Tambakbayu matur aris
dewa ji lampah kawula
dinuta padane katong
ngaturi raka paduka
Pangeran Balambangan
pan inggih sampun kapanggih
dudunung wonten Lumajang.*

*Sayektine kala mangkin
sampun wonten Balambangan
punapa karsa sang katong
pan mangke sampun kaprenah
wonten ing Balambangan
kang rayi wilis pan tumut
angantheni ponca duta.*

*Sedyane atur upaksi
dhateng paduka narendra
prakawis dening rakane
praptane ing Balambangan
sampun kalebeng ngina
ingabdekaken ing ratu
ajrih boten putusan.*

*Angandika sri Manguwi
sun tarima lakunira
deningsira angsal gawe
anging ana karsaning wang
Tambakbayu mring sira
baliya mengko ing dalu
mring Nagara Balambangan.*

*Timbalan den agipih
Ki raka ing Balambangan
poma dipun age-age
pan mongsa bodhoa sira
apan sira wus tiwa
prakarsa ing garwanipun*

susulkan belakangan.

Sudah hampir malam
matahari di atas gunung
sudah tengah malam
Tambakbayu kemudian
berangkat
sudah akan menyeberang
sudah naik perahu
Tambakbayu kemudian me-
nyeberang.

Tidak diceritakan di laut
sudah naik ke darat
sudah masuk kota perjalanannya
tidak lama kemudian datang
di kota Belambangan
pagi hari waktunya
Tambakbayu sudah datang.

Di hadapan sang Bupati
Pangeran di Belambangan
cepat-cepat sang Raja
melihat utusan yang datang
kemudian mendekat
dari tempat duduknya
sudah duduk semua.

Katanya sangat kasihan
Tambakbayu seraya menyembah
saya datang bermaksud
diutus Gusti Cokorda
memberi tahu paduka
perintahnya Gusti Agung
sangat rindu Pangeran.

Didampingi Wong Agung Wilis
mengiringkan paduka
bunyi perintah sang Raja

susulena aneg wuntat.

*Yata kasaput ing ratri
hyang rawi tunggang acala
wus sedheng tengah dalune
Tambakbayu nulya mangkat
yata arsa anabrang
wus samya numpak perahu
Tambakbayu nulya nabrang.*

*Tan kocapa ing jaladri
yata wus minggah ing dharat
manjing kitha ing lampah
tan adangu sampun prapta
yen sambada sri Bupati
mantri tuwan narpati
kang nama Mayor Tumenggung
punika pan sumongga
katura sri Narapati
pan punika rembage para niyaka.*

*Yata wau sri narendra
wacana apahit gendhis
lah inggih sampun prayoga
pan pened andika tari
yata nulya tinari
kang nama Mayor Tumenggung
yata sampun sumanggap
tinari linggih Semawis
yektinira kasmara mangku
nagara.*

ASMARADANA

*Johanis umatur aris
yen kawula nglampahana
tan kawasa waragade
pan sanget nistha kawula
yen wonten pitulunga
mangke dhateng raganingsun*

saya tidak menyangka.

Berkata sang Bupati
Tuan tolonglah
tolonglah biayanya
kemudian bubarlah
duduklah di Semarang
tetapi pesan saya
yang bisa mengikuti sunan.

Dan Sultan di Mataram
itu ikutilah
supaya bersatu hatinya
dan lagi pesan saya
di Sala ada
kesatria adil dan luhur
biar bisa ulah kanuragan.

Pada waktu saya kalah
mengadu guna dan sarana
walaupun kekuatannya
dan prajurit tanah Jawa
saya tidak mungkin kalah
tetapi pesan saya
jangan sampai jadi tercela.

Dan pesan saya lagi
kamu diberi wewenang
menguasai sebelah timur semua
semua tanah Jawa
lainnya Surabaya
dan Sumenep keduanya
semua sudah diserahkan.

Saya suruh menghukum mati
memecat para raja
dan lagi wenanglah membuat
Bupati negara timur

kawula datan lenggana.

*Angandika sri Bupati
manira kang pitulunga
pitulunga waragade
anuli sira bubara
lungguha ing Semarang
nanging ta wewekasingsun
kang bisa ngawula sunan.*

*Lawan sultan ing Matawis
lah iku suwitanana
amrih aworing galihe
lan malih wewekasing wang
ing Sala mapan ana
satriya adil linuhung
den bisa nganorken raga.*

*Pan mongsa kalaha kami
ngadu guna lan sarana
nadyan ta kadigdayane
lan prajurit tanah Jawa
ingsun masa kalaha
nanging ta wewekasingsun
kang aja dadi wisuna.*

*Lawan wekasingsun malih
manira suka wewenang
misesa bang wetan kabeh
sarupane tanah Jawa
liyaning Surabaya
lan Sumenep kalihipun
sadaya mapan kasraha.*

*Ngong sedhahi ukum pati
amocotta para nata
lan malih wenanga gawe
Bupati nagara wetan*

dan diberi wewenang
nama mengadu gedung besar
semua yang bernama Petor.

Kemudian sang Bupati
sudah habis pesannya
sudah pamit kepada Raja
kemudian bubar menuju kapal
Semarang yang dituju
sudah naik kapal besar
diiring prajurit sewaan.

Tidak lama di pesisir
diceritakan sudah berlayar
jalannya Tumenggung Mayor
cepatnya yang cerita
ganti yang diceritakan
yaitu Deler Gubernur
sang Raja di Semarang.

Diceritakan sudah datang
sudah berada di pagelaran
dihadap semua Raja
Bupati sebelah timur kecewa
semua sudah datang
panembahan sudah datang
sang Bupati di Madura.

Surapringga sudah datang
kedua bupatinya
Jayadirana yang muda
yang tua Condranagara
saudara tunggal ayah
semua bernama Tumenggung
masih satu negara.

Di Sumenep sudah datang
di depan sang Raja

*lawan sinung wewenang
jejeng ngaben gedhong agung
kang nama Petor sadaya.*

*Yata wau sri Bupati
wun telas punang wewekas
wus pamit dhateng sang katong
tumulya bubar mring kapal
Semarang kang sinedya
yata wus nitih palwa gung
ngiring wadya tumbasan.*

*Tan adangu neng pasisir
kocapa sampun alayar
lampah Tumenggung Mayor
kebate ingkang carita
ganti ingkang kocapa
anenggih Deler Gupernur
sri narendra ing Semarang.*

*Kacatur sampun tinangkil
wus pinarak pagelaran
sineba kang para rajeng
bupatya bang wetan gela
sadaya sampun prapta
panembahan sampun rawuh
sri Bupati ing Madura.*

*Surapringga sampun prapti
kakalih bupatinira
Jayadirana kang anom
kang sepah Condranagara
sanak tunggal sayayah
pan samya nama Tumenggung
apan tunggal sanagara.*

*Ing Sumenep sampun prapti
ing ngarsane sri nalendra*

di Pasuruhan bersamaan
di Bangil dan Prabalingga
sudah datang semua
dan Tumenggung di Sidayu
putra tampan di Madura.

Didampingi Tumenggung
Tuban
di Lasem dengan Juwana
di Rembang itu deretannya
di Jepara dan Demak
sudah datang semua
di Pati berjajar dengan Kudus
sudah lengkap datang semua.

Sudah lengkap para bupati
Ponorogo di sebelah timur
dengan pesisir sebelah barat
semua sudah datang
dilihat merah menyala
semua berpakaian bagus
semua para bupati.

Yang ada di depan sang
Adipati di Semarang
memang sudah akrab dengan
sang Raja
berjajar Prabu Madura
begitu sang Raja
sang Raja Deler Gubernur
lama bercanda.

Bersukaria bersama
semua minum arak
anggur tir (hitam) diberi air
semua lama mabuk
semua para bupati
lama suka minum

*ing Pasuruhan sareng
ing Bangil lan Prabalingga
sampun samya aseba
den Tumenggung ing Sidayu
putra adining Madura.*

*Tanapi Tumenggung Tuban
ing Lasem lawan Juwana
ing Rembang iku jajare
ing Jepara lawan Demak .
sampun samya aseba
ing Pathi jajar lan Kudus
wus pepak samya aseba.*

*Wus pepak para bupati
Panaraga ing bang Wetan
muwah pasisir bang kilen
sabaya sampun aseba
dinulu ting prangangah
samya busana diluhung
saguning para bupatiya.*

*Kang munggend ngarsa narpati
Adipati ing Semarang
dhasar karaket sang katong*

*ajajar prabu Madura
mangkana sri nalendra
sang Nata Deler Gupernur
adangu apagujengan.*

*Yata akasukan sami
pan samya anginum arak
anggur etir sinung aher
pan samya awuru dawa
sagung para bupatiya
adangu suka anginum*

Prabu Deler berkata.

Katanya harum manis
kepada Prabu di Madura
jangan terkejut saudaraku
saya ingin minta pamit
kepada tuan paduka
saya akan pulang
ke negara Betawi.

Sebab saya sudah lama
berjaga di Semarang
merasa kalau terpaksa
tidak peduli orang rentan hati
melayani Ratu Jawa
milikilah hati yang halus
dan bukan seperti saya.

Dan yang kedua
semua para bupati
akan saya undang semua
sebab saya akan pulang
pulang ke Betawi
saya minta kerelaannya
untuk memberikan uang.

Panembahan Adipati
kemudian menyambung pembi-
caraan
semua teman saya
semua yang berada di sebelah
timur
berikanlah uang saku
berikan kepada Prabu Gubernur
tidak lama sudah siap.

Kemudian semua memberi
yang berupa harta benda
sudah diberikan kepada sang

Prabu Deler angandika.

*Sabdanya arum amanis
dhateng Prabu ing Madura
sampun kaget sudara ngong
kawula arsa pamitan
dhateng paduka tuwan
pan kawula arsa mantuk
mring nagara Batawiyah.*

*Pan kawula wus alami
ajagi wonten Semarang
angraos lamun kapeper
tan kahop wong cucugetan
ngladosi ratu Jawa
adarbeya manah alus
lan dede kadya kawula.*

*Lawan ingkang kaping kalih
sadaya para Bupati
marmane sun undang kabeh
pan ingkun arsa muliha
mantuk mring Batawiyah
ingkun jaluk lilanipun
padha nyangonana arta.*

*Panembahan Adipati
tumulya nambungi sabda
sarupane kancaning ngong
pan sadaya ing bang wetan
padha anyangonana
katara Prabu Gupernur
tan antara sampun tata.*

*Yata samya angaturi
kang warni raja barana
sampun katur mring sang*

Raja

diceritakan tidak bisa dihitung
dan sudah diangkut
juru kunci sudah mengangkut
semua harta benda.

Belum pulang sang Bupati
pada waktu pertemuan
ada tanda ramai-ramai
meriam berbunyi di kapal
di tengah samudera
terlihat seperti gunung meletus
bunyi peringatan.

Tidak lama sang Bupati
mengimbangi adanya tanda
meriam berbunyi semua
sang Bupati berkata
kepada Prabu di Madura
itu tandanya
yang menggantikan saya.

Tidak lama sudah datang
mantri dari Betawi
yang bernama Tumenggung
Mayor
sudah siap sebelumnya
berjabat tangan bernama
sudah duduk bersama
disambut sang Raja.

Kemudian sang Bupati
Semberek kemudian duduk
berjajar Tumenggung Mayor
yang akan menggantikannya
negara di Semarang
kemudian ramai minum
anggur tir (hitam) rata semua.

katong

*kacatur tanpa wilangan
pan sampun ingusungan
juru kunci wus angusung
sakathahe raja brana.*

*Dereng kondur sri Bupati
sedhengira siniwaka
wonten tengara arame
mariyem mungel neng kapal
satengahing samodra
pinirsa lir gunung guntur
wanti-wanti ungelira.*

*Tan antara sri Bupati
animbangi kang tengara
mariyem memungel kabeh
sri Bupati angandika
mring Prabu ing Madura
punika tengaranipun
kang gentosi mring kawula.*

*Tan adangu sampun prapti
mantri saking Batawiyah
kang nama Tumenggung Mayor
yata wuse apranata
samyajawata asta
wus tata samya alungguh
pitambet sri naranata.*

*Yata wau sri Bupati
Semberek nulya alenggah
ajajar Tumenggung Mayor
kang badhe anggentosana
negari ing Semarang
tumulya rame anginum
tir anggur radin sadaya.*

Ramai bersukaria bersama
kemudian makan bersama
sudah berkumpul dengan opsir
sudah lengkap semua
di depan sang Raja
sudah selesai yang makan
kemudian anggur yang dimakan.

Sesudah bersukaria bersama
kemudian Ideler menyerahkan
kepada Ki Tumenggung Mayor
Ideler kemudian berkata
manis katanya
saudara Tumenggung Mayor
diserahi Semarang.

Semua para Kumpeni
diserahkan kepada tuan
juga dari yang besar sampai
yang kecil
di samping tanah Jawa
tuan yang memerintah
Pesisir para Tumenggung
diserahkan tuan semua.

Tumenggung Mayor menerima
dari penyerahan sang Raja
kemudian memanggil
sekretaris juru tulis
disuruh membaca surat
tidak lama sudah disambut
surat Agung Betawi.

Sesudah membaca surat
semua para bupati
menghormat semuanya
ramai suara manusia
semua yang bersorak

*Arame kasukan sami
tumulya sami adhahar
wus akumpul uppesire
pan sami pepak sadaya
munggeng ngarsa nalendra
penang dhaharan wus mundur
nulya anggur kang didhahar.*

*Sawuse kasukan sami
Ideler nulya apasrah
dhateng Ki Tumenggung Mayor
Ideler nulya ngandika
wacana pahit kilang
sudara Mayor Tumenggung
pan kasraha ing Semarang.*

*Saguning para Kumpeni
kasraha tuwan sadaya
muwah sadhedhek merange
atanapi tanah Jawa
tuwan ingkang parentah
pasisir para Tumenggung
katira tuwan sadaya.*

*Tumenggung Mayor atampi
ing pasrahe sri nalendra
yata animbali age
sekretaris juru serat
kinen amaca serat
tan adangu wus sinambut
serat agung Batawiyah.*

*Sawuse amaca tulis
saguning para bupati
samyu urmat sakabehe
agumer swaraning jalma
ingkang samya asuruk*

di antara loji agung
ada tanda meriam menyahut.

Ideler Semberek berkata
kepada Prabu di Madura
saya bersumpah
kepada saudara tuan
saya sudah menyerah
sebaiknya tuan menurut
kepada lurah tuan yang baru.

Juga Tuan Adipati
Tuan Suradimenggala
menurutlah semua kehendaknya
kepada Deler yang baru
juga Ngabei Rongga
dan juga para Tumenggung
tetaplah menghormati.

Pegangan hati orang Jawa
dengan semua negara
sudah diserahkan semua
semua tanah Jawa
sudah diterima
oleh Mayor Tumenggung
yang mengganti di Semarang.

Begitu sudah diganti
beliau sang Raja
sukarela keduanya
saling menerima
kemudian Ideler yang lama
akan mohon diri
kepada gubernur yang baru.

Sudah habis semua barangnya
segera berpamitan
yaitu Deler Semberek
kemudian dia berkata

*tan antara loji agung
tengara mriyem sauran.*

*Ideler Samberek angling
dhateng prabu ing Madura
kawula atur upaos
dhateng paduka sudara
amba sampun apasrah
prayoga andika anut
dhateng lurah tuwan anyar.*

*Miwah tuwan Adipati
tuwan Suradimenggala
amuta barang karsane
dhateng Deler ingkang anyar
muwah Ngabehi Rongga
myang arya para Tumenggung
kang langgeng pasungkemira.*

*Piyageming manah Jawi
miwah cacahing nagara
yata wus kasrah kabehe
cacahireng tanah Jawa
yata sampun katampun
denira Mayor Tumenggung
kang gumanti ing Semarang.*

*Mangkana sampun gumanti
panjenenganing nalendra
sukarila ing karone
samy trima tinarima
yata Ideler lama
pan arsa pamitan wau
dhateng gupernur kang anyar*

*Wus telas barang sakalir
sigra wau apamitan
anenggih Deler Semberek
tumulya sira wacana*

sudah Tuan tinggalah
Saudara Tumenggung Mayor
Tuan tinggalah bersukaria.

Panembahan Adipati
yang baik Tuan tinggalah
Saudara harus berhati-hati
juga bapa di Semarang
bapa tuan tinggalah
semua para Tumenggung
tuan semua tinggalah.

Segera bubar dengan tidak sabar
semua sudah naik perahu
tidak diceritakan lamanya
beliau sudah naik kapal
kemudian sudah berlayar
tidak diceritakan jalannya
yang pulang ke Betawi.

11. Tuan Kopegrun diangkat
menjadi pembesar di Sura-
pringga, menggantikan Tuan
Sakeber.

Diceritakan sang Raja
yang baru berdiri
bernama Johanesspos
yang menguasai tanah Jawa
dengan banyak Kumpeni
sudah bernama Deler Gubernur
kepada Gubernur Betawi.

Semua para bupati
sudah datang semua
di hadapan sang Raja

dengan semua Kumpeni
akan menghadap semua

*sampun tuwan kantuna
sudara Mayor Tumenggung
lah tuwan kantuna suka.*

*Panembahan Adipati
kang pened tuwan kantuna
sudara kang ngatos-atos
muwah bapa ing Semarang
bapa dika kantuna
sadaya para Tumenggung
lah tuwan sami kantuna.*

*Sigra bibar tan asari
pan sampun nitih baita
tan kawarna ing dangune
sampun numpak sireng kapal
yata sampun alayar
tan kocapa lampahipun
kang mantuk ing Batawiyah.*

11. *Tuwan Kopegrun kaangkat
dados pangageng ing Sura-
pringga, anggentosi tuwan
Sakeber.*

*Kocapa sri nara nata
kang lagya jumeneng enggal
kang nama Johanissepos
kang masesa tanah Jawa
miwah Kumpeni kathah
wus nama Deler Gupernur
mring Gunadur Batawiyah.*

*Saguning para Bupati
pan sampun seba sadaya
munggeng ngarsaning sang
katong
muwah Kumpeni sadaya
apan sami aseba*

sudah lengkap para Tumenggung
ngabei dan rongga.

Berkata sang Bupati
kepada prabu di Madura
bagaimana baiknya
saudara tuan Madura
negara di sebelah timur
mana yang baik
layak ganti pembesar.

Panembahan Adipati
berkata dengan tersenyum
kalau menjadi pembesar
Kumpeni
Sakeber di Surapringga
sudah sampai satu tahun
sang Raja kemudian minta
surat dari Betawi.

Disuruh memberikan segera
kepada Petor di Jepara
yang bernama Kopegrun
kemudian Ki Dipati
Semarang berkata pelan
yang berada di belakang sang
Raja
itu Petor Jepara.

Berkata sang Bupati
itu saudaramu
yang bernama Kopegrun
Ki Gedong terimalah
perintah sang Raja
itu pegangannya
Prabu Agung Betawi.

Tuan diangkat
sebagai paku sebelah timur

*wus pepeka para Tumenggung
ngabei kalayan rongga.*

*Angandika sri Bupati
dhateng prabu ing Madura
kados pundi prayogane
sudara tuwan Madura
nagari ing bang wetan
kang pundi prayoganipun
pangageng layak salina.*

*Panembahan Adipati
mesem sarwi awacana
yen menggah Kumpeni gedhe
Sakeber ing Surapringga
sampun dhateng ing warsa
sang nata nulya amundhut
serat saking Batawiyah.*

*Kinen maringaken aglis
dhateng Petor ing Jepara
kang nama Kopegrun mangko
nulya wau Ki Dipatya
Semarang lon angucap
kang munggend wingking sang
Prabu
punika Petor Jepara.*

*Angandika sri Bupati
pan iku sanak manira
kang nama Kopegrun mangko
Ki Gedhong sira tampiya
timbanganing nalendra
pan iku piyagemipun
prabu agung Batawiyah.*

*Pa sira jiningjung linggih
kinarya paku bang wetan*

menggantikan Tuang Berton
 Sakeber di Surabaya
 kemudian bubarlah
 tidak boleh berjanji pada lain
 hari
 bersamalah dengan semua
 bupati.

Dan yang kedua
 perintah sang Raja
 masalah Tuan Berton
 diberi negara Bandan
 dan diberi nama
 diangkat menjadi gubernur
 duduk dalam loji Bandan.

Berkata yang ditaruh
 kamu Petor di Jepara
 bersedia menjalankan tugasnya
 saya tidak mau
 diangkat di atas kepala
 pemberian ratu agung
 yang diberikan kepada saya.

Berkata sang Bupati
 saudara tuan Madura
 disuruh bubar semua
 semua para bupati
 pulanglah tuan semua
 bersamalah dengan Kopegrun
 yang mengganti Surapringga.

Panembahan Adipati
 berpamitan kepada sang Raja
 kalau sudah selesai sang Raja
 saya pamit sang Raja
 kemudian menata bersama

*anggenteni tuwan Berton
 Sakeber ing Surabaya
 nuli sira bubara
 tan kena samayeng besuk
 sarenga bupatia kathah.*

*Lawan ingkang kaping kalih
 timbalane sri nalendra
 yen prakara tuwan Berton
 sinungan nagari Bandhan
 lawan sinungan nama
 jinungjung nama gupemur
 pan lungguh loji ing Bandhan.*

*Umatut ingkang tinari
 sira Petor ing Japara
 pan sandika ayahane
 kawula datan lenggana
 kapundhi ing mastaka
 pasihane ratu agung
 kang dhawah dhateng kawula.*

*Angandika sri Bupati
 sudara tuwan Madura
 katuran bubara kabeh
 saguning para bupatia
 sami dika kondura
 sarenga dhateng Kopegrun
 kang gentosi Surapringga*

*Panembahan Adipati
 apamit dhateng nalendra
 yen sampun rampung sang
 katong
 kawula pamit nalendra
 yata sareng pranata*

semua para Tumenggung
sebelah timur bubar semua.

Kopegrun sudah pamit
bubar bersama dia
sudah naik perahunya
gemuruh suara manusia
bercampur bunyi gamelan
gemuruh prajurit
seperti ombak samudera.

Panembahan Adipati
kemudian naik perahu
kapalnya lain dengan sekoci
kemudian menarik jangkar
bendera sudah dipasang
sudah dikembangkan layarnya
pendayungnya semua masih
muda.

Kemudian diceritakan
Panembahan Adipati
kapalnya sudah ke tengah
pendayungnya semua Belanda
juru mudhi di belakang
juru batu ada di depan
segera membunyikan gamelan
terdengar menyentuh hati
yang main rebab bernama
Singa Pradongga.

Rebabnya berbunyi meng-
angkasa
seperti gadis sakit menangis
lagunya payung mengembang
terdengar belas kasihan
seperti perempuan sedang

*sakehe para Tumenggung
bang wetan bibar sadaya.*

*Kopegrun sampun pamit
yata sareng dennya bubar
sampun nitih baitane
gumrah suwaraning jalma
awor ungeling gongsa
kang wadyabala gumuruh
kadya ombaking samodra.*

*Panembahan Adipati
tumulya nitih baita
palwane sakoci kaot
saksana anarik jangkar
gendera wus pinasang
wus binabar layaripun
pambelah samya nom noman.*

SINOM

*Yata wau kawarnaa
Panembahan Adipati
palwane sampun manengah
pambelah samya walandi
juru mudhi ing wingking
juru batu munggend ngayun
sibra nembang gamelan
pinirsa amelas asih
ing kang ngrebab awasta Singa
Pradongga.*

*Rehabe munnya manawang
lir kenya lara anangis
gendhingira jong alayar
pinirsa amelas asih
kadya estri prihatin*

prihatin

suasana lagunya sedih
kenong berbunyi jelas
terdengar menyentuh hati
seperti tangisnya wanita di atas
kasur.

Saron berbunyi bersahutan
seperti selir kurang gilir
merongseng sambil menangis
kelihatan berkasih-kasih
gendernya mengaduh
seperti perempuan bertengkar
dengan madunya
kethuknya terdengar
seperti selir kurang gilir
kelamaan mencacimaki tuannya.

Kemudian sang Raja
Panembahan Adipati
menghibur para perempuan
bernafas para selir
ada satu selir
rupanya lebih cantik
seperti boneka emas
kecantikannya memikat hati
hanya cacatnya jahat kepada
tuannya.

Kalau dikatakan rupanya
se-Jawa tidak ada tandingannya
putri dari Balega
bernama Rujitawati
kuningnya seperti temu giring
bulunya agak tebal
mengembang putih kencana
jari tengahnya intan bumi

*rakiting gendhing anglayung
kenong munnya wentehan
pinirsa andudut ati
lir tangise kusuma jroning
tilam.*

*Saron munnya asauran
lir biyada kirang gilir
anggedumel sarya mular
pinirsa angasih-asih
gendere angririntih
lir estri paben maru
kethuknya kapiyarsa
kadya selir kirang gilir
kalawasen anosotaken bandara.*

*Yata wau sri nalendra
Panembahan Adipati
angimur para wanodya
anguswa kang para selir
wonten selir sawiji
warnane kalangkung ayu
kadya golek kancana
gandese andudut ati
mung cacade candhala purun
bandara.*

*Yen cinondra warnanira
sa Jawa tan ana tandhing
putri saking ing Balega
awasta Rujitawati
kuninge nemu giring
pamulune rada gemuh
melar seta kancana
panunggule inten bumi*

kalau dilihat layak menggerak-
kan di atas kasur.

Prabu Cakraadiningrat
sangat tertarik hatinya
kalau melihat Rujita
hatinya seperti disobek-sobek
kemudian sang Adipati
berkata katanya manis
Mas Mirah Ni Rujita
orang cantik minta tidur
bisa gila kalau tidak mencium
sebentar.

Mana pipimu yang kiri
saya ciumnya orang kuning
yang mirip Dewi Supraba
yang bisa memikat hati
tersenyum Rujitawati
kata-katanya manis
aduh Gusti Pangeran
yang seperti Rujitawati
seperti azimat kalau sedang
bepergian.

Kalau bertemu dalam bepergian
seperti azimat dari Raja
kalau sudah masuk pura
yang seperti badan saya
lebih baik kutunya babi
harga diri saya
sebab Pangeran
minta dimarahi sang Raja
kemudian tersenyum sang Raja
mencium dada.

Diceritakan sampai di sini
semua para bupati

*yen sinawang layak rongeh
jroning tilam.*

*Prabu Cakraadiningrat
langkung kesengseming galih
yen tumingal bok Rujita
manahe kadya den rujit
yata sang Adipati
ngandika wacana arum
Mas Mirah Ni Rujita
wong ayu nedha aguling
banjur edan yen tan ngarasa
sadhela.*

*Endi pipinira kiwa
sun arase wong akuning
kang mindha Dewi Supraba
kang bisa andudut ati
mesem Rujitawati
tembunge wacana arum
aduh Gusti Pangeran
kang kados Rujitawati
kadya jimat yen wonten ing saba
paran.*

*Yen kapanggih saba paran
lir jimat saking raka ji
yen sampun manjing ing pura
inggang kados awak mami
angur tumaning bai
anajine raganingsun
karantene Pangeran
amiwun duka narpati
yata mesem sang Nata angaras
jaja.*

*Sigegen inggang kawarna
saguning para bupati*

yang sedang berlayar
yang mengiring sang Raja
sudah diberi tahu
sudah disuruh berlayar dulu
kemudian terus ke Surabaya
disuruh baris di pesisir
dan disuruh baris di Kali-
kancana.

Tidak diceritakan dahulu
semua para bupati
sudah datang di Surapringga
semua prajurit dan mantri
berjajar di pesisir
semua baris penuh
tidak diceritakan dahulu
Panembahan Adipati
sudah sampai di muara Sura-
pringga.

Ki Tumenggung Surapringga
keduanya sudah masuk loji
semua punggawanya
tidak ada yang ikut baris
Sidayu yang baris
berkumpul di Tandes Lamongan
juga di Pasuruhan
Prabalingga semua baris
prajurit Bangil berkumpul
dengan Pasuruhan.

Macam-macam prajurit
yang berbaris
semua memakai pakaian
basahan cara Bali
yang lain dodot kumitir
bedak garut tidak pantas
punggawa di Madura

*ingkang samya lalayaran
kang ngiring sri narapati
pan sampun den undhangi
wus kinen layar rumuhun
lajeng mring Surabaya
kinen baris ing pasisir
lawan kinen baris ing Kali-
kancana.*

*Tan kawarnaa samana
saguning para bupati
wus prapta ing Surapringga
saguning kang bala mantri
gelar aneng pasisir
sadaya baris atepung
tan kawarnaa samana
Panembahan Adipati
sampun prapta ing muara
Surapringga.*

*Ki Tumenggung Surapringga
kalihe wus manjing loji
saguning punggawanira
tan ana tumuta baris
Sidajeng ingkang baris
ing Tandhes Lamongan kumpul
muwah ing Pasuruhan
Prabalingga samya baris
wadya Bangil pakumpul lan
Pasuruhan.*

*Wadyabala warna-warna
kang samya tata abaris
pan samya ngangge busana
babasahan cara Bali
weneh dodot kumitir
wedhak gagarut tan patut
punggawa ing Madura*

dodotnya dara dipakai bagus
pantas yang memakai kumitir
jingga.

Diceritakan Petor Jepara
yang tadi akan berganti
naik kapal perahu
meriamnya sudah disusun
sudah melihat
kelihatan loji di Tandes
loteng kelihatan menjulang ke
atas
melebihi lautan
balekambang di tepi samudera
menjulang ke atas.

Kota Tandes kelihatan
yang asri di tepi pesisir
perahu terbentang kelihatan
balekambang kelihatan asri
ketika jelas melihat
busman dan juru batu
loji kelihatan menjulang ke atas
prajurit meriam sudah disusun
kemudian meriam dibakar di
tengah samudera.

Tidak lama kemudian dijawab
tanda loji Gresik
gemuruh suaranya
berguncang lautannya
dilihat menakutkan
seperti gunung Semeru meletus
diceritakan sudah lewat
meninggalkan loji Gresik
sudah sampai di muara Sura-
pringga.

*dodote dara gem adi
mapan lumrah kang ngangge
kumitir jingga.*

*Kocapa Petor Japara
kang wau badhe gumanti
anitih baita kapal
mariyeme wus rinakit
yata wus aningali
loji ing Tandhes kadulu
loteng katon mangungang
angungkuli ing jaladri
balekambang angungang tepis
modra.*

*Kitha Tandhes katingalan
pan asri pinggir pasisir
baita andher katingal
balekambang tinon asri
dupi awas ningali
busman lawan juru batu
loji katon mangungan
kestabel sampun arakit
dyan binakar mariyem tengah
samodra.*

*Tan antara sinauran
tengara loji Garesik
agumerah swaranira
akocak punang jaladri
pinirsa gigirisi
lir gunture gunung meru
kawarnaa wus lintang
kapungkur loji Garesik
sampun prapta ing muara
Surapringga.*

Sudah dilabuh jangkarnya
meriam segera dibasmi
di antaranya baru tiga kali
dijawab dari loji
semua sudah dibasmi
meriam di loji besar
seperti guruh ketujuh
seperti memecahkan telinga
lagi pula bercampur dengan
gamelan.

Panembahan Maduretna
sudah naik ke loji
diiring semua bupati
Sakeber menjemput di luar
kemudian digandeng duduk
di dalam gedung besar
terbentang manca negara
semua sudah duduk
tidak lama kemudian datang
Petor Jepara.

Tidak lama kemudian duduk
berjajar dengan Sakeber
semua tingkahnya hina
semua para bupati
Tumenggung Surawesthi
keduanya sudah duduk
diceritakan yang makan
semua sudah disajikan
macam-macam ikan di atas
meja.

Semua sudah selesai
olehnya makan bersama
Kopegrun segera berkata
sambil memegang surat
surat dari Betawi

*Wus linabuh jangkarira
mariyem sagra binasmi
watara lagya ping tiga
sinauran saking loji
sabaya wus binasmi
mariyem ing laji luhur
kadya gerah kasapta
kadya mecahena kuping
sumawana awor ungeling
gamelan.*

*Panembahan Maduretna
wus minggah dhateng ing loji
ingiring sagunging bupati
Sakeber methuk ing jawi
dyan kinanthi alinggih
salebeting gedhong agung
aglar manca nagara
sabaya samya alinggih
tan antara praptane Petor
Japara.*

*Tan antara wus alenggah
ajajar Sakeber singgih
pan samya adana krama
sagunging para bupati
Tumenggung Surawesthi
kalihe sampun alungguh
kocapa kang dhaharan
sabaya sampun sumaji
warna-warna ulame mungging
ing meja.*

*Yata wus samya luwaran
genira dhahar prasami
Kopegrun sagra wacana
pan sarwi anyepeng tulis
serat saking Batawi*

kata-katanya pahit gula
saya berbuat kurang ajar
tuan terimalah surat
surat Gubernur di kota Mirah.

Jangan menjadi pikiran tuan
saya hanya menjalankan
Sakeber segera menerima
sambil turun dari kursi
kemudian dirasakan dalam hati
tetapi disamar dengan tertawa
cepat kemudian dibuka
surat dari Betawi
kemudian dibaca dirasakan
dalam hati.

Peringatan bunyi suratnya
surat sang Raja
sang Raja di Betawi
yang menguasai tanah Jawa
yaitu ratu Kumpeni
yang bernama Gubernur Jen-
deral
negara Betawi
perintahlah si abdi
Indrik Berton yang menguasai
Surapringga.

Isinya surat
kalau kamu mengasihi kami
jangan sakit hatimu
jangan menjadi pikiran
kamu saya angkat untuk men-
duduki
baik bernama Gubernur
memangku loji di Bandhan
Ternate jadikan satu

*tembunge apahit juruh
amba anaru krama
tuan atampiya tulis
seratira Gurnadur ing Kitha
Mirah.*

*Sampun tuwan dados manah
ulun darmi anglampahi
Sakeber sigra atompa
yata karaseng galih
nanging sinawur ing guyu
gepah nulya binuka
nawala saking Batawi
duk winaca sinuksma sajroning
nala.*

*Penget ungeling nawala
layange sri narapati
sang prabu ing Batawiyah
kang amengku tanah Jawi
tuhu rat Kumpeni
kang nama Jenderal Gunadur*

*nagari Batawiyah
lah dhawuha ingkang abdi
Indrik Berton kang amengku
Surapringga.*

*Wiyose kang puang surat
yen sira asih mring kami
pan aja runtik ing manah
aja sira dadi ati
sira ngong jungjung linggih
prayoga nama Gupenur
mengku loji ing Bandhan
Ternate dadya sawiji*

bubarlah sesampainya surat
saya.

Yang menggantikan ke-
dudukanmu
yang juga membawa surat
yaitu Petor Jepara
dan serahkan biar cepat
lebih baik besoknya
kalau mampu saya
mengangkat kedudukanmu
asal hidup selamat
sudah tamat suratnya.

Sesudah membaca surat
Sakeber gelisah hatinya
raut mukanya agak berang
melihat para bupati
kalau berkata dalam hati
tidak seperti sang Raja
kalau mencintai saya
sewaktu-waktu suruhlah saya
agar dibuang dari tanah Jawa.

Akhirnya berkata pelan
katanya manis
dibawa di atas kepala
cintanya Raja Betawi
perintah sang Raja
sangat saya harapkan
sudah itu saja
napas saya hanyalah
sang Raja yang pantas mem-
punyai kekuasaan.

Negara Surapringga

*lah bubara sarawuhe surating
wang.*

*Kang gumatya linggihira
pan iya kang bekta tulis
anenggih Petor Japara
lah asraha den agipih
pirang bara ing benjing
yen wageda awak ingsun
anjungjung linggihira
asal salameta urip
sampun titi tamate ponang
nawala.*

*Sasampune maca serat
Sakeber runtag ing galih
netyane asemu merang
ningali para bupati
yen ngucapa jro ngati
nora kaya sang aprabu
yen asiha maring wang
mongsa kala kona kami
dyan binucal saking ngalam
tanah Jawa.*

*Wekasan alon ngandika
uwuse arum amanis
kapundhi aneng mastaka
sihipun rajeng Batawi
timbangning narpati
kalangkung kula pisuhun
sampun menggah punika
ambekan kula sademi
sri nalendra kang yogya darbe
wisesa.*

Pan nagari Surapringga

serahkan sehari lagi
maka saya kemudian bubar
datang ke Betawi
masalah negaranya
ada pegangannya
semua serahkan
negara yang dipegang
ketika diterimakan kepada
Sakeber yang baru.

Berton segera berkata
kepada Pangeran Adipati
sudahlah tuan tinggal
saya akan berlayar
datang ke Betawi
yang indah tuan tinggal
besuk sepeninggal saya
saudara berhati-hatilah
maksud saya besuk ada
bencana besar.

Yang bisa menjadi wayang
jadilah dalang yang baik
sebab lurah tuan baru
akan menjadi dalang yang baik
pernah mengadu wayang
berbeda dengan saya orang
bodoh
melihat saja
tuan nyatakan besuk
tanah Jawa tidak boleh sem-
barang dalang.

Sudah tuan tinggal
saya minta pamit
saya akan berlayar
mumpung ada angin kencang
kemudian sudah minta pamit

*kasraha sadina mangkin
pan kawula nunten bibar
aseba dhateng Batawi
prakara kang nagari
pan wonten piyagemipun
sadaya pan kasraha
piyageme kang nagari
duk tinampan dhateng Sakeber
kang enggal.*

*Berton sigra angandika
mring pangeran Adipati
lah sampun tuwan kantuna
kawula layar tumuli
aseba mring Batawi
kang pened andika kantun
benjang sapungkuring wang
sudara kang ngati-ati
jangkaning wang ing tembe
agung bancana.*

*Kang waged andika wayang
dadiya dhadhalang luwih
apan lurah tuwan enggal
badhe dadi dhalang luwih
tate angaben ringgit
pahe kula wong balilu*

*anonton kewala
andika yektosi benjing
tanah Jawa tan kenging wiyah
dhadhalang.*

*Lah sampun tuwan kantuna
kawula anedha pamit
kawula nunten alayar
mumpung kenceng ponang angin
yata sampun apamit*

kepada Sakeber Kopegrun
kemudian segera bubar
sudah naik kapalnya bagus
cepat dikembangkan layar ka-
palnya.

Dasar kapalnya laju
waktunya jengkerik bersuara
keras
jalannya seperti angin
meninggalkan loji Gersik
hatinya agak sakit
maksudnya segeralah sampai
negara Betawi
maksud hati segera bertemu
diceritakan kembali tanah
sebelah timur.

12. Tuang Kopegrun suka meng-
undang para bupati, sewaktu-
waktu kedatangan kapal Inggris
harus segera diusir.

Tidak diceritakan yang berlayar
maksudnya menghadap raja
Betawi
diceritakan Sakeber tinggal
tadi masih menghadap
semua Ngabei para Tumenggung
Adipati di Madura
yang berjajar orang Kumpeni.

Kemudian makan bersama
juga minum

*dhateng Sakeber Kopegrun
yata bibar saksana
wus nitih palwane adi
dyan binabar layare kapal
agancang.*

*Dhasare kapal agancang
sedhenge tunggara ngerik
lampahnya kadya maruta
kapungkur loji Garesik
manahe esmu runtik
sedyane ageya rawuh
nagari Batawiyah
manahe age kapanggih
kawarnaa kapungkur tanah
bang wetan.*

12. *Tuwan Kopegrun suka undhang
dhateng para bupati, semongsa
mongsa kadhatengan baita
Anggris kedah lajeng ka-
tundhung.*

PANGKUR

*Tan kocapa kang alayar
kang sumedya seba rajeng
Batawi
kocapa Sakeber kantung
wau maksih sineba
sakathahe ngabehi para
Tumenggung
Adipati ing Madura
kang jajar nara Kumpeni.*

*Yata wau andrawina
pan anginum*

pada siang maupun malam
lauk pauk sudah pada tempat
yang agung
bermacam-macam ikan
usus babi yang didisi daging
lembu
cabik dicampur ikan kakap
digongsa dengan minyak babi.

Bupati Jawa yang lain
ada yang ikut makan bersama
yang baik makannya
baik dikemasi
pilihlah telur bebek yang utuh
semua ikan goreng
mesti dicampuri babi.

Baik diingat
itu cerita sesungguhnya
semua yang mendengar
juga yang perlu diketahui
biar percaya dalam perkataan
itu
yang mengarang cerita
itu yang tahu pribadi.

Kemudian sang Raja
berkata kepada semua para
bupati
semua para Tumenggung
di sebelah timur semua
semua Ngabei para
Tumenggung
yang baik Jayanagara
kalau ada orang Inggris.

Siapa-siapa yang ditempati

*ing siyang lawan latri
lalawuhan mapan agung*

*ulam mawarna-warna
usus babi den iseni daging
lembu
cabik sumbal ulam kakap
ginongsa lisah ing babi.*

*Saweneh bupati Jawa
mapan wonten kang tumut
dhahar sami
ing kang apik dhaharipun
yogya sininggahana
amiliaha antiga bebek kang wutuh
saguning ulam gorengan
pasthi kaworan babi.*

*Sayogya dipun engeta
punika carita ujar sayakti
sakathahe kang angrungu
muwah ing kang uninga
den pracaya salebete tutur iku*

*ing kang nganggit ing carita
punika wikan pribadi.*

*Yata wau sri nalendra
angandika mring sagung pra
bupati
saguning para Tumenggung
ing bang wetan sadaya
sarupane ngabehi para
Tumenggung
kang pened Jayanagara
menawa wonten wong Inggris.*

Sapa sinten kadunungan

negaranya besuk perahu Inggris
supaya segera diusir
pasti menemukan celaka
kalau dia ada baik segera diusir
kalau berlabuh di tanah Jawa
tidak urung mengungkap
rahasia.

Dan lagi mempunyai tujuan
orang Inggris berdagang ke
tanah Jawa
sebab ada rahasianya
tidak berdagang belaka
yang didagangkan sesuatu
tetapi hanya ayam jantan
tujuannya menjajah negara
melihat temannya berjudi.

Semua para bupati
semua katanya bersahutan
semua setuju katanya
apa yang diperintahkan
sudah setuju kami disuruh
mengusir
walaupun disuruh merusak
perahu datang melewati.

Sakeber berkata
siapa yang menggantikan Tuan
Kobis
di Gembong komandannya
Panembahan berkata
ya ada yang mengganti lagi
sebab Nigro sudah mengganti-
kan
sepeninggal komandan Kobis.

*nagarane benjang baita Anggris
kalamun boya tinundhung
yakti manggih cilaka
yen si wonten prayoga nuli
tinundhung
yen labuh ing tanah Jawa
tan wande ambabar wadi.*

*Lan malih darbe pangarah
tiyang Anggris dagang mring
tanah Jawi
apan wonten wadinipun
nora dagang balaka
kang dinagang sawiji pan
namun sawung
marmane jajah nagara
ngulati rowang botohi.*

*Saguning para bupati
pan sadaya ature saur paksi
pan sandika aturipun
punapa kang parentah
sampun papak kawula kinen
anundhung
nadyan kinen angrempakka
baita dhateng nglampahi.*

*Sakeber wau ngandika
sapa ingkang gentoi tuwan
Kobis
ing Gembong kumendhanipun
Panembahan ngandika
inggih wonten kang gentosi
malihipun
pan Nigro sampun gumantya
tilare kumendhan Kobis.*

Tetapi di Prabalingga
Jayalalana sudah diganti
karena jelek perbuatannya
makanya digantikan
saudaranya yang menggantinya
bernama Puspakusuma
yang duduk di hadapan Raja.

Sakeber tadi berkata
sukurlah kalau sudah ada
yang mengganti
kalau sudah selesai berembug

saudara Panembahan
para Tumenggung pulanglah
semua
juga Tuan Panembahan
pulanglah ke negaranya.

Segera pamit semua
banyaknya Bupati manca negara
semua mundur bersama
yang mamakai payung tangkai
kalau dilihat seperti burung
gagak terbang banyak sekali
payungnya kertas kuning
seperti burung gagak ketika
dilihat.

Semua manca negara
pulang ke negaranya masing-
masing
tidak diceritakan lamanya
Sakeber olehnya duduk
dihadap semua bawahannya
hatinya sangat sejahtera

*Tanapi ing Prabalingga
Jayalalana sampun dipun
gentosi
saking awon damelipun
milane sinalinan
sanakipun kang kinarya
gentosipun
awasta Puspakusuma
kang linggih ngarsa narpati.*

*Sakeber wau ngandika
lah sukur yen sampun wonten
gumanti
yen sampun rampung kang
rembug
sudara Panembahan
lah kondura sagunging para
Tumenggung
muwah Tuwan Panembahan
kondura dhateng nagari.*

*Sigra apamit sadaya
sakehe bupati manca nagari
sadaya pan sami mundur
ingkang amawi bawat
yen dinulu lir peksi krendha
ambrubul
kang songsong kareta jenar
lir jangkung sareng tumiling.*

*Sagunging manca nagara
sowang-sowang mantuk
dhateng nagari
tan kocapa laminipun
Sakeber denny lenggah
apan kedhep sakalir
parentahipun*

Kartanagara pesisir.

Ganti diceritakan

Belambangan diceritakan lagi
perintah sangat rusuh
rusaknya Belambangan
pajaknya tiap bulan dipungut
setiap hari direbut tidak
boleh rakyatnya salah.

Katanya orang Belambangan
kapan ditolong Wong Agung
Wilis
jangan terlambat pertolongan-
nya
negara Belambangan
kapan ada yang sanggup me-
merangi
kepada Gusti Kutha Bedhah
saya nadar akan mengabdikan.

Asal tenteram Belambangan
walaupun diperintah oleh
Kumpeni
sering jujurilah hatinya
dan jangan merebut
dengan orang besar jangan mau
tidur
kepada istri saya
yang akhirnya menjadi sakit hati.

Diceritakan ada pedagang
dua orang rupanya bekas
priyayi
Purbalingga rumahnya

*manahe langkung raharja
Kartanagari pasisir.*

*Wonten ganti kang kocapa
Balambangan ganti ingucap
malih
parentah langkung arusuh
rusaking Balambangan
saben wulan pajegipun dipun
pupu
saben dina anjajarah yan kena
kawula sisip.*

*Kecaping wong Balambangan
kapan baya tulung Wong Agung
Wilis
selak kasep tulungipun
nagari Balambangan
kapan baya ana asanggup
amupuh
maring Gusti Kutha Bedhah
ngong kauli ngong angabdi.*

*Asal kreta Balambangan
nora ketang kaprentah mring
Kumpeni
nora jujura manahipun
lan aja anjajarah
lawan aja wong gedhe gelem
anjibus
maring rabining kawula
satemah gagatel ati.*

*Kocapa wonten adagang
wong kalih dhapur lungsuran
priyayi
Prabalingga wismanipun*

bernama Mas Purbakara
yang satu Puspanagara
namanya
bertempat tinggal di rumah
anaknya
yang bernama Mas Anom
Singgih.

Kemudian bercakap-cakap ber-
sama
Purbakara menjual bohong
sementara
dasar pantas berbohong
dengan Puspanagara
setiap kata ditertawakan
putranya
yang bernama Mas Anom
dengan Puspaningrat lagi.

Ki Purbakara berkata
Ki Mas Anom kalau kamu me-
nurut saya
kalau kamu ingin mulia
memangku di Belambangan
mintalah pertolongan kepada
Kumpeni
Ngabei di Prabalingga
yang dulu sanggup membantu.

Sanggup menjadi pengayom
asal ada suratmu sehelai
sebab saya yang sanggup
membawa suratmu
kalau sudah matang janjiku
waktu dulu
dan Ngabei Prabalingga
kamu jangan kuatir.

*aran Mas Purbakara
kang sawiji Puspanagara
rannipun
dudunung wismaning anak
kang wasta Mas Anom Singgih.*

*Yata sami cacaturan
Purbakara dol babab
sawatawis
dhasar gorohipun patut
lawan Puspanagara
sakecape ginuyu ing
putranipun
kang aran Mas Anom sira
lawan Puspaningrat malih.*

*Ki Purbakara angucap
Ki Mas Anom yen sira nut
mring kami
yen sira arsa aluhur
mangku ing Balambangan
anjaluha pitulung Kumpeni
agung
Ngabei ing Prabalingga
pan dhingin sanggup
anyangking.*

*Asanggup dadiya dhandhan
asal ana layangira sawiwir
mapan ingsun kang sumanggup
anggawa suratira
pan wus mateng jangjiningsun
duk rumuhun
lan Ngabei Prabalingga
aja sira walang ati.*

Tetapi ada yang saya minta
 kalau kamu selamat menjadi
 raja
 kepatihan yang saya minta
 yang menjadi perintah
 Belambangan jangan ada yang
 ikut-ikut
 teman sendiri yang memerintah
 dari yang paling kecil di negara.

Mas Anom menjawab perkataan
 an
 sebaiknya besuk dipikir bersama
 sebab hatiku kecewa
 kalau sebisa-bisa
 anak cucu jangan ada yang mengulang
 heran hati saya
 istri saya dibujuk.

Kalau dia sanggup menolong
 meluncurkan saya kepada
 Kumpeni
 semua bekel sudah berembug
 semua Belambangan
 katanya semua mengajak mengamuk
 kepada Gusti Kutha Bedhah
 yang itu yang dibenci.

Diceritakan sudah dirembug
 Ki Mas Anom kemudian membuat surat
 sudah jadi kemudian diberikan
 kepada Ki Purbakara
 kemudian bubar Purbakara
 berjalan

*Tapi ana kang sun tedha
 lamun sira slamet dadi narpati*

*kapatihan kang sun jaluk
 ingkang dadi parentah
 Balambangan aja na kang
 milu-milu
 reyang dhewe kang parentah
 sadhedhek merang nagari.*

*Mas Anom nauri ujar
 sapenede banjang samya
 pinikir
 wit ning kang manah kaduhung
 lamun kenging kenginga
 anak putu aja na ngawuleng
 wangsul
 gawoke manah kawula
 rabining wong den galenik.*

*Yen wonten sanggup tulunga
 nglarapaken ngawula mring
 Kumpeni
 bebekel lan mapan rembug
 sadaya Balambangan
 rembagipun sadaya ngajak
 angamuk
 dhateng Gusti Kutha Bedhah
 kang punika den sengiti.*

*Kocapa sampun arembag
 Ki Mas Anom tumulya karya
 tulis
 wus dadi nulya sinambut
 dhateng Ki Purbakara
 nulya bubar Ki Purbakara
 lumaku*

dengan Puspanagara
berjalan kedua orang.

13. Ki Kutha Bedhah dan Gusti Murah bersekutu dengan orang dagang bangsa Inggris diketahui oleh Gubernur Semarang akan menyerang Belambangan.

Tidak diceritakan yang berjalan Kutha Bedhah baru keluar menghadap dan Gusti Murah Ketut sudah ada di Pagelaran yang hadir para mantri punggawa agung diceritakan ada pedagang yaitu orang Inggris.

Masuk tanpa memberi Kapten Inggris seraya berkata saya permisi Wong Agung saya bertanya dengan hormat karena saya orang baru mendekat Wong Agung Ki Kutha Bedhah berkata minta duduk bersama.

Sudah siap semua duduk Gusti Murah bertanya dengan kata manis orang besar yang baru datang jangan salah di mana Tuan Wong Agung dulu

*kalawan Puspanagara
lumampah tiyang kakalih.*

13. *Ki Kutha Bedhah tuwin Gusti Murah, sanakan kaliyan tiyang dagang bongsa Anggris Kopegrun ngaturi uninga dhateng Gupernur Semarang badhe anggebag ing Balam-bangan.*

Tan kocapa kang lumampah Kutha Bedhah lagya miyos tinangkil lawan Gusti Murah Ketut wus aneng pagelaran kang siwaka para mantri punggawa agung kocapa wonten adagang anenggih titiyang Anggris.

Lumebu tanpa larapan sarya ngucap sira kapitan Anggris kawula tabe wong agung amba anilakrama rehning ulun wong anyar marek Wong Agung Ki Kutha Bedhah angucap lah ndha sami alinggih.

Wus tata samya alenggah Gusti Murah taken wacana manis wong agung kang lagya rawuh sampun abelatempa jeng ngandika Wong Agung pundi rumuhun

dahulu yang diharapkan
dan mana sebagai genting.

Kapten Inggris berkata
saya adalah orang Inggris
makanya mendekat Wong
Agung
tuan kalau sudi
berjalan disampar oleh Wong
Agung
itu orang berbelas kasihan
jalan saya berdagang.

Kalau tuan berkehendak
banyak dagangan saya yang
rahasia
obat mimis yang besar
juga macam senapan
juga sekelat dengan beludru
juga warna keemasan
cindhe mori dan sembagi.

Kutha Bedhah berkata pelan
Gusti Murah bertanya pelan
lebih baik seribu kali
tuan bersedia bersahabat
sebab saya orang lima sangat
miskin
kalau tuan akan tahu
mintalah tinggal di sini.

Di negara Belambangan
keadaan seisinya negara
di samping yang berupa sarang
di sini banyak

*ing ngarsa pundi sinedya
lan pundi pinangkeng wangking.*

*Kapitan Anggris angucap
pan kawula anenggih tiyang
Anggris
marmane marek Wong Agung*

*tuwan manawa sotah
pan lumampah sinampar
dhateng Wong Agung
pan tiyang amelas arsa
lampah kawula agrami.*

*Yen tuwan adarbe karsa
akathah dagangan amba kang
wadi
obat mimis mapan agung
muwah warni senapan
atanapi sengkelat lawan
baludru
muwah warni kekelingan
cindhe mori lan sembagi.*

*Kutha Bedhah lon angucap
Gusti Murah tannya wacana
aris
sokur bage kaping sewu
tuwan arsa sasanak
pan kawula wong nistha miskin
kalangkung
yen dika arsa karuha
lah nedha mondhoek ing ngriki.*

*Pa nagari Balambangan
sawontene saisining nagari
tanapi kang warna susah
ing ngriki pan akathah*

negara saya banyak pala ceng-
kih
sukur kalau mau
dendeng rusa dan lembu.

Kapten Inggris berkata
sebelumnya mengucapkan
terima kasih
sangat gembira
Kapten terkekeh-kekeh
kemudian mengambil arak dan
anggur
dan senapan sepasang
di samping obat dan mimis.

Di samping warna sekelat
dan mori beludru serta sembagi
tidak lama jalannya
utusannya sudah datang
kemudian digelar di hadapan
Wong Agung
Kapten Inggris berkata kepada
Wong Agung berdua.

Sampaikan kepada tuan kalian
ini saya memberi bakti
ini semuanya
tuan bagilah
saya tidak akan minta
kalau rela hati tuan
dagangan yang saya minta.

Semua barang dagangan
Belambangan saya yang meng-
himpun

*pala cengkeh nagara kula pan
agung
sukur bage lamun karsa
dhengdheng sangsam lawan
sapi.*

*Kapitan Anggris angucap
saderenge tampi tarima kasih
sakalangkung sukatanipun
Kapitan latah-latah
tan antara mundhut arak lan
anggur
lawan senapan sepasang
tanapi obat lan mimis.*

*Tanapi rupa sangkelat
lawan mori baludru lan
sembagi
tan adangu lampahipun
utusane wus prapta
dyan ginelar wonten ngarsane
Wong Agung
Kapitan Anggris angucap
dhateng Wong Agung kakalih.*

*Katura tuwan kaliyan
punika kawula ngaturi bekti
punika sadayanipun
tuwan dika paliha
pan kawula datan nedya an-
jajaluk
yen lega manah andika
dagangan kang kula tedhi.*

*Sawarnine kang dagangan
Balambangan kawula kang
dhapuri*

saya beli semuanya
seharga dagangan
dan bahan kayu jati yang lebih
besar
dan tuan membeli apa
semua orang Inggris.

Ki Kutha Bedhah berkata
Gusti Murah keduanya sama
menerima
semua yang diminta
segera terjangkau
Kapten Inggris berkata pelan
kalau tuan benar-benar akan
menampar
kepada Kapten Inggris.

Sebab sangat mencintai saya
setiap tahun saya datang ke sini
kalau besok saya kembali
pasti banyak dagangan
apakah besok tuan beli
tidak merasakan memiliki
berikan kepada dua orang besar.

Tetapi yang saya minta
minta pondokan yang bagus
kalau ada sawah dua bahu
luasnya pondokan
saya beli seharga tanahnya
biasanya orang berdagang
kalau mengumpulkan harus
lama.

Wong Agung berdua berkata

*kawula tebas sadarum
saajining dagangan
lawan lakar jati ingkang luwih
agung
lan tuwan mundhut punapa
sawontening tiyang Inggris.*

*Angucap Ki Kutha Bedhah
Gusti Murah karone samya
nampi
sakalir ingkang jinaluk
aglis sira tinekan
anggaremet Kapitan Inggris
amuwus
yen tuwan estu anampar
dhateng pun Kapitan Inggris.*

*Pan sanget suka kawula
saben tahun kula dhateng
mariki
yen benjang kawula wangsul
pasthi dagangan kathah
pan punapa ing benjang
paduka pundhut
tan angraosa gagadhah
katura Wong Agung kalih.*

*Tapi ingkang kula tedha
nedha papan pamondhokan
kang becik
wontena sabin rong bahu
wiyare pamondhokan
kula tebas saajine buminipun
pan adate wong adagang
yen dhapur kedah alami.*

Wong Agung kalih angucap

itu mudah kalau akan membeli
tanah
asal kembali selamat
pasti memberi tahu
yang menguasai Belambangan
Gusti Agung
kalau masalah dagangan
saya yang menguasai.

Diceritakan sudah lama
orang Inggris senang ada di
negara
dari orang kecil sampai besar
semua jual-beli
banyak rakyat yang menjual
lembu
yang lain itik ayam
yang lain lagi pisau.

Banyak yang menjual bahan
terbentang tempat pesisir
rakyat kecil suka ikut
semua bersahabat
semua dagangan sudah ter-
kumpul
sarang besar dari pulau
semua dikumpulkan.

Berhenti di Belambangan
tidak diceritakan tadi
tingkahnya Inggris
diceritakan Sakeber tadi
diceritakan pertemuan
Ki Tumenggung Candranagara
di depan
Ngabei di Prabalingga
tidak lama dia datang.

Sakeber tadi berkata

*pan agampil yen arsa nebas
bumi
asal salameta wangsul
pasthi atur uninga
kang misesa Balambangan
Gusti Agung
yen prakawis dadagangan
pan kawula misesani.*

*Kocapa sampun alama
tiyang Anggris rerep wonten
nagari .
wadya alit mapan agung
samy wade atumbas
pan akathah wadya ingkang
wade lembu
weneh ingkang bebek ayam
weneh urup-urup lading.*

*Kathah wong kang wade lakar
agelar kang papan munggend
pasisir
wadya alit suka atut
samy apasanakan sakathahe
dagangan sampun kadhapur
susuh agung saking musa
sadya dipun dhapuri.*

*Sigegen ing Balambangan
tan ingucap wau tingkahing
Anggris
kocapa Sakeber wau
kacatur magelaran
Ki Tumenggung Candranagara
neng ngayun
Ngabehi ing Prabalingga
tan adangu denny prapti.*

Sakeber wau ngandika

katanya terdengar manis
yang dulu Bapa Tumenggung
saya diutus memeriksa
orang Inggris kabarnya ber-
labuh
di negara Belambangan
kabarnya sudah lama.

Kemudian Ki Puspakusuma
segera berkata kepada orang
Kumpeni
saya mendekat kepada sang
Raja
yaitu memberi tahu
pada dasarnya mata-mata
saya sudah datang
yang dari Belambangan
memeriksa kapal Inggris.

Adapun si utusan
ini saya bawa ke sini
Setrayuda namanya
ada di belakang saya
kemudian melihat Sakeber
sambil bertanya
yang bernama Setrayuda
biarlah dia ke depan.

Marilah kamu katakan
di mana sekarang kapal Inggris
katakan biar panjang lebar
kalau benar kamu tahu
dan apa yang dikerjakan Inggris
berlabuh
di Negara Belambangan
dengan tidak bergeser.

*tembungipun pinirsa arum manis
pan dhingin Bapa Tumenggung
kula utusan mriksa
tiyang Anggris pan wonten
labuh
pa nagari Balambangan
wartine sampun alami.*

*Neher Ki Puspakusuma
sigra matur dhateng sri nara
Kumpeni
ulun marek mring sang prabu*

*nenggih atur uninga
wiyosipun telik kawula wus
rawuh
inggang saking Balambangan
mariksa baita Anggris.*

*Wondening punang utusan
punika kawula bekta mariki
Setrayuda wastanipun
wonten wingking kawula
yata mulat Sakeber sarya
andangu
inggang aran Setrayuda
lah sira den pareng ngarsi.*

*Lah payo sira matura
aneng ngendi mengko baita
Anggris
lah tutura den agalur
yen tuhu sira wikan
lawan paran karyaning Anggris
alabuh
ing nagari Balambangan
alawan datan gumingsir.*

Berkata Ki Setrayuda
 ya Gusti masalah orang Inggris
 karena berlabuh lama
 berhenti di Belambangan
 semua dagangan dihimpun
 pala cengkih sudah dibeli
 yang macam sarang ditimbang.

Di samping yang berupa bahan
 sudah digelar di tepi pesisir
 seperti paling tua susunannya
 bukan awak pedagang
 dasar ikut dengan Wong Agung
 Bali
 semua dagangan
 di Bali semua didatangi.

Tuan dimarahi Raja
 berkata tadi dalam hati
 benar Berton yang mundur
 inginnya menguasai sebelah
 timur
 Belambangan berembug akan
 menyerang
 kalau lama Belambangan
 didatangi perahu Inggris.

Tidak urung menjadi pergi
 pasti rugi nanti ratu Kumpeni

Sakeber berkata keras
 kepada Puspakusuma
 mundurlah Prabalingga dengan
 cepat

*Umatu Ki Setrayuda
 inggih Gusti prakawis tiyang
 Inggris
 marmane labuh adangu
 kendel ing Balambangan
 sakathahe dagangan samya
 kadhapur
 pala cengkeh pan tinebas
 kang warni susah kadhacin.*

*Tanapi kang warna lakar
 pan agelar wonten pinggir
 pasisir
 kados tabon rakitipun
 datan raga dagangan
 dhasar atut kalawan Wong
 Adung Wangsul
 sawarnine kang dagangan
 ing wangsul samya dhatengi*

*Andhika dukaning narendra
 ngunandika wau sajroning
 galih
 abener Berton kang mundur
 denneya ngarah bang wetan
 Balambangan rembuga arsa
 pinupuh
 yen aweta Balambangan
 sinaba perahu Inggris.*

*Tan wande dadya wisuna
 pasthi tuna ing tembe ratu
 Kumpeni
 Sakeber anabda asru
 dhateng Puspakusuma
 lah mundura Prabalingga den
 agupuh*

juga Bapa Cendranagara
mintalah pulang.

Kemudian diceritakan dulu
tidak lama Sakeber membuat
surat
sudah jadi suratnya
kemudian memanggil pesuruh
sudah datang di hadapan Sa-
keber
tidak lama berkata
berikanlah surat saya.

Cepat kamu jalankan
ke Semarang jangan lewat laut
berikan surat saya
kepada Deler Semarang
biar cepat jalanlah siang malam
kemudian cepat bubar
semua naik kuda.

Di jalan tidak diceritakan
jalannya sampai kota Semarang
diceritakan Prabu Gubernur
tadi sudah duduk
tanpa teman tetapi istri yang
duduk
sang Raja waspada melihat
kalau ada utusan yang datang.

Gubernur berkata keras
pesuruh mana kamu yang mem-
bawa surat
sang utusan cepat menjawab
saya dari Surapringga

*pun Bapa Candranagara
lah nedha kondura mulih.*

*Yata kawarna samana
tan adangu Sakeber karya tulis
sampun dados suratipun
nulya angawe upas
sampun prapta ngarsane
Sakeber wau
tan adangu awacana
aturena layang mami.*

*Den enggal sira lumampah
mring Semarang aja metu
jaladri
aturena suratingsun
maring Deler Semarang
den angancang lumakuwa
siyang dalu
tumulya bubar saksana
pra samya nitih turanggi.*

*Ing marga datan winarna
lampahira prapta kitha
Semarang
kocapa Prabu Gupenur
wau sampun alenggah
tanpa rencang ananging garwa
kang lungguh
sang Nata waspadeng tingal
yen wonten duta kang prapti.*

*Gupenur asru ngandika
upas ngendi sira kang mundhi
tulis
sang duta gepah umatur
ulun ing Surapringga*

Tuan Sakeber yang mengutus
ini suratnya
dihaturkan kepada Tuan Raja.

Kemudian diambil suratnya
ketika dibaca dirasakan dalam
hati
terlihat dalam hati
sudah diduga
tidak lama kemudian suratnya
digulung
sang Raja kemudian berkata
memanggil para mantri.

Tidak lama sudah datang
Sekretaris bersama para opsir
artinya opsir itu
mantri kalau orang Jawa
Sekretaris artinya juru tulis
semua sudah datang
di hadapan sang Bupati.

Sudah lengkap para punggawa
kata sang Raja dengan kata
manis
semua mantri agung
juga para punggawa
ini ada surat baru datang
Sakeber di Surabaya
ini memberi surat.

Isi suratnya
Belambangan sekutu dengan
Inggris
tidak bohong maksudnya
maka berkirim surat

*pun Sakeber pukulun ingkang
angutus
punika kang punang surat
katara paduka aji.*

*Dyan pinundhut kang nawala
duk winaca sinuksma jroning
galih
kawistareng jroning kalbu
yata sampun kaduga
tan adangu nawala nulya gi-
nuluh
sang nata nulya ngandika
animbali para mantri.*

*Tan adangu sampun prapta
suketaris tanapi para Upesir
artine Upesir iku
mantri mungguh wong Jawa
suketaris juru tulis artinipun
pan sadaya sampun prapta
ing ngarsane sri Bupati.*

*Wus pepak para punggawa
ngandika sang Nata wacana
manis
sakathahe mantri agung
muwah para punggawa
pan punika wonten-surat lagya
rawuh
Sakeber ing Surabaya
pan iki ngaturi tulis.*

*Wiraoose kang nawala
Balambangan sakait lawan
Anggris
datan lomba karepipun
mila akirim surat*

yaitu apa yang akan dirembug
kemudian dirembug
semua para opsir.

Berkata para punggawa
kalau mendapat Raja Betawi
sebaiknya terus diserang
negara Belambangan
malah besuk jadilah teman
semua di tanah Jawa
dikuasai oleh Kumpeni.

Di negara Belambangan
seumpama wayang itu jadi
layarnya
yang menjadi penyekat besar
bahwa di tanah Jawa
semua Belambangan tidak di-
gempur
hati orang Jawa
sungguh tidak mau bersatu.

Kalau hamba sang Raja
umpamanya dibujuk sang Raja
ya saya mau
menyerang Belambangan
tetapi ada yang saya minta
sang Prabu
semua prajurit Madura
itu jadilah teman.

Gubernur berkata pelan
kalau begitu tuan saya beri tahu
kepada sang Prabu agung
Jenderal di Betawi
bubarlah semua punggawa

*kang puniku punapa pirembag-
ipun
anuli dipun rembaga
saguning para Upesir.*

*Umatu para punggawa
yen angsala idi nateng Batawi
prayoga nuli ginepuk
nagari Balambangan
malah mandar ing benjang
dadiya batur
sadaya ing tanah Jawa
kawengkwa mring Kumpeni.*

*Pa nagari Balambangan
yen wayanga puniku dadi kelir
pan dadi ling aling agung
menggah ing tanah Jawa
sandhengane Balambangan tan
ginempur
manahipun tiyang Jawa
sayekti tan purun gilig.*

*Pan kawula sri nalendra
upamine den ajani sang Aji
pan inggih kawula purun
amupuh Balambangan
nanging wonten kawula tedha
sang Prabu
saguning wadya Madura
punika dadiya kanthi.*

*Gupernur alon angucap
yen mangkono manira tur udani
dhateng sang aprabiu agung
Jendral ing Batawiyah
lah bubara sadaya punggawa*

agung
tuan buat surat
kemudian akan menyuruh
utusan.

14. Gubernur di Semarang minta izin kepada Gubernur Jenderal di Betawi bahwa di Belambangan akan diserang oleh Kopegrun.

Tidak lama tadi sudah jadi suratnya Prabu di Semarang kebetulan katanya kemudian sudah ditutup diberi tali warna kuning kemudian memanggil pesuruh datang yang pantas disuruh menghadap kepada sang Raja Gubernur Jenderal di Betawi memberikan surat.

Sang Bupati berkata kamu berdua berjalanlah datang kepada sang Raja ini suratnya berikan kepada prabu Betawi kemudian sudah diterima suratnya Gubernur tidak lama sudah berjalan yang disuruh adalah pesuruh berdua sudah naik kapal.

Kemudian sudah dipasang

agung
manira akarya surat
pan arsa ngaturi paksi.

14. Gupernur ing Semarang nyuwun idi dhateng Gupernur Jendral ing Batawi, bilih ing Balambangan badhe linurugan ing Kumpeni.

DHANDHANGGULA

Tan adangu wau sampun dadi suratira prabu ing Semarang kaleresan ing tembunge yata sampun tinutup ingulesan talu ki kuning yata mulya ingundang upase wus rawuh kang patut kinen aseba mring sang Nata Gupernur Jendral Betawi angaturken nawala.

Angandika wau sri Bupati wong kakalih sira lumakuwa seba amaring sang katong iki lah suratingsun aturena prabu Batawi yata sampun atempa surat Gupernur tan adangu wus lumampah punang duta anenggih upas kakalih sampun nitih baita.

Kemudhinya wau wus rinakit

kapalnya sudah ke tengah
kemudian layarnya mengembang
dasar laju
pendayungnya tidak boleh tidur
berlayar pada waktu berawan
sampai timur laut
sudah terlihat Pulau Damar
tidak diceritakan sudah me-
lewati Pulau Putri
tiba di Betawi.

Menuju pada Komisaris
setibanya di rumah
Komisaris tadi terkejut
terkejut melihat
melihat orang membawa surat
memang sudah dikira
suratnya Wong Agung
tidak lama sudah disapa
kemudian berkata hamba utus-
an sang Raja
Gubernur di Semarang.

Diutus memberikan surat
kepada sang Raja prabu Betawi
ini adalah suratnya
Komisaris berkata
marilah mendekat Raja
segera kamu berjalan
menghadap sang Prabu
diceritakan sang Raja
kelihatan ditemui di taman
bunga
melihat petamanan.

Berputar-putar dengan para
gundik

*baitane wau wus manengah
anulya babar layare
dhasaripun alaju
pambelahe tan kena guling
mendhung-mendhung alayar
prapta timur laut
wus kongak ing Pulo Damar
tan kawarna kapungkur ing
Pulo Putri
prapta ing Batawiyah.*

*Pan anjujug wau Komisaris
sapraptane wau wismanira
Komisaris kaget mangke
kagete kang pandulu
aningali wong bakta tulis
yata sampun anyana
surate Wong Agung
tan adangu wus sinapa
nulya matur ulun dutaning
narpati
Gupernur ing Semarang.*

*Pan ingutus angaturken tulis
mring sang Nata prabu
Batawiyah
punika nenggih surate
Komisaris amuwus
alah payo marek narpati
nulya sira lumampah
aseba sang Prabu
kocapa sri naranata
ingulatan pinanggih ing taman
sari
ningali papethetan.*

Mider-mider lawan para selir

melihat gambar bangunan
 bermacam-macam gambarnya
 sungguh kesenangan ratu
 yang seperti gambarnya putri
 dilihat sangat menarik
 rupanya cantik
 seperti putri Cina
 yang lain gambarnya putri
 Belanda
 tersebut gambar binatang.

Diceritakan dia Komisaris
 kelihatan sedikit di pinggir
 pintunya
 sang Raja kemudian memanggil
 Komisaris cepat-cepat
 utusan berlari mendekati Raja
 tidak lama kemudian tiba
 di hadapan sang Prabu
 sang Raja kemudian berkata
 ada apa kemu menghadap saya
 apakah ada surat.

Kemudian Komisaris berkata
 benar kata tuan
 ada utusan yang isinya
 utusan dari Gubernur
 di Semarang memberi surat
 kepada Paduka Raja
 tadi yang diutus
 yang terakhir keluar sekali
 yang diutus dua orang
 ini suratnya.

Kemudian diambil suratnya

*aningali gambar wawangunan
 awarna-warna gambare
 tuhu klangenan ratu
 kang pinindha gambaring putri
 dinulu lir ngujiwat
 warnane pan ayu
 kang pinindha putri Cina
 kang saweneh gambare putri
 walandi
 anjrah gambaring kewan.*

*Kawarnaa sira Komisaris
 muntup-muntup pipi korinira
 sang Nata nulya angawe
 Komisaris agupuh
 duta lumayu marek narpati
 tan antara wus prapta
 ngarsane sang Prabu
 sang Nata nulya ngandika
 ana paran sira angaton mring
 kami
 baya ta ana surat.*

*Yata matur wau Komisaris
 apaan leres ingkang pangandika
 wonten utusan wiyose
 utusane Gupemur
 ing Semarang ngaturi tulis
 dhateng Paduka Nata
 wau kang den utus
 pan kantun ing wijil pisan
 ponang duta anenggih tiyang
 kakalih
 punika ingkang surat.*

*Dyan pinundhut wau ingkang
 tulis*

Prabu Betawi segera mundur
seraya membawa suratnya
sudah tiba di kerajaan
sudah duduk di kursi gading
digambar dengan emas
berada di kamar harum
sudah diusir si utusan
tiga Komisaris sudah pulang
ke betengnya.

Diceritakan sang Bupati
ketika dibuka suratnya tadi
selalu dirasakan
diceritakan lamanya
sudah terbenam matahari
setelah selesai Isya
waktunya malam
kemudian sang Raja
ketika turun tidur di sepi wangi

duduk di tempat tidur.

Ketika dilihat tadi suratnya
suratnya Deler Semarang
kemudian tersenyum hatinya
senyumnya sang Prabu
tidak seperti kalau orang
Inggris
akan mengalah kepada saya
benarlah jalannya
andaikata orang Belambangan
yang dipakai pengayoman
juragan Inggris
seperti tidak terbongkar.

Masih penuh gedong di Betawi

*sigra mundur prabu Batawiyah
sarwi anyangking surate
sampun prapteng kadhatun
wus alenggah ing kursi gadhing
cinitra ing kancana
munggeng kamar arum
wus tinundhung punang duta
Komisaris katiga pan sampun
mulih
dhateng pakuwonira.*

*Kawarnaa wau sri Bupati
duk binuka wau ingkang surat
tansah dipun raosake
kawarnaa ing dangu
wus samurup hyang bagaspati
yata wus bakda ngisa
wayahe kang dalu
yata wau sri narendra
duk lumengser asare neng ji-
nem wangi
lenggah ing pasareyan.*

*Duk tumingal wau ingkang tulis
suratira Deler ing Semarang
teka mesem ing galihe
eseme sang aprabu
nora kaya yen wonga Inggris
arsa ngendhih maring wang
benere ing laku
yen mungguh wong Balam-
bangan
kang kinarya dhandhane
juragan Inggris
kaya nora kabungkar.*

Maksih kebek gendhong ing

kalau takut beradu perang
dengan orang Inggris
tidak diceritakan pada malam
ketika sudah bangun pagi
kemudian sang Raja
tidak begitu lama
sudah keluar di pegelaran
memanggil semua para mantri
patih dan mantri.

Sudah lengkap para mantri
dan mantri sudah tiba
semua para Ideler
berjajar di depan
Sekretaris ada di belakang
Komisaris di kanan
Sakriba di depan
sang Raja kemudian berkata
semua saya panggil
ada surat datang.

Sebaiknya dibicarakan bersama
isi bunyi surat tersebut
bacalah segera
kemudian dikerjakan
ketika dibaca suratnya
oleh Ki Juru Tulis
di hadapan Wong Agung
bunyi suratnya
semua sudah mendengarkan
isi suratnya.

Itu bunyi suratnya

Batawi

*yen wediya ngadu gagelaran
kalawan wadya Anggrise
tan kawarna ing dalu
ing nalika wau bangun enjing
yata sri naranata
tan antara dangu -
wus miyos ing pagelaran
animbali sagunging kang para
mantri
patih lawan niyaka.*

*Sampun pepeking kang para
mantri
lan niyaka mapan sampun prapta
sadaya para Ideler
agelar munggeng ngayun
suketaris wus aneng ker
Komisaris ing kanan
sakriba ing ngayun
sang Nata nulya ngandika
pan sadaya marmane ing sun
timbangan
wonten nawala prapta.*

*Lah prayoga den sami udani
sarasane ungeling kang surat
lah nedha wacanen age
yata sampun sinambat
duk winaca kang punang tulis
maring Ki Juru Serat
ngarsane Wong Agung
ungele ponang nawala
pan punika sadaya wus ami-
yarsi
wiraose kang serat.*

Pan punika wiraosing tulis

saya memberi surat kepada
Gusti

Gubernur Semarang nanti
diberikan kepada Gusti Prabu
sang Raja Kumpeni
prabu di Betawi
serta direktur
yang menguasai tanah Jawa
yang berwenang semua
keluarga Kumpeni
di Pulau Jawa.

Isi surat tadi
sebab saya memberi surat
yaitu ada rasa
hamba tuan saya
saya beritahukan
kepada Paduka Raja
minta dimarahi
pada dasarnya Belambangan
kalau nanti ada kapal Inggris
semua kapal perang.

Bupatinya semua berkaitan
dan Inggris jamuannya setiap
hari
rakyat Belambangan semua
cinta kasih dan tunduk
seperti Kumpeni berlindung di
Jawa
rakyat Belambangan
besar kecil tunduk
bermacam-macam dagangan
semua diborong oleh juragan
Inggris
juga berujud bahan.

pan kawula Gusti atur serat

*Gupenur Semarang mangko
katur Gusti sang Prabu
sri narendra rajeng Kumpeni
prabu ing Batawiyah
sarta kang dhirektur
kang misesa tanah Jawa
kang amengku sagunge wadya
Kumpeni
ing Pulo tanah Jawa.*

*Wiyosipun wau ingkang tulis
marmanipun amba atur serat
anenggih wonten wiraos
amba tuwan pukulun
pan kawula atur adani
dhateng Paduka Nata
anuhun kang bendu
wiyosipun Balambangan
kala mangke pan wonten baita
Inggris
samyak kapal payudan.*

*Bupatine pan samya akait
lawan Anggris suguhe andina*

*wadya Balambangan kabeh
apened suyudipun
lir Kumpeni anglindhung Jawi*

*wadya ing Balambangan
geng alit asuyud
sawaranine dadagangan
pan kadhapur denira juragan
Anggris
muwah kang warni lakar.*

Kalau boleh saya minta Gusti
 lebih baik perintahlah Belam-
 bangan
 diperintah sang Raja
 Surapringga berembug
 kalau mendapat izin sang Raja
 Panembahan Madura
 berembug akan menyerang
 menyambut orang Belambangan
 maka sangat terima kasih saya
 Gusti
 masalah Belambangan.

Dan permintaan saya lagi
 desa Malang ada orang main
 wayang
 tidak jelas dalangnya
 Pendawa masih besar
 berjajar pada layar
 tidak jelas wayangnya
 maka sang prabu
 saya sangat terima kasih
 kalau boleh layarnya saya
 minta
 saya lepas semua.

Sudah tamat bunyi suratnya
 sudah diletakkan suratnya
 bersukaria tertawa semua
 Direktur pelan berkata
 sebaiknya sang Raja
 lebih baik merelakan
 permintaan Gubernur
 katanya dalam surat
 semua sepatah katapun tidak
 ada yang salah
 pantas dituruti.

*Yen kenginga kula suwun Gusti
 Balambangan luhung kaweng-
 kuwa
 kaparentah sang katong
 Surapringga pan rembug
 yen angala idi narpati
 Panembahan Madura
 arembug pinupuh
 amugut wong Balambangan
 mila sanget panuwun kawula
 Gusti
 prakawis Balambangan.*

*Lawan wonten atur kula malih
 dhusun Malang wonten wong
 awayang
 tan kantenan dhangdhalange
 Pandhawa maksih agung
 pan agelar munggi ing kelir
 tan kantenan kang wayang
 mila sang aprabu
 asangat panuwun kula
 yen sambada kelire kawula
 tedhi
 kula racut sadaya.*

*Sampun tamat ungele kang tulis
 wus sumeleh wau suratira
 pan suka gumuyu kabeh
 Dhirektur lon umatur
 priyogane sri narapati
 prayogane rinilan
 panedhane Gupermur
 ature sajroning surat
 pan sadaya sakecap tan wonten
 sisip
 suwawi tinurutan.*

Semua para mantri
 semua berembug katanya tadi
 kalau Gubernur minta
 ternyata sang Prabu tadi
 berkata manis
 jika sudah satu kata
 Opsir besar
 pasti menjawab surat
 ke Semarang sebaiknya diusir
 nanti
 utusan dari Semarang.

Sudah menyuruh membuat surat
 sang Raja kepada juru tulis
 tidak lama sudah jadi
 diberikan kepada sang Raja
 sang Raja berkata
 mana utusan Semarang
 cepat pulanglah
 surat ini terimalah
 cepatlah pulang sekarang juga
 pesuruh segera maju.

Sudah diterima surat tadi
 kemudian bubar utusan
 Semarang
 jalannya cepat-cepat
 semua naik perahu
 berlayar siang malam
 dasar layarnya mori
 anginnya laut
 sudah meliwati tanjung tanah
 sudah enak hatinya bagi yang
 sudah naik
 Gunung Roban menjulang ke
 atas.

*Sakathahe wau para mantri
 samya rembag wau aturira
 yen Gupenur panjaluke
 yata wau sang Prabu
 angandika wacana manis
 kalamun wus sarembug
 Upesir gung agung
 pasthi angangsuli surat
 mring Semarang prayoga ti-
 nundhung mangkin
 duta saking Semarang.*

*Yata sampun aken
 sri nalendra dhateng juru serat
 tan adangu sampun dados
 katur dhateng sang Prabu
 angandika sri narapati
 endi duta Semarang
 muliha den gupuh
 surat iki tampanana
 den agancang muliha padha
 saiki
 upas majeng saksana.*

*Wus atampi wau ingkang tulis
 nulya bubar duta ing
 Semarang
 lampahira age-age
 samya numpak parahu
 pan alayar rahina wengi
 dhasar layare motha
 anginipun laut
 wus kapungkur tanjung tanah
 sampun eca manahe kang
 samya nitih
 Gunung Roban mangungang.*

Tidak diceritakan yang berada
diceritakan tadi sang Raja
menghadap Gubernur nanti
lengkap punggawa agung
Kyai Patih sudah datang
di hadapan sang Raja
sang Prabu Gubernur
semua kesatria seberang
banyak yang seakan-akan maju
perang
berjajar para kapten.

Macam-macam para prajurit
yang datang menghadap Raja
yang lain jenisnya
kesatria pesta besar
yang datang menghadap Raja
juga prajurit Mandhar
Makasar juga besar
orang Ternate dan Wandhan
orang Serani Portugis dan
Bugis
semua lengkap.

Sudah lengkap para opsir
dihadapan sang Raja
semua besar hatinya
semua tidak ada yang ke-
tinggalan
yang bernama para prajurit
semua sama gembira
hatinya mau
sang Raja kemudian berkata
kepada semua prajurit

*Tan kocapa kang aneng jaladri
kawarnaa wau sri narendra
Gupenur sineba mangko
pepek punggawa agung
Kyai Patih sampun anangkil
ing ngarsane sang Nata
sang prabu Gupenur
sagunge satriya sabrang
pan akathah kang binadhe
badhe jurit
gelar para Kapitan.*

*Warna-warna kang para
prajurit
ingkang seba dhateng sri
nalendra
kang waneh saking jinise
satriya prasman agung
kang aseba dhateng narpati
miwah prajurit Mandhar
Mekasar pan agung
wong Ternate lawan Wandhan
wong Serani Pertegis kalawan
Bugis
samya pepek sadaya.*

*Sampun pepak kang para Upesir
ing ngarsane wau sri nalendra
pan samya ageng manahe
sadaya pan tinantun*

*kang anama para prajurit
sadaya sami enggar
manahe apurun
sang Nata nulya ngandika
maring sira sakathahe kang
prajurit*

juga para mantri.

Semua saya taruh
kalau masalah Negara Belam-
bangan
seperti apa katanya
kalau Wong Agung berkata
kamu dera Belambangan
sangat saya harapkan
kepada sang Prabu
semua para Punggawa
sebaiknya perangilah
tidak urung berjalan.

Walaupun ada perintah Raja
malam dan siang Betawi
sudah siap bertemu
dengan pindahanya
Bapa Ki Adipati
tuan siapkan kapal
prajurit yang besar
Ki Adipati di Semarang
katanya semua sanggup
siap keprajuritan.

Sudah dipanggil tadi Ki Adipati
semua manca negara
sudah dipanggil semua
memberi prajurit besar
dan para pengeliling sudah siap
diceritakan para Komandan
sampai Kapten semua siap
siap berperang.

Di samping semua pesisir

muwah para niyaka.

*Pan sadaya padha ing ngong
tari
yen prakawis Nagari Balam-
bangan
kadya punapa rembuge
yen rembuga wong agung
Balambangan manira gitik
sanget panedhaning wang
marang sang aprabu
saguning para punggawa
prayogane lah padha caosa
jurit
datan wande lumampah.*

*Nadyan ana timbalan narpati
Batawiyah dalu lawan siyang
kapanggih sampun cumaos
lawan sapindhahipun
pan pun Bapa Ki Adipati
tuwan caos baita
pacalang kang agung
Ki Dipati ing Semarang
aturipun sadaya sandika sami
cawis kaprajuritan.*

*Sampun undhang wau Ki Dipati
sakathahe kang manca nagara
sampun den undhang kabeh
caos pacalang agung
lan pra mayang samya acawis
kocapa para Kumendhan
myang Kapitan sadaya samya
acawis
sasikeping ngayuda.*

Atanapi saguning pasisir

yang barat maupun yang timur
sudah dikerahkan kapalnya
kemudian sang Prabu
berkata dengan kata manis
siapa yang patut besuk
pergi menuju
para Kapten berkata
sewaktu-waktu saya diadu
dengan Inggris
juga orang Belambangan.

Kalau sudah disuruh sang Bu-
pati
apa tuan menanti
lebih baik berjalanlah cepat
jangan mempunyai kata
asal diperintah Prabu Betawi
saya yang berjalan
menyambut perang pukul
menyambut orang Belambangan
di samping ganti lempar dengan
Inggris
tidak mundur selangkah.

Belum berhenti sang Bupati
bercakap-cakap seluruh punggawa
mendadak kedatangan
si utusan datang
datangnya membawa surat
ketika tadi kelihatan
oleh sang Prabu
dua pesuruh cepat-cepat
jalannya sudah tiba dihadapan
raja
serta membawa surat.

*inggang kilen muwah inggang
wetan
wus kinerig baitane
yata wau sang Prabu
angandika wacana manis
sapa layake benjang
lumaku anglurug
umatur para Kapitan
kapen-kapen kula abenen lan
Anggris
muwah wong Balambangan.*

*Lamun sampun esah sri Bupati
pan punapa tuwan ingantosan
luhung lumampahe age
sampun kagungan rembug
asal atas prabu Batawi
ulun inggang lumampah
amagut prang pupuh
amagut wong Balambangan
atanapi salin sawat lawan
Anggris
merang mundur sajangkah.*

*Dereng kendel wau sri Bupati
pagineman sagunging punggawa
kasaru wau dhatenge
ponang utusan rawuh
praptanira amundhi tulis
dupi wau katingal
dhateng sang aprabu
upas kalih pan agepah
lampahira wus prapta ngarsa
narpati
sarwi mandhi nawala.*

Sang Bupati tergilagila
ketika mendengar siutusan
selalu diperhatikan
ke dalam badan merunduk
sebab mendengar yang dilihat-
lihat

cekatan hati sang Raja
tajam pendengarannya
dua utusan raja berkata
saya diutus Paduka Raja
datang di Betawi.

Sudah diberikan tuan suratnya
ini menjawab surat
berikan kepada sang Raja
cepat kemudian diambil
suratnya diminta sang Raja
segera surat dibuka
dirasakan dalam hati
raut muka sang Raja
sudah terlihat pertanda kalau
sudah berhasil
tersenyum serta mengerling.

Sang Bupati tadi berkata
semua Kumpeni Semarang
biar tahu semua
ini suratnya Raja
kalau tidak percaya ini
bunyi suratnya
permintaan saya
supaya menyiapkan prajurit
meriam
semua meriam dalam loji
bakarlah semua.

*Kapileng-leng wau sri Bupati
duk miarsa ature kang duta
tansah dipun tilingake
mengleng jro ga tumelung
pan tumiling kang liling-liling*

*cakut manah nalendra
mangukih pangrungu
umatur dwi duta nata
pan kawula ingutus paduka aji
marek mring Batawiyah.*

*Sampun katur tuwan ingkang
tulis
pan punika angangsuli surat
katura dhateng sang katong
gepah nulya pimundhut
kang nawala patedhan aji
siga serat binuka
sinuksma ing kalbu
nityane sri nara nata
pan katawis tandhane yen
angsal kardi
mesem sarwi ngujiwat.*

*Angandika wau sri Bupati
sarupane Kumpeni Semarang
den padha mirsa akabeh
iki layanging ratu
bilih datan pracaya iki
ing ungele kang serat
ing panedhaningsun
kestabel dera cawisa*

*sarupane mariyem sajroning
loji
kabeh sira bakara.*

Kemudian membaca surat Raja
para punggawa semua berdiri
itu bunyinya
peringatan tandanya
suratnya raja Kumpeni
Kangjeng Gubernur Jenderal
yang menduduki
di Negara Betawi
yang menguasai semua tanah
Jawa
yang memangku tanah seberang.

Perintahlah kepada Adipati
yang menjadi Gubernur
Semarang
Mis Tri Johanis namanya
yang diberi kedudukan
yang memangku bala Kumpeni
isi suratnya
adalah yang diperintah
perintahnya memberikan surat
utusannya sudah datang di-
hadapanku
saya sangat terima kasih.

Apalagi kami meminta
kepada tuan Negara Belam-
bangan
diharapkan biar menjadi satu
menjadi kepunyaanku
sudahlah saya relakan
sudah saya rembug
mantri pembesar
semua suka hatinya
Belambangan kumpulah jadi
satu dengan tanah Jawa.

*Dyan winaca layanging narpati
samyang ngadeg kang para
punggawa
sapunika wiraoase
penget pratandhaningsun
layangingsun rajeng Kumpeni
Kangjeng Gupenur Jendral
ingkang apalungguh
pa Nagari Batawiyah
kang misesa ing sagunging
tanah Jawi
amengku tanah sabrang.*

*Lah dhawuhan marang Ki
Dipati
kang jumeneng Gupenur
Semarang
Mis Tri Johanis namane
ingkang sinungan lungguh
kang amengku wadya Kumpeni
wiyose ingkang surat
nenggih kang kadhawuh
pakenira atur surat
dutanira wus prapta ing ngarsa
mami
langkung tarimaning wang.*

*Apadene sira anenedhi
mring manira Nagri Balam-
bangan
den pamrih dadi kumpule
kadarbeya maringsun
alah iya ing ngong lilani
uwis manira rembag
niyaka gung agung
sadaya suka kang manah
Balambangan kumpula dadi
sawiji lawan ing tanah Jawa.*

Kamu jangan kuatir
sudah saya potong pada pe-
gelaran
semua pembicaraan
kamu mengadu pukul
pada peperangan Kumpeni
musuh orang Belambangan
terserah Gubernur
di negara sebelah timur
tanah Jawa baik maupun buruk
serahkan kepada saya.

Seumpama kamu selamat meng-
hadapi bahaya
diawasi kiri kanan
Ratu Jawa masih ada dua
jagalah dua itu
kalau salah terima
ratu-ratu dalang
wayangnya besar
semua manca negara
yang namanya bupati me-
megang negara
semua jangan pergi.

Menjaga negaranya sendiri
jangan ikut pada peperangan
hanyalah bahunya saja
sebaiknya semua membantu
prajurit akan mengiring
Kumpeni yang berperang
yang menjadi penganjur
kalau mengadu bupati Jawa
menang kalau hatinya besar
supaya diganjar banyak.

*Aja sira nganggo walang ati
wus ngong tigas aneng pa-
gelaran
sadaya arembug kabeh
sira angaben pupuh
ing yudane wadya Kumpeni
mungsuw wong Balambangan
mongsa bodho Gupenur
pa nagara ing bang wetan
tanah Jawa ing ala kalawan
becik
kasraha maring sira.*

*Poma sira den prayitneng
westhi
dipun awas mulat keru kanan
ratu Jawa maksih roro
reksanen karo iku
pan manawa asalaha tampi
ratu-ratu dhadhalang
ringgite pan agung
sagunging monca nagara
kang anama bupati nyepeng
nagari
kabeh aja na lunga.*

*Angreksa anagrine pribadi
aja sinung melu ing ngayuda
amunga pundhake bae
yogya samiya urun
wadyabala bakal angiring
Kumpeni kang ayuda
kang dadi panganjur
yen ngadu bupati Jawa
lamun menang manawa gedhe
kang ati
akehe mrih ginanjar.*

Jangan lain yang ditaruh
 kalau masalah memutus musuh
 besar
 selain Madura
 tetapi sebaiknya
 kamu sendiri yang berjalan
 segera kamu pertemukan
 Panembahan Agung
 kalau sanggup mengakhiri
 Belambangan segeralah cepat
 bubarlah
 jemputlah Belambangan.

Sudah selesai tadi suratnya
 kemudian bukalah topinya
 tidak lama tandanya
 segera di loji besar
 seperti bunyi guruh ke tujuh
 seperti guntur gunung
 bunyinya menggelegar
 bercampur sorak prajurit
 karena suka hatinya para pra-
 jurit
 yang akan berperang.

Sudah lengkap prajurit
 Kumpeni
 delapan puluh yang pilihan
 semua memegang pedang
 memakai senapan halus
 sudah bersiap di hadapan Raja
 dasar sudah siaga
 pakaiannya bagus
 sang Raja kemudian berkata
 minta Tuan Adipati
 bubar menuju Surabaya.

*Aja liya ingkang sira tari
 yen prakara mupuh satru jaya*

*liyan saking Madurane
 anging prayoganipun
 sira dhewe ingkang lumaris
 age sira panggiha
 Panembahan Agung
 yen sanggup amungkasan
 Balambangan lah sira bubarna
 aglis
 maguta Balambangan.*

*Sampun titi wau ingkang tulis
 nulya sami buka topinira
 tan antara tengarane
 sigra ing loji luhur
 kadya gerah kapitu muni
 lir guntur kang prawata
 myang pating jalegur
 awor surake kang wadya
 saking suka manaha prajurit*

ingkang badhe ayuda.

*Dyan pinepek kang bala
 Kumpeni
 wolungdasa ingkang pipilihan
 samya nikip ing pedhange
 ngagem senapan alus
 wus atata ngarsa narpati
 dhasar samya siyaga
 busana abagus
 sang Nata nulya ngandika
 alah nedha Bapa Tuwan
 Adipati
 bubar mring Surabaya.*

Macam-macam para bupati
siapkan perahunya saja
dan pendayung yang cakap
yang lain jangan ikut
yang hati-hati menjaga negara
saya sendiri berangkat
akan berembug
ke negara Surabaya
memimpin yang akan berperang
prajurit yang dana mati.

15. Pembesar Belanda dan para bupati berangkat bersama pergi ke Belambangan.

Kemudian sang Bupati
berdandan dengan semua prajuritnya
prajurit berkuda dibawa semua
bajunya sutera kuning
semua serba kuning
didampingi prajurit
berbaju hitam semua.

Yang menjadi pemimpin perang
Ki Balengker namanya
menjadi komandan besar
kemauannya sangat kuat
kemudian sudah berbusana
Komandan Balengker tadi
menjadi pemimpin perang.

Kemudian Adipati
di Semarang sudah berdandan
memakai busananya

*Sarupane kang para bupati
acawisa palwane kewala
lan wasisan pambelahe
mapan aja na tumut
kang prayitna jaga nagari
ing ngong dhewe lumampah
pan arsa arembag
mring Nagara Surabaya
amematah kang arsa andon
ajurit
wadya kang dana pejah.*

15. Pangageng Walandi tuwin para bupati sami pangkat ngalurug dhateng Balambangan.

ASMARADANA

*Yata wau sri Bupati
adandan sabalanira*

*legonder binekta kabeh
kulambine sutra jenar
sadaya samya jenar
tanapi kang saradhadhu
abaju cemeng sadaya.*

*Kang dados titindhih jurit
Ki Balengker namanira
kinarya Kumendhan gedhe
kalangkung purunan nira
yata sampun busana
Kumendhan Balengker wau
dados titindhih ngalaga.*

*Yata wau Adipati
ing Semarang wus adandan
pan angrasuk busanane*

prajuritnya sudah siap
juga mantri punggawa
ramai prajurit gemuruh
yang sama berebut kapal.

Gubernur sudah naik
kapalnya penuh
kapal besar yang bagus memuat
Ki Adipati Semarang
naik sekocinya
kapal mancanegara besar
sebelah timur datang semua.

Diceritakan sang Raja
Gubernur sudah berlayar
mengiring banyak perahu
asri kalau dilihat
seperti terurai
semua membawa tombak
menanti jalannya kapal.

Kapalnya para mantri
sudah berlayar semua
seperti gerombolan kupu-kupu
dilihat dari tengah
asri bermacam-macam
di tengah samudera besar
beramai-ramai pukulan.

Tidak diceritakan sang Bupati
yang baru berlayar
Sakeber diceritakan nanti
memanggil manca negara
semua sudah datang
ngabei para Tumenggung
sudah datang semua.

Kemudian semua menghadap

*sabalanya wus siyaga
miwah mantri punggawa
aramé wadya gumuruh
kang sami rebut baita.*

*Gupenur sampun anitih
baitanira apelag
kapal ageng adi kaot
Ki Dipati ing Semarang
nitih sakocinira
palwa mancanegara gung
bang wetan prapta sadaya.*

*Kocapa sri narapati
Gupenur sampun alayar
ingiring baita akeh
asri lamun tiningalan
kadya sasapu wudhar
samyá papalandhen wau
angantos lampahing kapal.*

*Palwanira para mantri
wus sami layar sadaya
lir pendah kupu raraton
katingal saking mandrawa
asri awarna-warna
satengahing samodra gung
aramé tabuh tabuhan.*

*Tan kocapa sri Bupati
kang lagya alalayaran
Sakeber kocapa mangko
nimballi manca nagara
sadaya sampun prapta
ngabehi para Tumenggung
wus sami prapta sadaya.*

Pan lajeng samya anangkil

di hadapan sang Raja
lengkap dengan mancanegara
ada lagi diceritakan
Adipati Madura
yaitu Panembahan Agung
nama Cokroadiningrat.

Kemudian semua menghadap
sudah siap duduk bersama
berjajar di hadapannya
Sakeber di Surapringga
sudah enak duduk
Sakeber berkata manis
kepada raja Madura.

Panembahan Adipati
makanya tuan diberi tahu
datang di kantor
saya mendapat surat
kepada Gusti Semarang
suratnya dari Gubernur
ratu besar di Betawi.

Isi suratnya
masalah Belambangan
yang nanti diminta
memukul dengan perang
jangan sampai tewas
perkara mengadu pukul
serahkan kepada tuan.

Semua para bupati
semua di sebelah timur
memberi kapal saja
di Bangil dan Pasuruhan
juga di Prabalingga
siapkan kapalnya
semua kapalnya.

*ing ngarsane sri narendra
pepak mancanagarane
wonten malih kawarnaa
Adipati Madura
nenggih Panembahan Agung
nama Cokroadiningrat.*

*Pan lajeng samya anangkil
wus tata samya alenggah
agelar munggeng ngarsane
Sakeber ing Surapringga
sampun eca alenggah
Sakeber wacana arum
dhateng sang nateng Madura.*

*Panembahan Adipati
marmane tuwan katuran
pinarek wonten ing kantor
kawula sinungan surat
dhateng gusti Semarang
pan surat saking Gurnadur
ratu ageng Batawiyah.*

*Wiraose ingkang tulis
prakara ing Balambangan
ing mangke kinarsakake
amupuh kalayan yuda
sampun kongsi tatiwas
prakara angadu pupuh
kasraha dhateng paduka.*

*Sagunge para bupati
sarupane ing bang wetan
acaosa palwa bae
ing Bangil lan Pasuruhan
muwah ing Prabalingga
caosa baitanipun
sawadyane kang baita.*

Janjinya sang Bupati
Prabu Deler di Semarang
datangnya sehari nanti
sebab dipercepat
semua memberi kapal
kemudian disuruh bubar.

Kemudian sang Bupati
belum berhenti bicara
mendadak kedatangan
Gubernur Deler Semarang
sudah tiba di muara
bunyi meriam menggelegar
dijawab loji pecah.

Meriamnya sudah dibasmi
semua di loji pecah
Sakeber cepat keluar
juga Prabu di Madura
menjemput bersama
diiring para Tumenggung
menjemput Prabu di Semarang.

Rakyat kecil menghantarkan
seperti sulung musim hujan
keempat
saat keluar dari lubangnya
tidak lama kemudian
sang Prabu di Semarang
Ideler sudah turun
sudah turun dari kapalnya.

Panembahan Adipati
sudah siap menerima
semua bupati mengiring
Tumenggung Candranagara
sudah berjabat tangan
di Sumenep bersamanya

*Semadose sri Bupati
prabu Deler ing Semarang
rawuhe sadina mangke
karanten dipun agancang
sami acaos palwa
anulya kinen bubara.*

*Yata wau sri Bupati
dereng kendel angandika
kasaru wau rawuhe
Gupenur Deler Semarang
wus prapta ing muara
mariyem muni jumegur
sinauran loji bentar.*

*Mariyeme wus binasmi
sadaya ing loji bentar
Sakeber grawalan miyos
muwah prabu ing Madura
yata sareng amapag
ingiring para Tumenggung
methuk Prabu ing Semarang.*

*Untabe kawula cilik
lir sulung labuh kapat
anedheng ing bubulane
yata wau tan antara
sang Prabu ing Semarang
Ideler sampun tumurun
wus tedhak saking baita.*

*Panembahan Adipati
wus sami atata krama
bupati umiring kabeh
Tumenggung Candranagara
sampun ajawat asta
ing Sumenep sarengipun*

gemuruh mancanegara.

Tidak lama kemudian duduk
berada di gedung pagelaran
sudah duduk pada tempatnya
Sakeber duduk agak jauh
tidak mau berjajar
tetapi Panembahan Agung
berjajar sang Raja.

Sudah duduk di Sumenep
Surapringga jajaranya
di Tandes duduk keduanya
di dampingi Pasuruhan
di Bangil dan Prabalingga
Tumenggung di Sidayu
berjajar dengan Surapringga.

Berjejal para bupati
juga putra di Madura
pada pagelaran terbentang
didampingi para Komandan
Nigro Pasuruhan
sudah duduk bersama
dan Komandan di Madura.

Sudah tiba di Sumenep
Petornya sudah datang
jajar Petor di Tandes
ajudan berjajar di luar
di luar digelar
pembesar Lo Peres tiduran
berkumpul dengan Kopral.

Semua sudah siap
yang bernama kelurahan
pimpinan prajurit meriam ragu-
ragu
kena bahaya mata-mata (polisi

gumerah moncanagara.

*Tan antara wus alinggih
munggeng gedhong pagelaran
wuse prenah ing linggihe
Sakeber linggih atebah
tan purun pajajaran
nanging Panembahan Agung
ajajar sri nara nata.*

*Ing Sumenep wus alinggih
Surapringga jajarira
ing Tandhes lenggah kalihe
tanapi ing Pasuruhan
ing Bangil Prabalingga
den Tumenggung ing Sidayu
ajajar ing Surapringga.*

*Ajejel para bupati
muwah putra ing Madura
ing pagelaran pan andher
tanapi para Kumendhan
pan Nigro Pasuruhan
pan sampun sami alungguh
lan Kumendhan ing Madura.*

*Ing Sumenep sampun prapti
Petore sampun sewaka
Petor ing Tandhes jajare
ajidan andher ing jaba
ing jawi pan agelar
Lo Peres sareyan agung
akumpul kalawan Kopral.*

*Sadaya samya acawis
kang anama kalurahan
kestabel lurahe mranggo
kapraharan kajineman*

sandi)

Lagonder siap mati
prajurit serdadu
semua siaga.

Tadi sang Bupati
sang Prabu di Semarang
sudah makan nanti
kemudian berkata
kepada Prabu Madura
saudara saya orang Agung
Panembahan di Madura.

Sebab saya datang ke sini
akan minta berembug
dari perintah Raja
gubernur di Betawi
yang memerintah saya
yaitu disuruh berembug
perkara di Belambangan.

Perintah sang Bupati
semua negara Belambangan
nanti disuruh merebut
dipukul dengan peperangan
seumpama direbut
tidak boleh berjanji besuk
kehendak Raja Kumpeni.

Dan yang kedua
Negara Belambangan
serahkan saudara saya
Panembahan di Madura
pecahnya Belambangan
tidak ada baiknya
kalau bukan tuan Madura.

Yang baik meratakan bumi

*Legonder talang pati
gulang-gulang saradhadhu
sadayu sami siyaga.*

*Yata wau sri Bupati
sang aprabu ing Semarang
sampune adhahar mangko
tumulya wau ngandika
dhateng prabu Madura
sudara kula wong Agung
Panembahan ing Madura.*

*Marma ulun prapta ngriki
arsa nedhi pirembag
saking timbalane katong
gurnadur ing Batawiyah
kang dhawuh mring kawula
pan inggih kinen pirembug
prakawis ing Balambangan.*

*Timbalane sri Bupati
sa Nagari Balambangan
kinen angrebuta mangko
pinupuh kalawan yuda
poma dipun karebat
tan kenging semayan besuk
karsane Kumpeni raja.*

*Lawan ingkang kaping kalih
pa Nagari Balambangan
kasraha sudaraning ngong
panembahan ing Madura
pecahe Balambangan
tan waton prayoganipun
yen dede tuwan Madura.*

Kang yogya ngrata abumi

gunung besar dan samodera
tumpulkan pedang yang menonjol
timbunlah jurang yang berlembah
tetapi tuan Madura
musuh besar sang Prabu
serahkan tuan Madura.

Didampingi Linggamanik
serahkan kepada paduka
masalah supaya dapat
pecahnya Belambangan
hanya tuan Madura
yang dicita-citakan sang Prabu
tetapi Tuan Panembahan.

Kemudian Adipati
Panembahan di Madura
agak merah mukanya
watak sifat keturunan Madura
berbicara dalam hati
tidak mabuk sang Prabu
tidak percaya orang Madura.

Tandanya sang Bupati
banyak yang berkata
adapun datang berubah adat
memberi madu manisan
yang namanya mendua hati
akhirnya berkata pelan
Adipati di Madura.

Kalau mendapat izin sang Raja
raganya orang Madura
kalau diadu di Palagan
kalau paduka percaya
kapada raga saya

*gunung agung lan samodra
mepera parang kang moncol
nguruga jurang alebak
anging tuwan Madura
satru jayane sang Prabu
kasraha Tuwan Madura.*

*Tanapi ing Linggamanik
kasraha dhateng paduka
prakawis amrih kenginge
pecahe ing Balambangan
amung tuwan Madura
ing kang jinongka sang Prabu
anging tuwan panembahan.*

*Yata wau Adipati
panembahan ing Madura
asmu abrit wadanane
watek wantu trah Madura
micareng jronig nala
nora talah sang aprabu
tan pracaya wong Madura.*

*Pratandhane sri Bupati
akathah kang pangandika
dene teka kadingaren
paring madu mamanan
dennya nama ro tingal
wekasan alon umatur
Adipati ing Madura.*

*Yen angsal idi narpati
raragane wong Madura
den adua ing palugon
asal paduka pracaya
dhateng raga kawula*

saya tekadi sampai hancur
lebur
malu mundur selangkahpun.

Sehingga badan saya
telur dipakai pelempar
dilemparkan kepada sang Raja
kalau hancur dilempari
jangan berhenti kena perintang
kalau prajurit saya mundur
soraklah dari belakang.

Ideler menjawab pelan
saya sangat terima
sebab saudara nanti
menolong kehendak Raja
kemudian sang Raja
berkata kepada Ki Tumenggung
bupati di Surapringga.

Bapa tuan siaplah
sebanyaknya yang menyamar
dengan Jayadirana
cepat siapkan kapal
yang akan dinaiki
Kumpeni akan pergi
Komandan Balengker juga.

Dan lagi saya taruh
Nigro di Pasuruhan
jadilah senapati
Kumpeni banyak-banyak
terserahlah kamu
hindari rintangan
dan carilah tempat.

Sebaiknya kamu lihat
waspadalah di jalan

*sun rewangi lebur luluh
isin mundura sajangkah.*

*Saenggane awak mami
antiga kinarya sawat
binandhemena sang katong
yen rempu binandhemena
sampun kempa kapalang
yen wadya kawula mundur
den kasuraka saking wuntat.*

*Ideler nahuri aris
kalangkung trima kawula
rehning sudara ta mangko
atulung karyaning nata
yata sri nara nata
ngandika mring Ki Tumenggung
bupati ing Surapringga.*

*Lah bapa andika cawis
sakathahe kang pra maya
muwah Jayadiranane
lah age caosa palwa
badhe titihanira
Kumpeni andon anglurug
Kumendhan Balengker muwah.*

*Lawan malihe ngong tari
pan Nigro ing Pasuruhan
dadiya senapatine
Kumpeni akathah-kathah
mongsa bodhoa sira
angrubuta ing pakewuh
lawan arebuta papan.*

*Pragoga sira ngulati
kang waspada ing dadalan*

yang sudah pernah tahu rintangan
 kamu Nigro berkatalah
 Gusti kata saya
 adapun yang sudah tahu
 bahayanya Belambangan.

Sang Raja berkata halus
 kepada dua orang
 Bapa saya taruh
 kamu tunjukkan jalan
 ke Belambangan
 lebih baik Bapa besuk
 dapatlah membalas kepadanya.

Tepasana bapak tunggu
 katanya sanggup
 pada pekerjaan sang Raja
 hancurkan seperti air
 saya sanggup
 kata sang Prabu
 kepada Komandan Pasuruhan.

Kamu bubarlah cepat
 kerahkanlah prajurit
 iringlah di Bangil nanti
 kepada Komandan di Semarang
 memukul Belambangan
 Ki Surajaya berkata
 saya sanggup.

Semua para bupati
 semua jangan pergi
 tinggalah di Bangil saja
 iringkan Balengker
 yang sudah pernah perang
 diceritakan sudah turun

*kang wus tau pakewuhe
 pan Nigro umatur sira
 Gusti atur kawula
 wondene kang sampun weruh
 pakeweding Balambangan.*

*Sang nata ngandika aris
 dhateng tiyang kalih sira
 bapa anggane ngong taros
 lah sira tuduha marga
 maring ing Balambangan
 pirang bara bapa besuk
 wageda males mring sira.*

*Tepasana bapak anti
 ature dhateng sandika
 ing ayahan sang katong
 lebura den kadya tirta
 kula dhateng sandika
 angandika sang aprabu
 mring Kumendhan Pasuruhan.*

*Lah sira bubara aglis
 ngirida kang wadyabala
 ing Bangil ngiringa mangko
 mring Kumendhan ing
 Semarang
 mupuh ing Balambangan
 Ki Surajaya umatur
 kawula dhateng sandika.*

*Sagunge para bupati
 sadaya aja na lunga
 amunga ing Bangil bae
 ngiringa Balengker sira
 kang wus tate ayuda
 kawarna awus tumurun*

Komandan di Pasuruhan.

Kemudian cepat bubar
Komandan Balengker
bersama prajurit Kumpeni
sudah naik perahu
prajurit berkuda delapan puluh
serdadu empat ratus
para penyamar sudah naik.

Kemudian Adipati
Panembahan di Madura
oleh putranya dibubarkan
Raden Cokronagara
menjadi penganjur perang
dasar kesatria tampan
pantas dipercaya perang.

Panembahan Adipati
pelan perkataannya
Cokronegara anak saya
sudah bubarlah
kamu saya temani
pamanmu Raden Bagus
Panji Surahadiningrat.

Dan lagi saya beri teman
Raden Demang Kartayuda
semua yang berada di palagan
juga semua punggawa
bawalah semua
biar selamat dari bahaya
jangan meninggalkan gelang-
gang.

Sungguh saya potong sendiri
semua para punggawa
kalau meninggalkan gustinya
walau anak keluarga

Kumendhan ing Pasuruhan.

*Yata sami bubar aglis
Kumendhan Balengker sira
saha wadya Kumpenine
wus samya nitih baita
legonder wolungdasa
saradhadhu kawan atus
wus sami nitih pramayang.*

*Yata wau Adipati
panembahan ing Madura
kang putra binibarake
Rahaden Cokronagara
dados panganjuring prang
dhasare satriya bagus
pantes andeling ngayuda.*

*Panembahan Adipati
alon dennya angandika
Cokronegara nak ing ngong
lah uwis sira bubara
ingsun katheni sira
pamanira raden bagus
Panji Surahadiningrat.*

*Lan malih ingsun kantheni
Raden Demang Kartayuda
kang samya tatnyeng palugon
muwah punggawa santana
lah gawanen sadaya
den sami prayitneng kewuh
aja na tilar galanggang.*

*Yakti ngong tigas pribadi
sagunge para punggawa
yen tilara ing gustine
sanadyan anak santana*

kalau meninggalkan gelanggang
sungguh saya potong lehernya
jangan membuat malu kepada
saya.

Mari cepat berangkat
Panji Surahadiningrat
segera minta pamit
semua kepada Panembahan
ketiga kesatria
dasar tampan-tampan
seperti Pandawa dalam perang.

Memakai pakaian bagus
Raden Arya Cakranagara
berkampuh kain sutera ungu
seperti ratu datang menghadap
ikat pinggang cindhe bunga
bajunya beludru ungu
direnda emas gemerlap.

Raden Panji tadi
semua memakai pakaian
dasar kesatria muda
seperti Bambang Swatama
kedua tegap menengadah
diiring lima ribu orang
semua memakai baju sulam.

Semua para mantri
semua memakai busana
seperti bunga setaman mekar
dilihat gelebyaran
yang memakai emas
kelihatan gelebyaran
suram sang matahari.

Diceritakan sudah berjalan
sudah naik kapal semua

*lamun tilar galanggang
yekti sun tigas janggamu
aywa mimirang maring wang.*

*Lah payo mangkata aglis
Panji Surahadiningrat
sibra wus apamit mangko
sadaya mring Panembahan
katiga sinatriya
dhasare abagus-bagus
lir pandawa andon yuda.*

*Angangge busana adi
Raden Arya Cakranagara
akampuh limar wungune
lir Parta amara seba
paningset cindhe sekar
rasukan baludru wungu
rinenda kencana muncar.*

*Yata wau raden Panji
pan samya ngangge busana
dhasare satriya anom
lir pendah Bambang Swatama
kalihe amberanyak
ingiring wong gangsal ewu
samya ngagem waos sulam.*

*Sakwehe kang para mantri
sadaya nganggo busana
lir sekar sataman abyor
dinulu pating pancurat
ingkang ngangge kancana
katingal pating palancur
surem sang hyang kulandara.*

*Kocapa sampun lumaris
wus samya nitih baita*

Raden Cakranegara
naik sekoci indah
diceritakan sudah berlayar
prajuritnya lima ribu
sudah mengembangkan layar.

Tidak bercampur bala Kumpeni
semua sudah ada di depan
paling depan Nigro
Komandan di Pasuruhan
dan dia Balengker
sudah berlayar di depan
mengiring Kumpeni Mandhar.

Diceritakan di tengah laut
banyak kapal berlayar
tidak diketahui jumlahnya
kapal berlayar ratusan
kelihatan berkerlipan
seperti daun diserang angin
berhamburan di tengah gantang.

Tidak diceritakan di laut
yang akan mengadu perang
diceritakan Gubernur raja
dihadapan para bupati
sudah diusir dia
Ngabei para Tumenggung
sudah bubar sendiri-sendiri.

Di Bangil sudah lebih dulu
akan menyusul ke peperangan
berdandan semua bala raja
orang Bangil mengiring semua
semua bala keluarga
semua tidak mau ketinggalan
beratnya orang di belakang.

*Raden Cakranagarane
anitih sakoci pelag
kocapa wus alayar
sikepira gangsal ewu
wus sami ambabar layar.*

*Tan awor bala Kumpeni
sadaya wus aneng ngarsa
ing ngarsa pisan pan Nigro
Kumendhan ing Pasuruhan
lawan Balengker sira
pan sampun layar ing ngayun
ingiring Kumpeni Mandhar.*

*Kocapa tengah jaladri
akathah baita layar
tan karuwan wilangane
baita layar atusan
yata pating karedhap
lir patra sinerang lesus
mawur mungging madya
gantang.*

*Tan kocapa ing jaladri
kang arsa andon ayuda
kocapa Gupenur katong
sineba para bupatia
sampun tinundhung sira
ngabehi para Tumenggung
wus bubar sowang-sowangan.*

*Ing Bangil sampun rumiyin
arsa nusul mring payudan
adandan sabala katong
wong Bangil ngiring sadaya
muwah bala santana
sadaya tan arsa kantun
awrate wong aneng wuntat.*

16. Gusti Murah dengan Ki Kutha
Bedhah bersama prajuritnya
menjemput musuh, gencar pe-
rangnya.

Tidak diceritakan yang bubar
Panembahan tinggal di loji
yaitu tidak suka pulang
kepada sang Raja
siang malam selalu bercakap-
cakap
diceritakan di Belambangan
sudah mendengar kabar.

Gusti Murah mendengar
Kutha Bedhah sudah mendengar
kabar
Kumpeni akan datang
menyambut di Belambangan
sudah lengkap semua prajurit
besar
didampingi para punggawa
Mas Anom datang lebih dulu.

Ki Mas Weka sudah datang
dengan Puspaningrat sudah
datang
Sutanagara di depan
dengan semua balanya
berkata Gusti Kutha Bedhah
Mas Anom ada di beteng
kepanasan gopoh.

Para bekel keluaran

16. *Gusti Murah tuwin Ki Kutha
Bedhah sawadyabalanipun
mapagaken mengsah, kaseser
yudanipun.*

PANGKUR

*Tan kocapa kang bibaran
Panembahan kanton wonten ing
loji
Diceritakan jalannya Wayahan
 Kotang
 yang mengiring orang Bali

*priksaa.
 lamun sira kapanggih
 aneng wismanira
 laha rampogen wong kathah
 tanapi Ki Wangsengsari
 sabrayanira
 poma aja na kari.*

*Perangalas Bekel Senting
 lumakuwa
 anginda wong Bali
 si Wayahan Kotang
 sira kang lumakuwa
 Mas Anom rampogen aglis
 sakadangira
 poma aja na kari.*

*Sampun bibar wau sira
 Perangalas
 lawan Ki Bekel Senting
 Ki Wayahan Kotang
 ing wau wus lumampah
 ingiring kawula Bali
 wong pitung dasa
 sasisane kang mati.*

*Sakathahe wadya alit Balam-
 bangan
 sadaya den tundhungi
 tan ana weh pedhak
 kalangkung butarepan
 mung kantun kang wadya Bali
 wong pitung dasa
 sisane duk ajurit.*

*Kawarnaa lampaha Wayahan
 Kotang
 ingkang ngirid wong Bali*

kemudian sudah datang
di kota Logontang
yang diharapkan orang Bali
akan merusak
Mas Anom yang dipilih.

Sesampainya di kota Logontang
kamu
semua orang Bali
semua melihat bersama
semua siap siaga
semua berpakaian perang
tidak bisa dihitung
berhenti prajurit Bali.

Diceritakan Mas Anom ber-
sama temannya
dengan Ki Wangsengsari
dan Mas Ularan
tadi dengan saudaranya
akan menyambut orang Bali
ke Lopangpang
kemudian bubar berjalan.

Dan diiring para bekel Belam-
bangan
seribu rakyat kecil
semua membawa tombak
besarnya senjata
tulupnya dipundi semua
segera bubar
berhenti di luar taji.

Makanya berhenti di luar peka-
rangan
punggawa besar Bali
bersama prajurit
dan Perangalas

*yata sampun prapta
kithane ing Logontang
kang sinedya tiyang Bali
arsa angrumpak
Mas Anom kang piniji.*

*Sapraptane ing kitha Logon-
tang sira
sadayane wong Bali
yata sareng mulat
sikap agung atata
pan sami asikep jurit
tanpa wilangan
kandheg kang wadya Bali.*

*Kawarnaa Mas Anom sakanca-
nira
lawan Ki Wangsengsari
lawan Mas Ularan
wau sakadangira
pan arsa magut wong Bali
maring Lopangpang
arsa bubar lumaris.*

*Pan ingiring para Bekel Balam-
bangan
sewu kang wadya alit
samyang ngagem tumbak
agunge kang sanjata
tulupe samya pinandhi
sigra wus bubar
kandheg jawining taji.*

*Marmanira kandheg jawi peka-
rangan
agung punggawa Bali
sami saha bala
yata Ki Perangalas*

berteriak di depan
orang Belambangan
Mas Anom di mana.

Menjawab Mas Anom maju ke
depan
akan menyambut orang Bali
bertanya kepada saya
adapun dengan prajurit
saya ada disini
segera berkata
punggawa Bali.

Bahwa saya disuruh oleh Gusti
Murah
disuruh memanggil
kepadamu
diajak berunding
tunduk kepada Kumpeni
minta datang
diiring oleh saya.

Sebaiknya jangan membawa
prajurit
hanyalah para mantri
kira-kira sepuluh
yang mengiringmu
Mas Anom berkata dalam hati
apakah betul
tunduk kepada Kumpeni.

Ki Mas Anom mengatakan
masa
kepada saudara
marilah mati bersama
menyerang orang sebelah timur
mari ke sini bersama-sama
senjata berbunyi bersama

*aceluk wonten ing ngarsi
wong Balambangan
Mas Anom ana ngendi.*

*Anahuri Mas Anom maju ing
ngarsa
arsa mapag wong Bali
atakon maring wang
deni amawi bala
manira wonten ing ngriki
sigra angucap
wau punggawa Bali.*

*Pan manira kinongkon mring
Gusti Murah
pan kinen animbali
maring pakenira
ingajak rerembungan
ateluk maring Kumpeni
nedha aseba
keringa maring kami.*

*Prayogane pan aja amawi bala
amunga para mantri
wontena sadasa
ngiringa maring dika
Mas Anom micareng ati
monga temena
ateluk mring Kumpeni.*

*Ki Mas Anom alok ungsum ma-
ring kadang
lah payo bareng mati
ngamuk wong bang wetan
payo bareng mara
sanjata bareng amuni
sigra tumandang*

segera mualai
memberondong dengan senjata.

Kemudian maju yang bernama
Perangalas
dengan Ki Bekel Senting
dengan seraya berkata
kataku ganti tujuan
lebih baik saya dahului saya
dahului
orang Bali banyak mati.

Terus menyerang tadi Perang-
alas
dengan Ki Bekel Senting
Ki Wayahan Kotang
bersama menyerang sama
hebatnya
dan lagi Ki Demang Ulung
Ki Kebonabrang
berani menyerang bersama.

Dan mengambil seadanya
amukan Kebonabrang
dengan Kebo Kamali
prajurit delapan puluh
mengamuk sama-sama kuat
sudah diberondong dengan se-
napan
banyak yang terluka
orang Bali banyak mati.

Banyak orang Bali yang lari
yang mengalami luka
kembali yang hidup
ramai berganti tombak
kemudian Bekel Sinting

abendrong lawan bedhil.

*Yata maju kang anama
Perangalas
lawan Ki Bekel Senting
pan sarwi angucap
ujarku silih paran
angur ta baya dhingini
ngong kadhinginan
wong Bali akeh mati.*

*Laju ngamuk sira wau Perang-
alas
lawan Ki Bekel Senting
Ki Wayahan Kotang
sareng ngamuk arampak
lan Ki Demang Ulung malih
Ki Kebonabrang
sareng ngamuk awani.*

*Pan angiwut pangamuke Kebo-
nabrang
lawan Kebo Kamali
bala wolungdasa
sareng ngamuk arampak
wus binendrong lawan bedhil
agung kabranan
wong Bali akeh mati.*

*Pan akathah wong Bali ingkang
lumajar
ingkang anandhang kanin
wangsul ingkang gesang
rame asalin watang
yata wau Bekel Sinting*

kalau mampu nama Tepasana
dengan bekel Anti-nya
Raden yang saya utus
menghasut orang-orang kecil
lewat orang Belambangan
saudaranya banyak
dan tadi memerintah
Tepasana berjalanlah cepat
memberi saran saudara.

Tepasana katanya manis
sanggup tuan pada pekerjaan
walaupun siang malam
saya dahulu
dahulu mempunyai saudara
bernama Puspanagara
saudara saya yang tua
sebab dulu berjanji
sewaktu-waktu Kumpeni datang
menjemput dengan senjatanya.

Sudah condong waktunya mata-
hari

Tepasana sudah bubar
mendadak datang
Puspanagara tadi
yang tunduk kepada Kumpeni
mengerahkan orang Belam-
bangan
inginnya tunduk
diiring putra kerajaan
Ki Mas Anom dengan Ki
Wangseng Sari
dengan Ki Puspaningrat.

Jalannya sudah disusun
tanda menyerahkan diri

*yen sembada aran Tepasana
kalawan bekel Anti-ne
Rahaden kang sun utus
anggunani titiyang alit
mulut wong Balambangan
kadange pan agung
lawan wau paparentah
Tepasana lumakuwa den agipih
angularaken kadang.*

*Tepasana aturnya amanis
pan sandika tuwan ing ayahan
sanadyan siyang dalune
pan kawula rumuhun
darbe kadang sampun rumiyin
aran Puspanagara
kadang ulun sepuh
pan rumiyin prajanjayan
samangsane dhatenga laku
Kumpeni
mapag sabrajanira.*

*Sampun lingsir wancinireng
rawi
Tepasana sampun bibar sira
kasaru wau dhatenge
Puspanagara wau
kang ateluk marang Kumpeni
ngirid wong Balambangan
sedyane asuyud
ingiring putra santana
Ki Mas Anom kalayan Ki Wang-
seng Sari
lawan Ki Puspaningrat.*

*Lampahira wus sami rinakit
pratandhane asrah bohongkokan*

pokoknya diikat semua
seraya membawa jamuan
Ki Mas Anom yang ada di
belakang
kemudian Puspanagara
yang berada di depan
di depan tidak jauh
tanpa teman jalannya seperti
akan mati
masuk pada barisan.

Kemudian dipanggil dari luar
beteng
kemudian dijemput Ki Mas
Tepasana
sudah dipeluk saudaranya
duh kakak saudaraku
putramu di mana
saya sangat kuatir
kepada Ki Mas Putu
kakaknya berkata halus
dikira keduanya sudah ikut di
belakang
dengan Ki Wangseng Sari.

Baru kakak saya beri tahu
minta datang menghadap Ko-
mandan
sangat menanti-nanti
kemudian segera masuk
yang siap akan datang
kemudian Komandan
awas melihat
kepada Ki Mas Tepasana
agaknyanya terkejut hatinya me-
lihat
Tepasana disapa.

*waose binongkok kabeh
sarya bekta susuguh
Ki Mas Anom kang aneng
wingking
yata Puspanagara
kang mungging ing ngayun
aneng ngarsa pan atebah
tanpa rowang lampahe wus
ambek pati
lumbet ing barisan.*

*Yata celuk sawawining biting
dyan kapapag Ki Mas Tepasana
wus rinangkul sadulure
duh kakang sadulurku
putrandika pan ana ngendi
langkung watir kawula
dhateng Ki Mas Putu
kang raka aris angucap
anakira karone pan anut
wingking
lawan Ki Wangseng Sekar.*

*Daweg kakang kawula aturi
nedha seba ngarsaning Ku-
mendhan
langkung pangajeng-ejenge
yata sigra lumebu
kang sumadya samya anangkil
yata wau Kumendhan
pan awas andulu
dhateng Ki Mas Tepasana
semu kagyat manahe denny
ningali
Tepasana sinapa.*

Gusti Murah berkata
 Kutha Bedhah sudah bercawat
 saja
 mari bersama menyambut
 dijemput Kapanasan
 segera berangkat sisanya yang
 luka
 kemudian ikut kembali semua
 kira-kira empat puluh.

Ketika keluar di tanah lapang
 Ki Mas Anom dengan prajurit-
 nya yang datang
 sambil bersorak gemuruh
 prajurit di Belambangan
 Mas Ularan yang menjadi pe-
 mimpin belakang
 yang menjadi penggerakannya
 Ki Mas Anom Wangsengsari.

Kemudian Gusti Murah
 kepada dia, istri ketiga
 semuanya
 orang cantik tinggalah di
 belakang
 di rumah raja
 sebab di sini saya menyambut
 perang
 walau saya mati
 kelihatan dari perkakas.

Segera mundur istrinya
 tidak lama Mas Anom membe-
 rondong senapan
 dan sambil mendesak
 sambil menyeret senjata
 meriamnya sudah diseret dari
 depan

*Gusti Murah angandika
 Kutha Bedhah sampun cawetan
 gilig
 lah payo padha pinagut
 pinapag Kapanasan
 sigra mangkat sakarine ing-
 kang tatu
 pan tumut wangsul sadaya
 awetara kawandasi.*

*Dupi medal ngara-ara
 Ki Mas Anom sabalane kang
 prapti
 pan sarwi surak gumuruh
 wadya ing Balambangan
 Mas Ularan kang dados ti-
 tindhah pungkur
 kang dados pangiridira
 Ki Mas Anom Wangsengsari.*

*Yata wau Gusti Murah
 maring sira garwa katiga sami
 wong ayu kariya pungkur
 aneng wisma kewala
 pan ing kene gon ingsun
 amegut pupuh
 sanadyan ingsun matiya
 katingal saking piranti.*

*Sigra mundur ingkang garwa
 tan antara Mas Anom brondong
 bedhil
 pan sarwi angangseg purun
 sarwi nyered sanjata
 mariyeme wus sinered saking
 ngayun*

kemudian dinyalakannya
orang Bali banyak yang terluka.

Kutha Bedhah memekis
mari Mas Anom agak majulah
bertandingleh melawan saya
satu lawan satu saja
mungkin kamu bosan kepada
istrimu
kemudian orang Belambangan
semua memberondong dengan
senapan.

Sorak prajurit Belambangan
melihat orang Bali banyak yang
mati

Kutha Bedhah segera meng-
amuk
kepada orang Belambangan
Ki Mas Anom yang diharapkan
dalam hatinya
sudah diberondong dengan
senjata
Kutha Bedhah mati.

Segera bertindak Gusti Murah
ketika dilihat Kutha Bedhah
mati
ketika bertindak akan me-
ngamuk
dia orang Maniklingga
meriamnya dibakar seperti
guntur
Gusti Murah segera
pahanya yang terluka.

Kemudian geger Gusti Murah

*pan sarwi sinumed sira
wong Bali agung kang kanin.*

*Kutha Bedhah asusumbar
lah payo Mas Anom den pareng
ngarsi
atandhinga lawan ingsun
padha siji kewala
bok menawa sira bosan mring
bojomu
tumulya wong Balambangan
samy ambendrongi bedhil.*

*Surak wadya Balambangan
aningali wong Bali keh ngemasi
Kutha Bedhah sigra ngamuk
maring wong Balambangan
Ki Mas Anom kang sinedya
manahipun
wis binendrong ing sanjata
Kutha Bedhah angemasi.*

*Sigra tandang Gusti Murah
duk tumingal Kutha Bedhah
ngemasi
duk tumindak arsa ngamuk
sira wong Maniklingga
mariyeme binakar pan kadi
guntur
sigra wau gusti Murah
pupunira ingkang kanin.*

Yata geger gusti Murah

semua Mandar Lopangpang
sudah keluar barisan semua.

Prajurit Mandar sembilan puluh
semua berbaris akan maju pe-
rang
melihat orang menyambut pe-
rang
perangnya orang Belambangan.
Gusti Murah kelihatan jatuh
terduduk
memanggil istrinya
kasihan mendengar keluhannya.

Aduh Dewa tolonglah saya
Dewa Ratu Kakak Prabu
Manguwi
saya sampai mati
di Belambangan
rebutlah jenazahku orang agung
saya sudah terluka
tidak bisa melawan.

Kemudian Gusti Murah
segera melihat rakyat Bali
semua menyandang luka
tidak bisa berdiri
semua geram tidak ada yang
bisa berjalan
Gusti Murah segera memanggil
para istri.

Tidak lama sudah datang
dua istrinya menyembah
selirnya juga ikut
putranya bertiga

*sadaya Mandhar Lopangpang
wus medal samya abaris.*

*Wadya mandhar sangandasa
pan sadaya baris sikep ing jurit
ningali wong magut pupuh
yudane wong Balambangan
Gusti Murah katingal tiba
alungguh
aceluk mring garwanira
sasambate amlas asih.*

*Dhuh Dewa tulung kawula
Dewa Ratu Kakang Prabu
Manguwi
kawula tumekeng lampus
wonten ing Balambangan
den rebuta layon kawula wong
agung
kawula sampun kabranan
nora bisa anglawani.*

*Yata wau Gusti Murah
sigra mulat sagung kawula Bali
sadaya anandhang tatu
tan bisa jumenenga
ting galereng tan ana bisa
lumaku
sigra wau Gusti Murah
animbali para rabi.*

*Tan adangu sampun prapta
garwanira kalih samya sung-
kemi
muwah ingkang selir tumut
putranira titiga*

kemudian dipeluk putrinya
yang sulung
aduh Gusti anakku
kamu berpisah denganku.

Tidak urung saya mati
paha saya sudah hencur kena
mimis
aduh Mirah istriku
apa kehendakmu
musuh saya sudah kembali
akan menyerang
kalau kamu cinta padaku
mari mati bersama.

Dua istrinya berkata bersamaan
tuan mati sungguh saya bela
tidak bisa saya ditinggal
tidak urung ditawan
kemudian ditangkap dua istri
sudah ditusuk
keduanya terluka di dada
semua muntah darah.

Dasar cantik jelita
badannya kuning langsung
orang cantik menyandang luka
cahaya semakin bersinar
seperti bulan di sampingnya
mega biru
semua prajurit Lopangpang
semua tertarik melihatnya.

Seperti anak kerbau belajar
berjalan
Sang Ayu menyandang luka

*dyan rinangkul putra estri
kang pambayun
aduh Gusti anaking wang
sira pisah lawan mami.*

*Tan wande ingsun palastra
pupuningsun wus remuk ena
mimis
aduh Mira garwaningsun
paran tan karsanira
mungsuh ingsun wus bali arsa
amupuh
yen sira tresna maring wang
lah payo barenga mati.*

*Matur garwa kalih pisan
dika pejah yekti kula belani
tan waged kawula kantun
nora wande katawan
dyan cinandhak garwa kalih
wus sinuduk
karone atatu jaja
pan sami amutah getih.*

*Dhasare ayu utama
sarirane kuning anemu giring
wong ayu anandhang tatu
cahya saya dumilah
lir sasongka sinandhingan
mega biru
sadaya wadya Lopangpang
samyang leng-leng aningali.*

ASMARADANA

*Kadya gudel dadagangi
sang ayu anandhang brana*

belas kasihan keluhannya
 aduh nyawa putraku
 si kecil kemarilah
 kamu berpisah denganku
 aduh, kecil kamu tinggallah.

Putranya cepat dipanggil
 kepada tadi ayahnya
 si kecil kemarilah segera
 saya cium pipimu
 bawalah adikmu
 anaknya kemudian cepat-cepat
 memeluk kepada ayahnya.

Segera dicium kemudian
 pipi putranya
 kemudian dipegang kerisnya
 akan dikokok putranya
 dada terus belikat
 sudah tengkurap pada kaki
 kemudian anaknya yang laki-
 laki.

Kemudian sudah dikokok semua
 ketiga sudah mati
 kemudian dua selir
 melihat suaminya dibunuh
 kepada suaminya tadi
 keduanya lari bersama
 mengungsi di rumah Lopang-
 pang.

Setelah melihat
 semua prajurit Mandar
 kalau istri dikokok berdua
 dua selirnya berlari
 semua sudah mengira
 Gusti Murah akan mati

*amlas asih sasambate
 adhuh nyawa putraning wang
 cili lah mareneya
 sira pisah lawaningsun
 dhuh cili sira kariya.*

*Kang putra ingawe gipih
 dhateng wau ingkang rama
 cili mareneya age
 sun arase pipi nira
 gawanen arinira
 kang putra nulya agupuh
 angrangkul dhateng kang rama.*

*Sigra ingaras tumuli
 pipi nira ingkang putra
 nulya cinepeng kerise
 duk ginoco ingkang putra
 jaja terus walikat
 wus kumurep aneng suku
 anulya putra kang lanang.*

*Yata wus ginoco sami
 katiga sampun palastra
 yata wau selir karo
 mulat garwa pinejahan
 dhateng wau kang raka
 kalihe sareng lumayu
 engungsi wisma Lopangpang.*

*Yata sareng aningali
 sakathahe wadya Mandhar
 yen garwa ginoco karo
 selire karo lumajar
 yata sami anyana
 Gusti Murah arsa lampus*

orang Mandar segera bekerja.

Sudah dikepung semua
Mandar diiris semua
disorak ramai
kemudian Mas Anom datang
semua bersorak
melihat rakyat Bali
kelihatan banyak yang rebah.

Tidak ada satu pun yang sehat
semua mengalami luka
ada yang serkah pahanya
yang lain kedua bahunya serkah
yang lain kepalanya pecah
tidak ada yang bisa berlari
semua merangkak.

Ketika dekat musuh datang
semua jatuh pura-pura mati
kemudian dikeroyok segera
semua dipotong
prajurit di Belambangan
semua berebut unggul
semua berebut terus.

Wangsengsari segera
dengan dia Ki Mas Weka.
Ki Mas Anom dan saudaranya
semua memotong bersama
dan Ki Perangalas
dan kamu Demang Ulung
kepalanya semua dipotong.

Kutha Bedhah sudah ditemukan
kepalanya sudah dipotong
tadi Ki Mas Anom

*wong Mandhar sigra tu-
mandang.*

*Yata wus kinepung sami
rinajang sagunging Mandhar
yata sinurakan rame
tumulya Mas Anom prapta
sarwi samya asurak
andulu kawula wangsul
katingal pating sulayah.*

*Yen ana waras sawiji
sadaya anandhang brana
ana kang sempal pupune
waneh bahu kalih sempal
waneh kapala sigar
tan ana waged lumayu
pan sami arangrangkan.*

*Dupi celek mungsuh prapti
sami niba api pejah
yata kinarubut age
sadaya sami tinigas
wadya ing Balambangan
sadaya arebut punjul
samya arebut bandhangan.*

*Sigra wau Wangsengsari
lawan sira Ki Mas Weka
Ki Mas Anom sakadange
sadaya sami anigas
yata Ki Perangalas
lawan sira Demang Ulung
sirahe samya tinigas.*

*Kutha Bedhah wus kapanggih
sirahe sampun tinigas
yata wau Ki Mas Anom*

diberi tahu Prajurit Mandar
berkata sambil menunjukkan
ini bangkainya
Gusti Murah sudah mati.

Bahwa saya yang membunuh
bersama teman dari Mandar
saya rampog dengan istrinya
Mas Anom sangat kecewa
semua istri meninggal
marilah dicari bersama
Jenazah Gusti Murah.

Tidak lama sudah ditemukan
Gusti Murah sudah dipotong
segera cepat dikumpulkan
Ki Mas Anom berkata
mari bubar bersama
minta semua laporan
seraya memberikan kepala.

Kemudian bubar semua pulang
datang kepada Komandan
supaya puas hatinya
diiring orang Belambangan
yang membawa Kepala
dasar baunya anyir
ramai diiring burung gagak.

Mas Ularan yang tinggal di
negara
tidak ikut menghadap Koman-
dan
sudah percaya kepada Mas
Anom
para kerabat ikut

*angaturan wadya Mandhar
matur sarwi atedah
punika kuwandanipun
Gusti Murah wus palastra.*

*Pan kawula kang mejahi
sakanca kawula Mandhar
kula rampog sagarwane
Mas Anom getun kalintang
garwa sami palastra
lah payo padha rinuruh
layonira Gusti Murah.*

*Tan adangu wus kapanggih
Gusti Murah wus tinigas
sigra pakumpulan age
Ki Mas Anom angandika
payo sami abibar
lah nedha sami umatur
sarwi ngaturaken sirah.*

*Yata sami bubar mulih
aseba maring Kumendhan
amrih mareme galihe
ingiring wong Balambangan
kang sami bakta sirah
dhasar gandanira arus
ingiring dhangdhang wurahan.*

DHANGDHANGGULA

*Mas Ularan kang kantun na-
gari
datan tumut saba mring Ku-
mendhan
wus pracaya mring Mas Anom
para santana tumut*

para emas tidak ada yang ke-
tinggalan
semua para bekel
semua sudah berkumpul
semua dibawa menghadap
kepada Komandan diceritakan
sudah datang
dia di Pesanggrahan.

Sesampainya di luar barisan
terkejut hati Komandan
masih memikirkan
lengkap pembesar Kumpeni
orang Madura semua baris
cepat segera dipanggil
Mas Anom ada di depan
sudah duduk bersama
Puspaningrat berjajar dengan
Wangsengsari
Ki Mas Weka berjajar.

Ki Mas Anom segera berkata
halus
kalau masalah perjalananku
diutus tuan keluar
memerangi orang Bali
ini sudah dibawa
kepala Gusti Murah
keduanya disambut
kepalanya Kutha Bedhah
tetapi kepalanya mantri di Bali
dibawa di peperangan.

Orang dalam yang bernama
Wangsengsari
terluka pada peperangan

para emas tan ane ker

*para bekel sadaya
pan sampun akumpul
sadaya binakta sesa
mring Kumendhan kocapa pan
sampun prapti
sira ing Pasanggrahan.*

*Sapraptine sajawaning baris
yata kaget manahing Kumen-
dhan
pan maksih ta agalihe
mepek Kumpeni agung
wong Madura samya abaris
sira ingawe gepah
Mas Anom mring ngayun
wus tata sami alenggah
Puspaningrat ajar lan
Wangsengsari
Ki Mas Weka ajar.*

*Ki Mas Anom sira matur aris
yen prakawis ing lampah
kawula
ingutus tuwan miyose
amupuh tiyang wangsul
pan punika sampun kacangking
sirahe Gusti Murah
kalihe kasambut
mustakane KUtha Bedhah
anatapi sirahe mantri ing Bali
kacangking ing payudan.*

*Tiyang dalem aran Wangseng-
sari
pan kabranan aneng ngadilaga*

tepat pada lengan kirinya
 dirauk oleh musuh
 ramai campur perang
 nanti prajurit Mandar
 semua sudah tunduk
 ikut mematahkan musuh
 maka habis semua Punggawa
 Bali
 tinggal mantri satu.

Tidak diketahui kalau mati
 yang bernama Wayahan Kotang
 tidak diketahui larinya
 Komandan sudah melihat
 kepalanya orang agung Bali
 sangat gembira
 hati tuan
 merasa sangat berguna
 Raden Arya segera melihat
 Raden Cakranagara.

Tengah ramai melihat
 kepala Gusti Murah tadi
 mendadak kedatangan
 Ngabei Bangil datang
 dengan membawa surat sang
 Raja
 bernama Surawijaya
 jalannya diutus
 mendahului pekerjaan
 kalau kali disuruh mendatangi
 semua orang Belambangan.

Sudah jatuh suratnya sang Raja
 surat Deler di Semarang

*aleres kiwa lengene
 acaruk lawan mungsuh
 pan arame campuh ajurit
 ing mangke wadya Mandhar
 sedaya wis teluk
 pan tumut megati mengсах
 mila tumpes sagunging pung-
 gawa Bali
 kantong mantri satunggal.*

*Tan kantenan lamun angemasi
 kang anama Ki Wayahan
 Kotang
 tan kantenan palajenge
 Kumandhan wus andulu
 mustakane wong agung Bali
 langkung suka abungah
 manahe sang ulun
 angraos guna miguna
 sigra wau Raden Arya aningali
 Raden Cakranagara.*

*Sedhengira rame aningali
 ing sirahe wau Gusti Murah
 kasaru wau dhatenge
 ngabehi Bangil rawuh
 pan ambakta surat narpati
 aran Surawijaya
 lakune ingutus
 angayuni panggaweyan
 kaping kalih kinengken sira
 ngrawuhi
 kabeh wong Balambangan.*

*Sampun dhawah serating nar-
 pati
 nawalane Deler.ing Semarang*

diterima Balengker
kemudian sudah dibuka
bunyinya sudah sampai
secara lisan suratnya
kehendak sang Raja
dia sangat kuatir
kepada Komandan jalannya tan-
pa teman
Bupati yang satu.

Sebetulnya akan disusuli teman
yang bernama Ki Sutawijaya
bupati Bangil asalnya
itu disuruh ikut
menjaga kepada Kumpeni
Komandan berkata
katanya pelan
Ngabei Sutawijaya
apakah tuan disuruh ikut sakit
kepada badan saya.

Kedua kalinya disuruh me-
ngetahui
semua prajurit Belambangan
baik dan buruknya
yang belum tunduk
semua tuan utus
juga Ki Tepasana
ikutlah sejalan
ikutlah mencari-cari
dan berwenang membuat mantri
yang pantas Belambangan.

Ada lagi yang bernama Bekel
Anti
itu dulu Belambangan

*katampun Balengker mangko
yata binuka sampun
saungele sampun kadugi
ijemaning nawala
karsane sang prabu
kalangkung kuwatirira
mring Kumendhan lampawe da-
tan pa kanthi
bupati kang satunggal.*

*Marmanipun sinusulan kanthi
ingkang aran Ki Sutawijaya
bupati Bangil wiyose
iku kinen atumut
angreksa amaring Kumpeni
Kumendhan angandika
tembunge aruruh
ngabehi Sutawijaya
apan dika kinengken tumuta
sakit
dhateng raga kawula.*

*Kaping kalih kinen angrawuhi
sakathahe wadya Balambangan
ing awon lawan penede
ingkang dereng atundhuk
pan sadaya dika utusi
muwah Ki Tepasana
tumuta salaku
tumuta amiling-miling
lawan malih wenanga agawe
mantri
kang patut Balambangan.*

*Wonten malih aran bekel Anti
pan puniku dhingin Balam-*

baik jadilah teman
kemudian sudah lama
dibentang para Kumpeni
juga putra Madura
sudah mundur semua
katakan Komandanmu
menulis maksudnya memberi-
tahu
kepada Surapringga.

Sudah jadi suratnya
memanggil Senapati
yang akan mengantar surat
Komandan berkata pelan
datanglah kepada sang Raja
yang berada di Surapringga
berikanlah suratku
kemudian sudah berjalan
semua lewat darat utusan
Kumpeni
itu semua kehendaknya.

19. Komandan Balengker memberi surat kepada Gubernur Semarang bahwa di Belambangan sudah jebol.

Hentikan yang berjalan
ini ganti yang diceritakan
yaitu sang Raja
Prabu Deler di Semarang
yang ada di Surapringga
semua duduk bertanya
dan Sakeber di Surapringga.

Pada siang dan malam hari

bangun
yogya dadiya kanthine
yata sampun adangu
magelaran para Kumpeni
miwah putra Madura
wus sami amundur
ucapen Kumendhan sira
anunurat sedyane asung udani
dhateng ing Surapringga.

Sampun dados wau ingkang
tulis
animbali wadya gala-gala
kang badhe ater surate
Kumendhan lon amuwus
lah seba amaring narpati
kang aneng Surapringga
layang ngong den katur
yata wau wus lumampah
samy dharat lampah duta
Kumpeni
pan sami kajengira.

19. Kumendhan Balengker ngaturi serat dhateng Gupernur Semarang bilih ing Balambangan sampun bedhah.

Sigegen ingkang lumaris
mangke ganti kang kocapa
anenggih wau sang katong
Prabu Deler ing Semarang
makuwon Surapringga
andangu samya alungguh
lan Sakeber Surapringga.

Ing siyang kalawan latri

sangat menunggu-nunggu
kepada yang beradu di pagagan
Komandan yang beradu perang
di Negara Belambangan
kebetulan pada waktu di jalan
mendadak utusan datang.

Sang Prabu terkejut melihat
ada orang membawa surat
kemudian cepat dipanggil
kamu pesuruh Pasuruhan
cepatlah ke hadapan
ada apa kamu diutus
oleh Komandan Pasuruhan.

Segera maju menyembah
dengan memegang surat
ini Gusti suratnya
abdi dalam Komandan
Nigro Pasuruhan
untuk diserahkan Gusti Prabu
saya dari Panarukan.

Kemudian sang Bupati
menanggapi agak tergesa-gesa
kemudian cepat dibuka
dirasakan dalam hati
isi suratnya
ketika dibaca suratnya
ini bunyi suratnya.

Surat yang diberikan abdi
Nigro di Pasuruhan
yang disuruh beradu palagan
diserahkan Paduka Raja
raja di Semarang
yang baru bertempat
di Surapringga.

*kalangkung angarsa-arsa
dhateng kang andon palugon
Kumendhan kang andon yuda
mring Nagri Belambangan
pinasthi katuju ngenu
kasaru utusan prapta.*

*Sang Prabu kagyat ningali
wonten wong amandhi surat
agepah nulya den awe
sira upas Pasuruhan
den enggal maring ngarsa
wadine sira ingutus
mring Kumendhan Pasuruhan.*

*Sigra majeng awotsari
pan sarwi nyepang nawala
punika serate
abdi dalem pun Kumendhan
pan Nigro Pasedhahan
katura Gusti sang Prabu
ulun saking Panarukan.*

*Yata wau sri Bupati
atanggap semunya gita
tumulya binuka age
sinuksma sajroning nala
wiraosing nawala
duk winaca suratipun
punika ungeling surat.*

*Atur serat ingkang abdi
pan Nigro ing Pasedhahan
kang kinen andon palugon
katura Paduka Nata
nalendra ing Semarang
kang lagya tembe dudunung
amakuwon Surapringga.*

Isi suratnya
saya beri tahu
kepada Gusti Sang Raja
perkara lajan saya
ke Belambangan
disuruh menyambut perang
ke Negara Belambangan.

Dan telah terjadi peperangan
di batas Belambangan
sudah direbut
batas Panarukan
telah diinjak
semua sudah tunduk
semua desa sebelah barat.

Dan yang kedua
dari pengetahuan saya
Komandan Balengker
sudah terjun pada peperangan
sungguh seperti pada berita
tidak tahu kalah menangnya
tidak jernih yang memberi
berita.

Ketika selesai membaca surat
mendadak utusan datang
dari Belambangan
utusannya Balengker
memberi surat
sang Prabu melihat
ada Senapati datang.

Sudah diletakkan suratnya
kehadiran si utusan
kemudian disuruh mendekat
cepat-cepat disapa
kamu disuruh apa

*Wiyosipun ingkang tulis
kawula atur uninga
dhateng Gusti sang akatong
prakawis lampah kawula
dhateng ing Balambangan
kinen amagut prang pupuh
mring Nagari Balambangan.*

*Pan sampun campuh ajurit
wonten tamping Balambangan
pan sampun karebut mangke
tampingipun Panarukan
mangkin sampun kancikan
sadaya pan sampun teluk
dhusun bang kilen sadaya.*

*Lawan ingkang kaping kalih
saking pamirsa kawula
Kumendhan Balengker mangke
sampun campuh ing ngayuda
kados tuhu kang warta
tambet kawon menangipun
tan wening kang asung warta.*

*Dupi tamat maca tulis
kasaru utusan prapta
saking Balambangan mangko
dutane Balengker sira
angaturi nawala
yata mulat sang aprabu
wonten gala-gala prapta.*

*Wus sumeleh ingkang tulis
sapraptane ingkang duta
yata kinen marek mangko
agepah nulya sinapa
kinongkon apa sira*

seperti apa beritanya
Negara Belambangan.

Ya Tuan Raja
utusan abdi tuan
Komandan Balengker
ini memberi surat
untuk diserahkan kepada
kemudian cepat disambut
surat dari Belambangan.

Kemudian cepat dibuka
dibaca suratnya
begini bunyi suratnya
ini surat saya
Patik Aji Komandan
yang disuruh menyambut
perang
di Negara Belambangan.

Diberitahukan sang Bupati
Prabu Deler di Semarang
yang saat ini di kerajaan
Negara Surapringga
yang membuat kewibawaan
yang penting sang Prabu
saya memberi tahu.

Saya sudah menginjak
Negara Belambangan
sesungguhnya sang Raja
Belambangan sudah pecah
direbut pada peperangan
namanya dari Bali
disambut pada peperangan.

Namanya berdua
disambut dua sekalian
saya potong keduanya

*kaya ngapa wartanipun
pan Nagari Balambangan.*

*Pan inggih kawula gusti
dutane abdi paduka
Balengker Kumendhan mangko
punika ngaturi serat
katura sri nalendra
agepah nulya sinambut
serat saking Balambangan.*

*Anulya binuka aglis
winaca ponang nawala
mangkana serat ungele
punika serat kawula
Patik Aji Kumendhan
kang kinen magut prang pupuh
mring Nagari Balambangan.*

*Katura sri Bupati
Prabu Deler ing Semarang
kang mangkya tembe ngadhaton
pan Nagari Surapringga
ing kang mangun wibawa
wiyosipun sang Prabu
ulun angaturi priksa.*

*Kawula sampun angancik
pan Nagari Balambangan
sayaktine sang akatong
Balambangan sampun pecah
karebut ing ngayuda
jejenenge saking Wangsul
pan kasambut ing ngayuda.*

*Jejenengipun kakalih
pan kasambut kalih pisan
kawula tigas karone*

semua orang Belambangan
sudah tunduk semua
juga mantri punggawa besar
sudah tunduk semua.

Sudah tamat suratnya
sudah diringkas suratnya
sang Prabu sangat gembira
sang Raja kemudian berkata
kepada si utusan
cepatlah kamu kembali
ke Negara Belambangan.

Pasuruhan itu juga
kembalilah ke Panarukan
utusan pulang segera
Nigro di hadapan saya
inilah surat saya
cepat berikanlah
kepada Komandan Pasuruhan.

Dua utusan sudah berjalan
bubar bersama
jalannya cepat
semua naik kuda
semua kejar-kejaran
siang malam berjalan
sudah sampai di Panarukan.

Diceritakan bahwa Komandan
yang ditemukan semua duduk
selalu bercakap-cakap
dengan tiduran
dengan bercakap-cakap
mendadak utusan datang
yang datang dari Surapringga.

Utusannya berkata halus

*sagunge wong Balambangan
sampun teluk sadaya
muwah mantri punggawa gung
pan sampun teluk sadaya.*

*Sampun tamat ingkang tulis
wus riningkes punang surat
sang Prabu langkung bungahe
sang Nata nulya ngandika
dhateng punang utusan
den gepah sira awangsul
mring Nagara Balambangan.*

*Pasuruhan iku maning
baliya mring Panarukan
timbangan mulih age
pan Nigro mring ngarsaning
wang
lah iki surating wang
paringena den agupuh
mring Kumendhan Pasuruhan.*

*Duta kalih wus lumaris
pan sareng denny bubar
agancangan ing lampahe
pan sami anitih kuda
sami asasanderan
rahina wengi lumaku
wus prapta ing Panarukan.*

*Kocapa Kumendhan singgih
kang panggih samya alenggah
tansah agunem cature
lawan sareyan paresman
samy aginem sira
kasaru dutane rawuh
ingkang saking Surapringga.*

Dutannya umatur aris

ini surat sang Raja
yaitu Ideler
minta suratnya
diberikan kepada tuan
cepat kemudian disambut
suratnya kemudian dibuka.

Ketika dibaca suratnya
begini bunyi suratnya
peringatan ini surat saya
Prabu Deler di Semarang
senapati peperangan
Gubernur serta direktur
yang berkuasa di tanah Jawa.

Perintahkan kepada abdi
dia Komandan Nigro
senapati pada palagan
yang baris di Panarukan
isi suratnya
perkara kamu memberi tahu
yang berbunyi dalam surat.

Sudah sampai pada saya
isi suratmu
sangat saya terima
saya sangat gembira
melihat tindakanmu
dengan Opsir besar
sangat gembira hatinya.

Tetapi lebih baik besok
dapatlah memberi hadiah ke-
padamu
tetapi waktunya nanti
saya naikkan menjadi kapten
Komandan jangan ditinggal
saya beri senjatanya

*punika serat narendra
anenggih Ideler mangko
matedhani ingkang surat
kature dhateng tuwan
agepah nulya sinambut
kang serat nulya binuka.*

*Duk winaca ingkang tulis
mangkana ungeling serat
penget iku surating ngong
Prabu Deler ing Semarang
senapati payudan
Gupenur sarta dhirektur
kang anyakra tanah Jawa.*

*Pan dhawuha ingkang abdi
Kumendhan pan Nigro sira
senapati ing palugon
kang baris ing Panarukan
wiyose ingkang surat
prakara sira weh weruh
kang muni sajroning surat.*

*Wus tumeka maring kami
surasaning suratira
kalangkung tarimaning ngong
liwat saking bungahing wang
ningali karyanira
miwah Upesir gung agung
kalangkung suka kang manah.*

*Naning pirangbara benjing
wageda ganjar mring sira
nanging ta kalaning mengko
ngong jungjung nama kapitan
Kumendhan ajatilar
ngong wuwuhi gamanipun*

tanda kasihku padamu.

Dan kamu saya panggil
pulanglah segera
masih ada kehendak saya
Nigro kepadamu
cepatkanlah jalanmu
sesampainya surat saya
kamu berjalanlah.

Komandan tingkahnya tergesa-
gesa
kemudian memakai busana
dasar keras hatinya
kesatria terampil cekatan
tingkah-lakunya menyenangkan
ceritanya sangat baik
kadang-kadang mau mengalah.

Kalau kadang akan berjalan
tidak mau naik perahu
kuda keras kesenangannya
kalau kadang jalan di darat
perjalanan tiga hari
dijalani hanya setengah hari
kalau berjalan cepat.

Kudanya sudah disiapkan
sudah dipegang topinya
seraya berkata pelan
kepada ngabei Prabalingga
kalau selamat
saya akan tinggal
menjaga Panarukan.

Dan yang kedua lagi
saudara tiduran
yang baik menjaga saya
jangan seperti anak muda

sih ingsun marang ing sira.

*Lawan sira ngong timbali
lah muliha dipun enggal
maksih ana karsaning ngong
pan Nigro marang ing sira
den gancang lampahira
satekane layang ingsun
poma sira lumakuwa.*

*Kumendhan tingkahnya gipih
tumulya ngrasuk busana
dhasare keras manahe
satriya kebat acukat
solahe ambaranyak
critane langkung abagus
kakadang purun kasoran.*

*Yen kala arsa lumaris
tan arsa lampah baita
kuda keras karemene
yen kala lampah dharatan
lalakon tigang dina
den lampahi mung sabedhug
yen lumampah sasanderan.*

*Kudane sampun rinakit
wus cinandhak topinira
sarya angandika alon
mring ngabehe Prabalingga
lah poma den prayitna
pan dika kang badhe kanton
ajagiya Panarukan.*

*Lawan kaping kalih malih
sudara sareyan prasman
kang becik ajaga kang wong
aja kaya rare mudha*

orang memerintah di negara
kalau jadi wakil saya
saya dipanggilkan pulang.

Segera naik kuda
dia Kapten Komandan
segera mengejar tidak pelan
si Kellas selalu tertinggal
jauh di belakang
pantatnya dirasakan bengkok
sering kencing darah.

Hentikan yang berjalan
Komandan di Pasuruhan
diceritakan Balengker
sehari-hari berdandan
beteng loji dikepung
betengnya tinggi
menjulang tinggi di tepi
samudera.

Meriamnya sudah dirakit
sudah dipasang kanan kiri
di depan dan di belakangnya
sedang granat di bawah
gunung meriam tersebar
dipasang kuda-kuda besar
belah telapak ranjau.

Adapun rakyat kecil
semua orang Belambangan
melayani setiap harinya
yang sudah tunduk semua
semua warga desa
yang menjadi rumpun-rumpun
yang luar Mas Tepasana.

Tinggal satu orang
dulu yang belum tunduk

*wong mayang ing nagara
sira dadi wakil ingsun
ingsun mulih tinimbangan.*

*Sigra anitih turanggi
kapitan Kumendhan sira
sigra mander datan alon
si Kellas tansah kaponthal
aneng wingking atebah
bokonge den eluh abuh
asring nguyuhaken dharah.*

*Enengena kang lumaris
Kumendhan ing Pasuruhan
Kocapa Balengker mangko
sadina-dina adandan
biting loji akepan
baluwartine angunggul
baluwartine pinggir samudra.*

*Mariyeme wus rinakit
wus pinasang keru kanan
ing ngarsa lawan wingkinge
punang gurnat aneng ngandhap
anjrah kang ponang tiktak
pinasanang jagad agung
welah tapak kapurancang.*

*Wondening kang wadya alit
saguning wong Balambangan
angladosi sadinane
pan sampun suyud sadaya
saguning wadya desa
ingkang dados uyun-uyun
kang jawi Mas Tepasana.*

*Priyayi kantun satunggal
kang dereng teluk samana*

tidak diketahui tempatnya
yang bernama Wayahan Kotang
yang dipercaya Gusti Murah
Komandan tadi
paginya akan berunding.

Kemudian ngabei Bangil
sudah lama olehnya menghadap
di hadapan Komandan tadi
dengan Tepasana
didampingi Bekel Antya
Mas Anom dan Wangsengsari
Ki Mas Weka menghadap ber-
sama.

Kemudian Raden Panji
semua datang di Madura
berjajar dengan putranya
Raden Arya Cakranagara
diiringi punggawa
semua terakhir menghadap
berjajar prajurit di Madura.

Adapun warga kecil
orang Madura semua
saya bajag seharinya
desa ditempuh dua hari
semua kena dibajag
adapun mantri agung
semua datang.

Sudah lengkap semua datang
semua para punggawa
diceritakan Komandan nanti
sangat menunggu-nunggu
kepada utusannya
yang mendekat kepala sang
Prabu

*tan kantenan ring puruge
kang aran Wayahan Kotang
andele Gusti Murah
marmane Kumendhan wau
enjing sami pagineman.*

*Yata angabehi Bangil
wus dangu dennya aseba
ngarsane Kumendhan mangko
muwah sira Tepasana
tanapi bekel Antya
Mas Anom lan Wangsengsantun
Ki Mas Weka sami seba.*

*Yata wau Raden Panji
ing Madura samya seba
ajajar lawan putrane
Dyan Arya Cakranagara
angiring kang punggawa
sadaya seba ing pungkur
andher wadya ing Madura.*

*Wondene kang wadya alit
wong Madura pan sadaya
amba bajag sadinane
dhusun lalakon rong dina
samya kenging binajag
wondene kang mantri agung
karyane sami aseba.*

*Wus pepeks samya anangkil
sakeheh para punggawa
kocapa Kumendhan mangko
kalangkung angarsa-arsa
dhateng utusanira
kang marek dhateng sang
Prabu*

lama tidak ada datang.

Tidak lama yang datang mendadak utusan datang serta membawa suratnya surat dari sang Raja sudah datang di hadapannya Komandan Balengker tadi melihat gembira hatinya.

Kelihatan utusan datang dengan membawa surat kemudian datang di hadapannya perkataannya sudah ditata tuan perjalanan saya diutus menghadap sang Prabu yang berkubu di Surapringga.

Ini menjawab permintaan dalam surat segera ditanggapi tidak lama kemudian dibuka kemudian surat dibaca ini isinya bunyi suratnya dibaca.

Surat saya ini peringatan Prabu Deler di Semarang buat Johanis Pos nanti Gubernur di tanah Jawa senapati peperangan perintah dengan sang Direktur tanah pesisir sebelah timur.

Kemudian perintahkanlah abdi Komandan Balengker yang menjadi senapati yang menyambut Belambangan

alami tan ana prapta.

Tan adangu kang anangkil kasar kang duta prapta sarta amandhi surate serat saking sri nalendra wus prapta ngarsanira Kumendhan Balengker wau mulat suka manahira.

Tumingal dutanya prapti pan sarwi mundhi nawala nulya prapta ing ngarsane aturira wus tinata tuwan lampah kawula ingutus merek sang Prabu kang makuwon Surapringga.

Pan punika amangsuli matedhani punang surat sigra tinanggapanake tan antara dyan binuka yata surat winaca punika wiraosipun ungeling surat winaca.

Penget iki layang mami Prabu Deler ing Semarang karji Johanis Pos mangko Gupenur ing tanah Jawa senapati payudan urdi lawan kang dhirektur tanah pasisir bang wetan.

Pan dhawuha ingkang abdi Kumendhan Balengker sira kang dados senapatine ingkang magut Balambangan

isi surat saya
masalah kami memberi tahu
yang berbunyi dalam surat.

Sudah datang di hadapanku
isi suratmu
sangat terima kasih saya
dengan Opsir semua
semua bergembira
sungguh saya beri tahu
kepada sang Prabu Betawi.

Sangat suka melihat
saya pada pekerjaanmu
kelihatan besar gunanya
kamu jangan kuatir
menjunjung kamu
saya yang akan memberi tahu
kepada sang Prabu Betawi.

Tetapi pesan saya
Balengker kepadamu
harus diawasi kanan kirinya
biar selamat dari bahaya
jagalah sebelah timur
kalau sang Prabu Bali
pergi membuat rintangan.

Sungguh cepat kamu
memberi surat secepat
kepada Sakeber nanti
ketahuilah Belambangan
kehendak sang Raja
tinggal jadilah hutan luas
tidak urung direbut.

Dan pesan saya lagi
kalau ada orang Belambangan
berani menolak perintahnya

*wiyose surating wang
prakara sira weh weruh
kang mungel sajroning surat.*

*Wus prapta ing ngarsa mami
sarasane suratira
kalangkung tarimaning ngong
muwah Upesir sadaya
sami suka abungah
yakti ingsun aweh weruh
mring sang Prabu Batawiyah.*

*Langkung suka aningali
ingsun maring karyanira
katingal gedhe gunane
aja sira walang driya
ajunjung raganira
ingsun ingkang duwe atur
mring sang Prabu Batawiyah.*

*Nanging ta wawekas mami
Balengker marang ing sira
den awas kanan keringe
den prayatna endra baya
sukmanen ing bang wetan
manawa sang Prabu Wangsul
akarya mendra wiguna.*

*Yakti sira den agelis
asung nawala sausap
maring Sakeber mangko
wruhanira Balambangan
karsanira sri nalendra
kariya dadi alas gung
nora wande dipun rebat.*

*Lawan wekasingsun maning
yen ana wong Balambangan
mumpangkara parentahe*

pantas kamu bunuh
kalau mantri punggawa
naikkan ke perahu
kirimanlah ke Semarang.

Sudah tamat surat saya
sesungguhnya hati saya
sudah dimuat dalam surat
semua
segera Komandan berkata
topinya kemudian dibuka
tidak lama serdadu
membunyikan semua senjata.

Meriam segera dibasmi
datang suratnya sang Raja
sudah berbunyi duapuluhlima
hormat muka suratnya
Komandan segera
ramai suka minum
bergembira ria adanya.

Diceritakan setengah bulan
olehnya menata negara
sudah rata semua
di Negara Belambangan
sudah tunduk semua
hatinya semua menurut
kepada Komandan Balengker.

Yang menjadi wedana mantri
semua orang Belambangan
Ki Mas Anom bersama
saudaranya
semua diangkat
juga para kerabat
yang menjadi wedana agung
bernama Ki Mas Tepasana.

*patut sira matenana
lamun mantri punggawa
inggahena mring parahu
kirimena mring Semarang.*

*Poma titi surat mami
saesthining manahing wang
wus kawrat ing surat kabeh*

*sigra Kumendhan suwara
topine dyan binuka
tan antara saradhadhu
sanjata mungel sadaya.*

*Mariyem sigra binasmi
prapta surating narendra
sampun mungel ping selawe
urmat serating wadana
sigra Kumendhan sira
aramé suka anginum
abungah-bungah tan ana.*

*Kocapa setengah sasi
genira tata nagara
pan sampun aradin kabeh
pa Nagari Balambangan
sampun suyud sadaya
manahe samya sih lulut
dhateng Balengker Kumendhan.*

*Kang dados wadana mantri
sagunging wong Balambangan
Ki Mas Anom sakadange*


*pan sami jinunjung sira
muwah para santana
kang dados wadana agung
aran Ki Mas Tepasana.*

Adapun Ngabei Bangil
sama persis dengan Tepasana
tadinya malu hatinya
disamakan orang jahat
yang menjadi kabayan
Bekel Anti namanya
karena ikut berjuang.

Adapun Ki Wangsengsari
menjadi mantri bebas
tidak ada namanya
diceritakan rakyat desa
dengan para bekelnnya
perempuannya sudah dikerah-
kan
yang masih gadis-gadis.

*Wondene ngabehe Bangil
akembar lan Tepasana
marmane mirang manae
kinembar wong nistha ina
ingkang dados kabayan
Bekel Anti namanipun
dening wong tumut kangelan.*

*Wondene Ki Wangsengsari
kinarya mantri mardika
datan ana wadane
kocapa kang wadya desa
muwah para bekelan
estrine kinerig sampun
ingkang sami rara kenya.*



Wongah ngadhi Bapah
 acanber Jan Tepassan
 marama mung ngadhi
 isembar wong atika
 ingkang dadas kabayan
 Babel Ann namanipun
 dening wong tumah kangean

Wongah K. Wungcongari
 kange manah nangkik
 dadas ana wadane
 kucapa kang wong dadas
 manah pata belahan
 ekstrit kang naman
 ingkang samu rone kange

Wongah ngadhi Bapah
 acanber Jan Tepassan
 marama mung ngadhi
 isembar wong atika
 ingkang dadas kabayan
 Babel Ann namanipun
 dening wong tumah kangean

Wongah K. Wungcongari
 kange manah nangkik
 dadas ana wadane
 kucapa kang wong dadas
 manah pata belahan
 ekstrit kang naman
 ingkang samu rone kange

URUTAN
 96 - 742

URUTAN			
9	6	-	742